बृहस्पति
10 सितंबर, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे
समदिया मिथिला
समदिया मिथिला
भादव, कृष्ण पक्ष, त्रयोदशी, संवत् : 2083
देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 03 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

नीतीश हमरा सीएम नहि बनौलनि, पार्टीक निर्णय सं हम मुख्यमंत्री छी : सम्राट चौधरी

- एकटा पॉडकास्ट मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी नीतीश सं अपन संबंध पर खुलि कए बात केलनि

पटना, समदिया

जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू)क राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार मुख्यमंत्री पद सं त्यागपत्र देलाक बाद सम्राट चौधरी बिहार मे भारतीय जनता पार्टी (भाजपा)क पहिल मुख्यमंत्री बनलाह। भाजपा एहि पद लेल सम्राट चौधरी कें मात्र किएक चुनलक, एहि विषय पर अखन धरि तरह-तरह केर अटकलबाजी भए रहल अछि। राजनीति मे ई प्रश्न सेहो उठैत रहल जे की नीतीश कुमारक कहला पर भाजपा सम्राट चौधरी कें बिहारक सत्ताक बागडोर सौंपलक? आब स्वयं मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि प्रश्नक उत्तर देलनि अछि। मुख्यमंत्री पदक शपथ लेलाक लगभग पौने पांच मास बाद सीएम सम्राट चौधरी एनडीएक भीतरक बात सार्वजनिक कएलनि।

समाचार एजेंसी एएनआइक पॉडकास्ट मे बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे नीतीश कुमारक संबंध एनडीए सं अछि। मुदा भाजपा मे मुख्यमंत्री के बनताह, ई निर्णय पार्टीक शीर्ष नेतृत्व करैत अछि। मुख्यमंत्री स्पष्ट कएलनि जे नीतीश कुमार एनडीएक सम्मानित नेता छथि, मुदा भाजपा मे मुख्यमंत्रीक चयन पार्टीक आंतरिक विषय अछि। एहि लेल एहि संबंध मे अंतिम निर्णय भाजपाक शीर्ष नेतृत्व द्वारा लेल जाइत अछि।

सम्राट पर नीतीशक विशेष आशीर्वाद

सम्राट चौधरी नीतीश कुमार वा सहयोगी दलक कहला पर मुख्यमंत्री बनाओल गेलाक बात कें स्पष्ट रूप सं नकारलनि। हालांकि, ओ कहलनि जे नीतीश कुमारक विशेष आशीर्वाद हुनका पर पहिने सं रहल अछि आ आइयो बनल अछि। बिहारक मुख्यमंत्री बनेबाक प्रश्न पर सम्राट चौधरी कहलनि जे ओ कहियो नहि सोचने छलाह जे एहि पद पर बैसबाक अवसर हुनका भेटत। हुनकर कहब छल जे पार्टी हुनका जीवन मे बहुत किछु देलक अछि। भाजपा हुनका विधायक, विधान पार्षद, मंत्री आ उपमुख्यमंत्री बनौलक। ओ भाजपा बिहार प्रदेश अध्यक्षक दायित्व सेहो सम्हारि चुकल छथि आ विधान परिषद मे नेता सेहो रहल छथि।

नीतीश पिता समान, गुरु छथि पिता

सम्राट चौधरी नीतीश कुमार कें अभिभावक आ पिता समान बतौलनि। मुदा जखन हुनका सं पूछल गेल जे की ओ नीतीश कुमार कें अपन गुरु सेहो मानैत छथि, तखन सम्राट कहलनि जे नीतीश हुनका लेल निःसंदेह पिता तुल्य छथि, मुदा हुनकर गुरु हुनकर अपन पिता शकुनी चौधरी रहल छथि। एहि पॉडकास्ट मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं प्रशांत किशोरक संबंध मे सेहो प्रश्न पूछलनि। एहि पर सीएम कहलनि जे प्रशांत बेचारा छथि आ हुनका जे कहबाक छनि से कहय दियौन।

नीतीश सं संबंध तीत-मीठ रहल

नीतीश कुमार सं अपन संबंधक विषय मे सम्राट चौधरी कहलनि जे ओ विगत करीब 30 वर्ष सं नीतीशक संग छथि। एहि दीर्घ अवधि मे दुनूक संबंध मे तीत-मीठ दुनू तरहक परिस्थिति रहल अछि। वर्ष 2024 मे नीतीश कुमारक एनडीए मे वापसीक प्रसंग पर ओ कहलनि जे जखन पार्टी निर्णय लेलक जे जेडीयू सं गठबंधन कए बिहारक विकास लेल काज करबाक अछि, तखन ओ मजबूती सं नीतीशक संग ठाढ़ भए गेलाह।

आखिर चलि की रहल अछि? कान्हि संजय झा कहने रहथि सरकार रहय वा जाय, फरक्का पर नहि होयत समझौता

पटना : जदयूक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा कहलनि जे बिहारक पानि सं पार्टी कोनो समझौता नहि करत। बांग्लादेश संग फरक्का जल संधिक कारण 1996 सं बिहारक संग अन्याय भए रहल अछि। राज्य चारि मास बाढ़िक पानि मे डूबल रहैत अछि, मुदा जखन पानिक आवश्यकता होइत अछि तखन पानि नहि भेटैत अछि। बेगूसराय मे आयोजित फरक्का जल संधि पर नीतीश संवाद कार्यक्रम मे संजय झा कहलनि जे फरक्का बराज आ बांग्लादेश संग भेल जल संधिक नीतीश कुमार पहिनहि सं विरोध करैत रहल छथि। एहि संधिक 30 वर्षक अवधि दिसंबर 2026 मे पूरा भए रहल अछि। संजय झा कहलनि जे पानि कोनो जाति वा धर्मक विषय नहि अछि। पानि नहि रहत तं सभ वर्ग प्रभावित होयत। बिहार चारि मास बाढ़ि मे डूबल रहबाक कारण विकास, निवेश आ उद्योग पर खर्च होयबाक पाइक राशि बाढ़ि नियंत्रण आ राहति मे खर्च भए जाइत अछि। जदयू फरक्का जल संधिक नवीकरण नहि करबाक मांग कए रहल अछि। जं नवीकरण होइत अछि तं वर्ष 2050 मे बिहारक संभावित जनसंख्या, उद्योग आ सिंचाइक पानिक आवश्यकताक वैज्ञानिक आकलन कए निर्णय लेबाक मांग अछि।

एक नजरि

बख्तियारपुरक नाम बदलि नीतीशपुर करबाक मांग

पटना : बिहार सरकारक लघु जल संसाधन मंत्री आ हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा (से.) केर राष्ट्रीय अध्यक्ष डॉ. संतोष कुमार सुमन बख्तियारपुरक नाम बदलि नीतीशपुर करबाक मांग केलनि अछि। ओ सोशल मीडिया पर पोस्ट कए मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक समक्ष ई प्रस्ताव रखलनि। संतोष सुमन कहलनि जे बख्तियारपुर मात्र एकटा स्थानक नाम नहि, बल्कि बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक जन्मभूमि अछि। नीतीश कुमार बिहारक विकास, सुशासन आ सामाजिक परिवर्तन लेल दीर्घकाल धरि महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छथि। हुनकर राजनीतिक जीवनक कतेको स्मृति बख्तियारपुर सं जुड़ल अछि। मंत्री कहलनि जे जे धरती बिहार कें नीतीश कुमार सन जननेता देलक, ओकर पहिचान हुनकर नाम सं होयब उचित रहत। एहि भावनाक संग ओ बख्तियारपुरक नाम नीतीशपुर करबाक प्रस्ताव मुख्यमंत्रीक समक्ष राखलनि। संतोष सुमनक पोस्टक बाद बिहारक राजनीति मे नाम परिवर्तन कें लए कए नव चर्चा शुरू भए गेल अछि।

अररिया-गलगलिया नव रेल लाइनक कपलिंग टूटल, माटि बहल

- साल भरि पहिने 4410 करोड़क लागति सं बनल रेललाइनक हलका बरखा मे खुजल पोल

अररिया, समदिया

अररिया जिला मे करीब एक वर्ष पहिने शुरू भेल 4,410 करोड़ रुपैयाक लागति सं बनल अररिया-गलगलिया नव रेललाइनक निर्माणक गुणवत्ता पर पहिले बरख गंभीर प्रश्न उठि गेल अछि। अररिया-कटिहार रेलखंडक अंतर्गत आबयबला अररिया-गलगलिया रेलखंड पर अररिया कोर्टक हृदयपुर वार्ड संख्या-7 स्थित बीआर-5 पुल लग माटिक कटाव भेल अछि।

पुलक एंबैंकमेंट आ सपोर्टर लग सं माटि बहि गेलाक कारण रेलपटरी सं मात्र दू हाथक दूरी पर गहींर रेन कट बनि गेल अछि। ओतहि कैपलिंग मे सेहो दरार पड़ि गेल अछि। पटरीक नीचां आ लगपासक माटि खिसकलाक कारण स्थानीय लोक मे कोनो पैघ रेल दुर्घटना होयबाक आशंका

बढ़ि गेल अछि।

एतेक पैघ बजटबला राष्ट्रीय परियोजना मे सामान्य बरखा मे एहि तरहक क्षति भेला सं निर्माणक गुणवत्ता पर गंभीर सवाल उठल अछि। स्थानीय निवासी अमित शाह आ भूपेन यादवक कहब अछि जे एक वर्षक भीतर पुलक कैपलिंग मे दरार पड़नाइ आ माटि बहनाइ निर्माण मे लापरवाहीक परिणाम अछि। जं तत्काल मरम्मत नहि कएल गेल, तं ट्रेन गुजरबाक समय ढांचा धंसबाक खतरा रहत।

वार्ड संख्या-7क पार्षद श्याम कुमार मंडल कहलनि जे रेलपटरी सं मात्र दू हाथक दूरी पर एतेक पैघ रेन कट कोनो पैघ दुर्घटना कें आमंत्रण दए रहल अछि। हुनकर कहब अछि जे रेल प्रशासन कें एहि मामिला पर तत्काल ध्यान देबाक चाही।

निर्माण कार्य सं जुड़ल तकनीकी जानकारक अनुसार, रेल पुलक एंबैंकमेंट वा सपोर्टर सं माटिक कटाव भेला सं पूरा ढांचाक भार सहबाक क्षमता प्रभावित भए सकैत अछि। माटि हटला सं पुलक सपोर्टर पर असमान दबाव पड़ैत अछि, जाहि सं कैपलिंग टूटबाक खतरा रहैत अछि। रेन कट बनल क्षेत्र मे ट्रेनक तेज गति आ कंपनक कारण पटरी अनचोके नीचां धंसि सकैत अछि।

निर्माणक गुणवत्ता पर उठल प्रश्न

रेललाइन शुरू भेलाक महज एक वर्षक भीतर सामान्य बरखा मे एहि तरहक कटाव भेला सं सॉयल टेस्टिंग आ माटिक कंपैक्शन मे भारी लापरवाहीक आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि। स्थानीय लोक अररिया-गलगलिया रेलखंडक सभ पुल आ एंबैंकमेंटक सुरक्षा जांच करबाक मांग केने छथि। लोकक मांग अछि जे घटिया निर्माण लेल जिम्मेदार ठेकेदार आ दोषी रेल अधिकारी सभ पर कड़ा कारबाइ कएल जाए। संगहि, खानापूर्तिक बदला कंक्रीट आ रोड़ीक उपयोग कए स्थायी आ मजबूत एंबैंकमेंट बनाओल जाए, जाहि सं भविष्य मे एहि तरहक खतरा नहि उत्पन्न हो।

की कहलनि डीसीएम?

अररिया-कटिहार रेलखंडक डीएसीएम अनूप सिंह कहलनि जे मामिलाक जानकारी हुनका भेटल अछि। प्रभावित स्थल निरीक्षण कए शीघ्र मरम्मत कार्य शुरू कराओल जायत।

घटि रहल अछि पानि मुदा संकट अछि कायम

14 जिला मे 40 लाख सं बेसी लोक प्रभावित

पटना, समदिया

बिहार मे बाढ़िक स्थिति मे बुधदिन किछु सुधार देखल गेल अछि। राज्यक कतेको प्रमुख नदीक जलस्तर घटि रहल अछि मुदा गंगा, कोसी, पुनपुन, बागमती, गंडक सहित कतेको नदी एखनहुं खतरा वा चेतावनी स्तर सं ऊपर बहि रहल अछि। सरकारी जलस्तर निगरानीक टटका आंकड़ा अनुसार पटना मे गंगा आ पुनपुनक जलस्तर घटैत अछि, जखन कि मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे बागमती सेहो घटबाक क्रम मे अछि।

पटना क्षेत्र मे गंगाक जलस्तर मे कमी दर्ज भेल अछि। गांधीघाट आ दीघाघाट दुनू ठाम जलस्तर घटल अछि। पुनपुन नदी सेहो श्रीपालपुर मे घटि रहल अछि। एहि कारण पटना मे तत्कालिक रूप सं किछु राहतक उम्मीद बनल अछि। हालांकि, दुनू नदीक जलस्तर एखनहुं खतराक निशान सं ऊपर अछि। मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे बागमतीक जलस्तर घटबाक क्रम मे अछि। कोसीक बसुआ मे सेहो जलस्तर घटल अछि, मुदा ओ चेतावनी स्तर सं ऊपर अछि। गंडकक लालगंज मे सेहो जलस्तर घटल अछि, मुदा खतरा स्तर सं ऊपर बहि रहल अछि।

मुजफ्फरपुरक युवक अफ्रीका मे तीन मास सं अछि फंसल

- रोजी-रोजीक जोगाड़ मे अफ्रीकाक सेनेगल देश गेल रहय उमाकांत
- कंपनी पासपोर्ट-वीजा राखि लेलक, वेतन सेहो रोकलक

मुजफ्फरपुर, समदिया

पश्चिमी अफ्रीकी देश सेनेगलक राजधानी डकार मे काज करबाक लेल गेल मुजफ्फरपुरक एक युवक कथित रूप सं कंपनी मालिकक चंगुल मे फंसल छथि। कुढ़नी थाना क्षेत्रक कोठिया गाम निवासी उमाशंकरक आरोप अछि जे कंपनी मालिक हुनकर पासपोर्ट आ वीजा अपना लग राखि लेने छथि। वेतन नहि देल जा रहल अछि आ घर घुरबाक बात कहला पर माइरपीट तथा जेल पठेबाक धमकी देल

जाइत अछि। परिजनक अनुसार उमाशंकर सं प्रतिदिन करीब 12 घंटा काज कराओल जाइत अछि। हुनकर पत्नी चांदनी देवी केंद्रीय मंत्री सह सांसद डॉ. राजभूषण निषाद आ विदेश मंत्रालय कें पत्र पठा पति कें सुरक्षित भारत आनबाक लेल हस्तक्षेपक गोहारि केलनि अछि। 60 हजार रुपैया मासिक वेतनक आश्वासन पर उमाशंकर 17 मई कें डकार पहुंचल छलाह। मुदा ओतय कंपनी मालिक 30 हजार रुपैया मासिक वेतनक करार करौलनि। उमाशंकरक कहब अछि जे ओ 19 मई सं हेचरी मे काज कए रहल छथि। उमाशंकर आरोप लगौलनि जे बेमारीक अवस्था मे सेहो हुनका सं करीब 12 घंटा काज कराओल जाइत अछि। कंपनी मे भोजन-पानिक व्यवस्था सेहो ठीक नहि अछि।

एनआइएक छापा : 20 लाख नगद आ 45 लाखक सोनाक गहना बरामद

पटना : पटना मे तीन दिनक भीतर दोसर बेर एनआइए छापेमारी केने अछि। बुधदिन भोर मे जांच एजेंसीक आठ सदस्यीय दल चित्रगुप्त नगरक साईं कुसुम इनफिनिटी अपार्टमेंट पहुंचल। फ्लैट संख्या 1206 आ 609 मे तलाशी लेल गेल। दुनू फ्लैट संदीप नाम सं लेल गेल अछि। एनआइए सूत्रक अनुसार, तलाशी मे 20 लाख सं बेसी नगद आ करीब 40 सं 45 लाख रुपैयाक सोनाक गहना भेटल अछि। एसटीएफक दल कें सेहो बजाओल गेल अछि। बताओल जा रहल अछि जे ई कारबाइ रांची मे आरएसएस कार्यालय पर भेल बम हमला सं जुड़ल अछि। एहि मामिला मे दिल्ली सं एक आरोपित गिरफ्तार भेल छल आ हुनकर निशानदेही पर एनआइएक दल पटना पहुंचल।सदर एसडीपीओ-1 मनोज कुमार कहलनि जे एनआइए कें भेटल इनपुटक आधार पर संदीपक दुनू फ्लैट मे तलाशी लेल जा रहल अछि।

बहादुरपुर बीडीओक 16 बैंक खाता कें ईओयू केलक फ्रीज

ईओयूक दावा, 1.71 करोड़ सं बेसी संपत्ति अवैध ढंग सं अर्जित केने छथि बीडीओ आनंद कुमार

दरभंगा, समदिया

बहादुरपुर प्रखंडक प्रखंड विकास पदाधिकारी (बीडीओ) डॉ. आनंद कुमार विभूतिक ठिकाना पर 8 सितंबर कें आर्थिक अपराध इकाइ (ईओयू) द्वारा कएल गेल छापामारीक बाद आब जांच सं जुड़ल कतेको महत्वपूर्ण तथ्य सामने आएल अछि। ईओयूक अनुसार, बीडीओक ज्ञात आयक स्रोतक तुलना मे 1 करोड़ 71 लाख 84 हजार रुपैया सं बेसी संपत्तिक प्रथम दृष्टया प्रमाण भेटल अछि। ई संपत्ति ज्ञात आयक स्रोत सं करीब 121.87 प्रतिशत बेसी बताओल गेल अछि। एहि आधार पर ईओयू मे हुनका विरुद्ध आय सं बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला दर्ज अछि।

ईओयूक अलग-अलग टीम 8 सितंबरक भोर मे बीडीओक दरभंगा, मुजफ्फरपुर, पटना आ पूर्वी चंपारण

स्थित कुल पांच ठिकाना पर एकहि समय तलाशी शुरू कएलक। दरभंगा मे बहादुरपुर प्रखंड कार्यालय आ सैदनगरक जनकपुरी मोहल्ला स्थित किरायाक आवास पर छापा पड़ल। मुजफ्फरपुरक अहियापुर स्थित निजी आवास, पटना मे दानापुरक आशापुर स्थित फ्लैट तथा पूर्वी चंपारणक चिरैया थाना क्षेत्रक लालबेगिया स्थित पैतृक आवास पर सेहो कारबाइ भेल।

दरभंगाक आवास सं भेटल महत्वपूर्ण पेपर

ईओयूक डीएसपी मिथिलेश कुमार जायसवालक अनुसार, जनकपुरी स्थित आवासक तलाशी मे विभिन्न बैंकक एटीएम कार्ड, महत्वपूर्ण कागजात आ नामी कंपनीक आभूषणक खरीद सं संबंधित बिल-रसीद बरामद भेल। बीडीओक पत्नी घर मे उपस्थित छलीह, मुदा बीडीओ स्वयं छापामारीक समय आवास पर नहि छलाह। ईओयू टीम हुनका कतेको बेर उपस्थित हेबा लेल कहलनि, मुदा ओ नहि अयलाह। दरभंगाक आवास आ कार्यालय मे चलल तलाशी करीब सात घंटा धरि जारी रहल।

एकटा लॉकरक जांच अखन अछि बांकी

छापामारीक बाद जांच मे बीडीओ आ हुनकर परिवारक नाम पर 16 बैंक खाताक जानकारी भेटबाक बात सामने आएल अछि। ई सभ खाता फ्रीज कएल गेल अछि। एकटा बैंक लॉकरक सेहो जानकारी भेटल अछि, जकर जांच एखन बांकी अछि। संपत्ति सं संबंधित पेपरक जांच मे परिवारक नाम पर किछु संपत्ति आ दोसर लोकक नाम पर जमीनक दस्तावेज भेटबाक दाबी सेहो कएल गेल अछि।

आगू बढ़त जांच

ईओयू द्वारा बरामद पेपर, बैंक खाता, लॉकर आ संपत्तिक विस्तृत जांच कएल जा रहल अछि। प्रारंभिक जांच मे जे तथ्य सामने आएल अछि, ओकर आधार पर अवैध अथवा आय सं बेसी संपत्तिक वास्तविक परिमाण आगांक अनुसंधानक बाद स्पष्ट भए सकैत अछि।

बिहारक स्कूलक सुरक्षा बढ़त लागत सीसीटीवी कैमरा

राति मे तैनात रहताह सुरक्षा प्रहरी

पटना, समदिया

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारीक अध्यक्षता मे मंगल कें शिक्षा विभागक समीक्षा बैठक भेल। एहि बैठक मे स्कूलक सुरक्षा, आधारभूत संरचना, बच्चाक आधार कार्ड, मॉडल स्कूलक प्रधानाध्यापकक प्रशिक्षण शिविर आ शैक्षणिक योजनाक प्रगतिक समीक्षा कएल गेल।

शिक्षा मंत्री कहलनि जे स्कूल मे राति प्रहरी तैनात कएल जाएत आ सीसीटीवी कैमरा सेहो लगाओल जाएत। शिक्षा क्षेत्र मे आधारभूत संरचनाक विकास लेल राज्य सरकारक अन्य विभाग सं समन्वय स्थापित कएल जाएत।

जनप्रतिनिधि सभ सं स्कूल सं संबंधित भेटल आवेदन कें जिला शिक्षा पदाधिकारी तत्काल शिक्षा विभाग कें पठौताह, जाहि सं एहि पर शीघ्र कारबाइ कएल जा सकय।

स्कूल मे रात्रि प्रहरी नियुक्त करबाक शुरूआत सरस्वती विद्या निकेतनक रूप मे विकसित कएल जा रहल मॉडल स्कूल सं होयत। स्कूलक सुरक्षा लेल उच्च स्तरक सुरक्षा एजेंसीक गार्ड तैनात कएल जाएत। स्कूली बच्चाक आधार कार्ड नहि बनलाक मामिला पर शिक्षा मंत्री नाराजगी व्यक्त कएलनि आ अधिकारी सभ कें शीघ्र समाधान सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। बैठक मे बक्सर मे गुरुकुलम विद्यापीठ लेल पांच एकड़ जमीन उपलब्ध होयबाक जानकारी देल गेल।

भवन निर्माण सं पहिने विभागीय अधिकारी आ अभियंता बेंगलुरु स्थित सत्य साई आश्रम आ आर्ट ऑफ लिविंगक गुरुकुलक निरीक्षण करताह।

ज्ञान भवन मे 700 मॉडल स्कूलक प्रधानाध्यापकक प्रशिक्षण शिविरक तैयारीक समीक्षा सेहो कएल गेल। एहि शिविर मे ह्यशिक्षक समाधान पोर्टलह्ण आ ह्यमेरा विद्यालय-मेरा स्वाभिमान पोर्टलह्णक शुभारंभ कएल जाएत।

शिविरक उद्घाटन एहि मासक 18 तारीख कें मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी करताह। बैठक मे ह्य25 करोड़ सपना, सेवा एवं संकल्पह्ण प्रतियोगिता, आर्ट ऑफ लिविंग आ एससीईआरटीक संग एमओयू, शिक्षक सभक गूगल रजिस्ट्रेशन तथा गूगल प्रतिनिधि सभक संग 9 सितंबर कें प्रस्तावित बैठकक तैयारीक सेहो समीक्षा कएल गेल।

संस्कृत आ मदरसा शिक्षक सभक अगस्त धरि वेतन भुगतानक जानकारी देल गेल। वित्तरहित शिक्षकक मामिला मे वित्त विभाग सं वार्ताक बाद निर्णय लेबाक बात कहल गेल। सातम वेतनमान, नियोजित शिक्षकक नियमावली मे बदलाव आ शिक्षा क्षेत्र मे सीएसआरक माध्यम सं सहयोगक प्रस्ताव पर सेहो चर्चा भेल।

दीवाली-छठि पर हवाई किराया आसमान छू रहल, दिल्ली सं बिहारक टिकट भेल महग

पटना, समदिया

त्योहारक मौसिम मे घर लौटबाक इच्छा राखनिहार यात्रि कें हवाई यात्रा लेल सामान्य सं डेढ़ सं दू गुना धरि बेसी किराया चुकाबय पड़ि रहल अछि।

त्योहार मे हवाई किराया सामान्य दिनक तुलना मे डेढ़-दू गुना धरि बढ़ि गेल अछि। दिल्ली सं पटना, दरभंगा आ रांची लेल टिकट महंग भए गेल अछि। छठक दौरान बिहार लौटबाक लेल हवाई टिकट आओर महंग होयबाक संभावना अछि।

त्योहारक मौसिम मे घर लौटबाक चाहत आब यात्रिकक जेब पर भारी पड़य लागल अछि। ट्रेन मे कन्फर्म टिकट लेल संकट बढ़लाक बाद आब हवाई किराया मे सेहो तेजी देखल जा रहल अछि।

दीपावली आ छठक आसपास दिल्ली सं बिहार सहित कतेको प्रमुख शहर लेल विमानक किराया सामान्य दिनक तुलना मे डेढ़ सं दू गुना धरि बढ़ि गेल अछि। मांग बढ़लाक संग आगू किराया मे आओर वृद्धि होयबाक संभावना अछि।

दिल्ली सं पटना आबय बला यात्रि कें त्योहारक समय बेसी राशि खर्च करय पड़ि सकैत अछि। 5 नवंबर कें एहि रूट पर हवाई टिकट करीब 8,391 रुपैया मे उपलब्ध अछि। 6 नवंबर कें किराया बढ़ि कए करीब 9,231 रुपैया आ 7 नवंबर कें 9,546 रुपैया धरि पहुंचि गेल अछि।

सामान्य दिन मे दिल्ली-पटना हवाई यात्रा लेल किराया करीब 5,500 रुपैया रहैत अछि। अर्थात त्योहारक दिन मे यात्रि कें सामान्य किराया सं बहुत बेसी भुगतान करय पड़ि रहल अछि।

दिल्ली सं दरभंगा जाएबला उड़ान पर सेहो त्योहारक असर देखाइत अछि। सामान्य दिन मे करीब 5,700 रुपैया रहनिहार किराया 5 नवंबर कें 6,268 रुपैया, 6 नवंबर कें 7,318 रुपैया आ 7 नवंबर कें करीब 13,601 रुपैया धरि पहुंचि गेल अछि।

ओहि तरहे दिल्ली-रांची रूट पर सामान्य किराया करीब 6,000 रुपैया अछि, जे 5 नवंबर कें 10,619 रुपैया आ 6 नवंबर कें 9,983 रुपैया धरि पहुंचि गेल। 7 नवंबर कें ई करीब 6,771 रुपैया रहल।

तेजस्वी यादव केलनि पीडीएस विक्रेताक आठ सूत्री मांगक समाधानक मांग

सीएम सम्राट चौधरी कें लिखलनि पत्र

पटना, समदिया

बिहार विधानसभा मे विपक्षी दलक नेता तेजस्वी यादव मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कें पत्र लिखि राज्यक जन वितरण प्रणाली (पीडीएस) विक्रेताक आर्थिक आ प्रशासनिक समस्या दूर करबाक मांग कएलनि। ओ कहलनि जे पीडीएस विक्रेता कठिन परिस्थिति मे लाखो गरीब आ जरूरतमंद परिवार धरि खाद्यान्न पहुंचेबाक महत्वपूर्ण काज करैत छथि, मुदा बहुत दिन सं हुनकर जायज मांगक अनदेखी कएल जा रहल अछि।

तेजस्वी यादव पत्र मे कहलनि जे रिकॉर्डतोड़ महंगाई, बढ़ैत प्रशासनिक कठिनाइ, कमीशनक भुगतान मे देरी आ तकनीकी समस्या कारण पीडीएस विक्रेता सभक सामने गंभीर आर्थिक संकट पैदा भए गेल अछि। हुनका सरकार सं आठ सूत्री मांग पर तत्काल आ समयबद्ध निर्णय लेबाक आग्रह कएलनि।

विपक्षी दलक नेता गुजरातक तर्ज पर पीडीएस विक्रेता कें न्यूनतम 30 हजार रुपैया प्रतिमाह निश्चित मानदेय देबाक मांग कएलनि। संगहि झारखंडक तर्ज पर अनुकंपा नियुक्तिक समय-सीमा समाप्त कए पात्र आश्रित कें अनुकंपाक आधार पर नियुक्ति देबाक प्रावधान लागू करबाक मांग सेहो कएलनि।

हुनका पिछला छह मास सं एक वर्ष धरि लंबित कमीशनक तत्काल भुगतान करबाक मांग करैत कहलनि जे कमीशन लंबित रहला सं हजारो पीडीएस विक्रेता आ हुनकर परिवारक सामने गंभीर आर्थिक संकट उत्पन्न भए गेल अछि। तेजस्वी यादव विधानसभा चुनाव सं पहिने पीडीएस विक्रेताक कमीशन मे 47 रुपैयाक वृद्धि करबाक घोषणा सेहो उल्लेख कएलनि। ओ कहलनि जे जं बढ़ल राशि एखन धरि भुगतान नहि भेल अछि तं एकरा तत्काल प्रभाव सं लागू कए बकाया राशिक भुगतान कराओल जाए।

हुनका बिहार राज्य खाद्य निगमक गोदाम मे कथित भ्रष्टाचार, अनियमितता आ घटतौलीक शिकायत पर कठोर कारबाइक मांग कएलनि। संगहि माप-तौल, घटतौली, ई-पॉस मशीन, सर्वर आ अन्य तकनीकी समस्या कें रियल टाइम आधार पर समाधान करबाक व्यवस्था सुनिश्चित करय लेल कहलनि, जाहि सं एकर खामियाजा विक्रेता आ लाभुक कें नहि भुगतय पड़य।

विपक्षी दलक नेता पीडीएस विक्रेता पर अनावश्यक प्रशासनिक दबाव आ दंडात्मक कारबाइ रोकबाक तथा जिला आ प्रखंड स्तर पर प्रभावी शिकायत निवारण व्यवस्था बनेबाक मांग कएलनि। हुनका सरकार, विभागीय अधिकारी आ फेयर प्राइस डीलर्स एसोसिएशनक प्रतिनिधि सभक बीच नियमित त्रिपक्षीय बैठक आयोजित करबाक सुझाव सेहो देलनि। तेजस्वी यादव उम्मीद व्यक्त कएलनि जे बिहार सरकार पीडीएस विक्रेताक मांग पर संवेदनशीलता आ गंभीरता सं विचार करैत शीघ्र ठोस निर्णय लेत। हुनका पत्रक प्रति सोशल नेटवर्किंग साइट एक्स पर सेहो पोस्ट केने छथि।

भोर 9 सं सांझ 5 बजे धरि अस्पताल मे रहनाइ जरूरी

पीएमसीएचक डॉक्टर पर स्वास्थ्य विभाग सख्त

इमरजेंसी मे करय पड़त 2 बेर राउंड

पटना, समदिया

पटना मेडिकल कॉलेज एवं अस्पताल (पीएमसीएच) मे व्यवस्था कें चुस्त-दुरुस्त करबाक आ रोगी कें सहज उपचार उपलब्ध करेबाक उद्देश्य सं स्वास्थ्य विभाग कतेको पैघ निर्णय लेने अछि।

आब पीएमसीएचक सभ डॉक्टर कें राष्ट्रीय आयुर्विज्ञान आयोग (एनएमसी)क मानकक अनुरूप प्रतिदिन भोरे 9 बजे सं सांझ 5 बजे धरि अनिवार्य रूप सं अस्पताल मे उपस्थित रहय पड़त। एकरा संगहि डॉक्टरक कमी कें शीघ्र दूर करबाक लेल विभाग अधीक्षक सं चर्चा कए रिक्त पदक सूची भेजबाक निर्देश देलक अछि। मंगल कें स्वास्थ्य विभागक सचिव कुमार रवि, विशेष सचिव अरविंद वर्मा आ बीएमएसआईसीएलक प्रबंध निदेशक सुब्रत सेन पीएमसीएच परिसरक औचक निरीक्षण कएलनि। एहि दौरान आपातकालीन सेवा कें आओर मजबूत बनेबाक लेल अधिकारी सभ सख्त रुख अपनौलनि। जाहि यूनिट मे इमरजेंसी वार्ड चलि रहल अछि, ओतय तैनात डॉक्टर कें प्रतिदिन कम-सं-कम दू बेर रोगीक अनिवार्य रूप सं राउंड कए हुनकर स्वास्थ्य स्थितिक जांच करय पड़त। एहि सं गंभीर रोगीक नीक उपचार सुनिश्चित भए सकत।

डॉक्टरक रिक्त पद शीघ्र भरबाक तैयारी

पीएमसीएच मे डॉक्टरक कमी कें दूर करबाक लेल स्वास्थ्य विभाग ठोस योजना तैयार केने अछि। सचिव अस्पतालक अधीक्षक सं विचार-विमर्श कए डॉक्टरक सभ खाली पदक अधियाचना (रिक्ति सूची) तुरंत विभाग कें भेजबाक आदेश देलनि। स्वास्थ्य सचिव नव ओपीडी, पंजीकरण काउंटर आ दवाइ वितरण केंद्रक प्रगति सेहो देखलनि। निर्माण एजेंसी एलएंडटी आ बीएमएसआईसीएलक प्रतिनिधि सभ कें स्पष्ट निर्देश देल गेल जे निर्माण काज मे सुरक्षा, गुणवत्ता आ समय-सीमाक शत-प्रतिशत पालन होमय चाही।

बैठक मे विशेष सचिव सह आयुष्मान भारत योजनाक प्रभारी अरविंद वर्मा निर्देश देलनि जे आयुष्मान भारत योजना कें सुचारू रूप सं चलाबय लेल अस्पताल मे शीघ्र कुशल आयुष्मान मित्रक तैनाती कएल जाएत। ई आयुष्मान मित्र रोगीक सहायता करताह। एकर अतिरिक्त डॉक्टर आ कर्मी कें योजनाक तकनीकी पक्षक जानकारी देबाक लेल विशेष कार्यशाला आयोजित कएल जाएत। दवाक आपूर्ति मे आबि रहल समस्या कें शीघ्र दूर करबाक लेल अमृत फार्मा सं नीक तालमेल स्थापित करबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि।

राज्य मे 400 पीजी-लॉज आ हॉस्टल बिना रजिस्ट्रेशनक

सरकार जिलाधिकारी कें देलक सख्त कारबाइक निर्देश

पटना, समदिया

दिल्ली मे हॉस्टलक भवन खसबाक घटनाक बाद बिहार सरकार राज्य मे बिना रजिस्ट्रेशन चलि रहल पीजी, लॉज आ हॉस्टलक विरुद्ध कारबाइ तेज कए देलक अछि। सरकार एहन सभ संस्थानक जांच करबाक आ हुनका विरुद्ध सख्त कारबाइ करबाक निर्देश देलक अछि।

बिहारक एडीजी केएस अनुपमक अनुसार एहि संबंध मे राज्यक सभ जिलाधिकारी कें पत्र पठा देल गेल अछि। ओ कहलनि जे पटना हाई कोर्टक निर्देश बाद पीजी, लॉज आ हॉस्टलक जांच लेल एकटा मॉनिटरिंग टीम गठित कएल गेल छल। टीम राज्यक विभिन्न जिला मे जा कए एहि संस्थान सभक जांच केने छल आ अपन रिपोर्ट सरकार कें सौंपि देलक। एहि रिपोर्टक आधार पर आब कारबाइ कएल जा रहल अछि। पटना सहित पूरा बिहार मे जर्जर हॉस्टल आ निजी लॉजक समस्या प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी कएनिहार छात्र सभ लेल गंभीर चिंता बनल अछि। पटना मे बोरिंग रोड, कंकड़बाग, अशोक राजपथ आ नया टोला जेकां प्रमुख कोचिंग क्षेत्र मे हजारो छात्र खराब आ असुरक्षित परिस्थिति मे रहय लेल मजबूर छथि। सरकार एहि सभक जांचक निर्देश देलक अछि।

एकटा सर्वेक्षणक अनुसार बिहार मे कुल 6,383 कोचिंग संस्थान चलि रहल अछि। एहि मे अकेले पटना मे 1,256, मुजफ्फरपुर मे 578 आ गया मे 428 कोचिंग संस्थान अछि। ओतहि, एकटा अनुमानक मुताबिक मात्र पटना मे छात्र सभक लॉज आ हॉस्टलक सालाना कारोबार करीब 1,500 सं 2,000 करोड़ रुपैया धरि अछि। ई पूरा कारोबार मुख्य रूप सं बीपीएससी, यूपीएससी, एसएससी, रेलवे आ बैंकिंग जेकां प्रतियोगी परीक्षा लेल तैयारी कएनिहार बिहार आ झारखंडक लाखो छात्र पर निर्भर अछि। एडीजी केएस अनुपमक मुताबिक जांचक दौरान एखन धरि करीब 400 एहन पीजी, लॉज आ हॉस्टलक पहचान कएल गेल अछि, जे बिना रजिस्ट्रेशन चलि रहल अछि। एकर पूरा सूची संबंधित जिलाक जिलाधिकारी कें पठा देल गेल अछि आ नियमानुसार सख्त कारबाइक निर्देश देल गेल अछि।

हुनका बतौलनि जे जांच मे जे पीजी, लॉज आ हॉस्टल निर्धारित मानकक अनुरूप भेटल अछि, मुदा हुनकर रजिस्ट्रेशन नहि अछि, हुनका पर जुर्माना लगेलाक बाद रजिस्ट्रेशन करबाक प्रक्रिया अपनाओल जा रहल अछि। ओतहि, जे संस्थान नियमक पालन नहि करैत भेटत, हुनकर विरुद्ध कारबाइ कएल जाएत।

राजगीर, पटना आ बांका मे बनत फिल्म सिटी

बिहार बनत देशक अगिला सिनेमा हब

पटना, समदिया

बिहार कें देशक प्रमुख फिल्म निर्माण हबक रूप मे विकसित करबाक दिशा मे राज्य सरकार प्रयास तेज कए देलक अछि। पटना मे आयोजित एकटा कार्यक्रमक दौरान सरकार राज्य मे एकटा भव्य फिल्म सिटी आ अभिनय तथा तकनीकी शिक्षा देनिहार फिल्म इंस्टीट्यूटक निर्माण कें प्रशासनिक स्वीकृति दए देलक अछि। एहि घोषणाक बाद परियोजना कें धरातल पर उतारबाक काज मे तेजी आएल अछि। परियोजना कें गति देबाक लेल सरकार फिल्म उद्योग सं जुड़ल कलाकार आ फिल्म निमार्ता सभ सं उपयुक्त स्थानक चयन लेल सुझाव मांगलक अछि। प्रशासनिक स्तर पर कतेको संभावित स्थल पर विचार-विमर्श आ निरीक्षण सेहो कएल जा चुकल अछि। पटना (पुनपुन नदीक तट): राजधानी पटना लग पुनपुन नदीक किनार स्थित क्षेत्र पर प्रमुखता सं विचार कएल जा रहल अछि। राजगीर: पहिने राजगीर मे भूमि चिह्नित करबाक आ शिलान्यासक प्रक्रिया शुरू भेल छल। बांका (ओढ़नी जलाशय): प्राकृतिक दृश्य सं भरल बांका जिलाक ओढ़नी जलाशय क्षेत्र कें सेहो संभावित स्थलक रूप मे परखल जा रहल अछि। एकरा संगहि राज्य मे फिल्मक शूटिंग प्रक्रिया कें आसान बनेबाक लेल ह्यसिंगल विंडो सिस्टमह्ण लागू कएल गेल अछि।

बिहार मे प्राकृतिक खेती लेल 4,415 करोड़ रुपैया खर्च करत सरकार

11 प्रखंडक किसान कें होयत लाभ

पटना, समदिया

सिंचाई सुविधाक आधुनिकीकरण, जल संसाधनक नीक प्रबंधन आ बाढ़ि तथा कटाव सं निपटबाक क्षमता कें मजबूत करबाक उद्देश्य सं सिंचाई आधुनिकीकरण परियोजनाक क्रियान्वयन कएल जा रहल अछि।

एहि क्रम मे विश्व बैंक आ सरकारक संयुक्त सहभागिता सं 11 प्रखंड मे 4,415 करोड़ रुपैया खर्च कए जलवायु अनुकूल खेती कें बढ़ावा देबाक तैयारी अछि। कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे एहि परियोजना मे 70 प्रतिशत राशि विश्व बैंक आ 30 प्रतिशत राशि सरकारक सहभागिता सं होयत।

कृषि मंत्री कहलनि जे बदलैत जलवायु परिदृश्य मे कृषि कें बेसी सक्षम, टिकाऊ आ खतरा सं लड़बाक क्षमता बला बनौनाइ समयक आवश्यकता अछि।

एकरा लेल जल संसाधनक वैज्ञानिक प्रबंधन, आधुनिक सिंचाई सुविधाक विस्तार आ किसान कें जलवायु अनुकूल कृषि तकनीक सं जोड़नाइ आवश्यक अछि।

एहि उद्देश्य सं जल संसाधन विभाग, कृषि विभाग आ ग्रामीण विकास विभागक संयुक्त प्रयास सं परियोजनाक विभिन्न घटकक प्रभावी क्रियान्वयन कएल जा रहल अछि।

पहिल घटक मे सिंचाई प्रणालीक पुनर्वास आ आधुनिकीकरण, सिंचाई सेवाक संचालन आ रखरखाव, जलवायु अनुकूल खेती, प्रशिक्षण आ क्षमता विकास पर जोर देल जाएत।

घटक-2क अंतर्गत तटबंध आ नदीक किनार कें मजबूत करबाक संगहि बाढ़ि आ कटाव प्रबंधन लेल नील आ हरित बुनियादी ढांचा समाधान कें बढ़ावा देल जाएत।

घटक-3क अंतर्गत मानव संसाधनक क्षमता कें मजबूत करबाक, जल विज्ञान आ कृषि सूचना सहायता केंद्र (एफएमआईएससी) कें मजबूत करबाक, बिहार राज्य जल नीति तैयार करबाक आ बिहार राज्य जल नियामक प्राधिकरणक गठनक दिशा मे काज कएल जाएत।

ओतहि, घटक-4क अंतर्गत परियोजनाक प्रभावी क्रियान्वयन, निगरानी आ मूल्यांकन तथा वित्तीय प्रबंधन सुनिश्चित कएल जाएत।

कृषि मंत्री बतौलनि जे परियोजनाक अंतर्गत जलवायु अनुकूल कृषि (सीआरए) गतिविधि लेल कमांड क्षेत्रक आधार पर कुल 11 प्रखंड कें चिह्नित कएल गेल अछि। एहि मे सोन पश्चिमी कमांड क्षेत्रक रोहतास, बक्सर आ कैमूर, कोसी कमांड क्षेत्रक मधुबनी आ गोपालगंज तथा सारण कमांड क्षेत्रक सिवान जिला सं संबंधित प्रखंड शामिल अछि।

बाढ़िक पानि मे स्नान करबाक दौरान फल विक्रेताक डूबि कए मृत्यु

गोताखोर सभ शव कें बाहर निकाललनि, घर मे मचल कोहराम

विद्यापतिनगर, समदिया

बाया नदी मे आयल बाढ़ि आब जानलेवा साबित होमय लागल अछि। बुधदिन भोर थाना क्षेत्रक बढ़ौना घाट पर तखन चीख-पुकार मचि गेल, जखन स्नान करबाक लेल गेल 60 वर्षीय महेंद्र महतो अनचोके गहीर पानि मे चलि गेलाह आ डूबि गेलाह। बहुत तलाशक बाद स्थानीय गोताखोर सभ हुनकर शव नदी सं बाहर निकाललनि। घटना खबरि भेटिते परिवार मे कोहराम मचि गेल। स्वजनक रो-रो कए बुरा हाल अछि। मृतकक पहचान बढ़ौना गामक वार्ड संख्या-7 निवासी महेंद्र महतोक रूप मे भेल अछि। ओ बढ़ौना घाट पर वर्षो सं फल दोकान चलबैत छलाह। स्थानीय लोकक अनुसार, बुधदिन भोर करीब आठ बजे ओ स्नान करबाक लेल बाया नदीक घाट पर पहुंचल छलाह। नदी मे बाढ़िक पानि रहबाक कारण सामान्य दिनक अपेक्षा जलस्तर बहुत बेसी छल। स्नान करबाक दौरान ओ पानिक गहीर हिस्सा मे चलि गेलाह आ डूबि गेलाह।

महेंद्र महतोक डूबबाक जानकारी भेटिते घाट पर मौजूद लोक सभ शोर मचाबय लगलाह। किछुए देर मे आसपासक ग्रामीण घटनास्थल पर जुटि गेलाह। बाढ़िक पानिक गहिराइ आ तेज बहावक कारण तत्काल हुनकर कोनो पता नहि चलि सकल। तकर बाद स्थानीय गोताखोर सभ कें बजाओल गेल। गोताखोर सभ नदी मे उतरि बहुत देर धरि तलाश कएलनि। बहुत मशक्कतक बाद हुनकर शव नदी सं बाहर निकालल गेल। शव घाट पर पहुंचैत स्वजनक चीख-पुकार सं हुनकर मृत्यु केर खबरि घर पहुंचत। महेंद्रक मृत्यु केर खबरि भेटिते हुनकर घर पर ग्रामीणक भीड़ जुटि गेल। पत्नी आ अन्य स्वजनक रो-रो कए बुरा हाल अछि। परिवारक सदस्यक चीत्कार सं पूरा गामक माहौल गमगीन भए गेल। घटनाक सूचना भेटिते विद्यापतिनगर थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचली। पुलिस बरामद शवक संबंध मे आवश्यक प्रक्रिया पूरा कए पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलक। थानाध्यक्ष सूरज कुमार कहलनि जे बाया नदी मे स्नान करबाक दौरान गहीर पानि मे चलि जेबाक कारण महेंद्र महतोक डूबि कए मृत्यु भेल अछि। पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा आवश्यक कारबाइ शुरू कए देलक अछि। ग्रामीण सभक कहब अछि जे बाढ़िक बीच नदी आ घाट सभ पर पानिक गहिराइ आ बहाव बढ़ि गेल अछि। एहि कारण दुर्घटनाक खतरो बढ़ि गेल अछि।

पांच वर्षीय बच्ची सं दुष्कर्मक मामिला मे दोषी कें 20 वर्षक कठोर कारावास

दरभंगा, समदिया

दरभंगा जिला पॉक्सोक विशेष न्यायाधीश सुलेखा झाक अदालत पांच वर्षीय बच्ची सं दुष्कर्मक मामिला मे सदर थाना क्षेत्रक भगवानपुर गाम निवासी बैजनाथ मंडलक पुत्र ललित मंडल कें 20 वर्षक कठोर कारावासक सजा सुनौलक अछि। अदालत दोषी पर 50 हजार टका अर्थदंड सेहो लगौलक अछि। संगहि पीड़िताक पुनर्वास लेल बिहार पीड़ित प्रतिकर योजनाक अंतर्गत प्रतिकर सहायता राशि निर्धारित कए भुगतान करबाक आदेश जिला विधिक सेवा प्राधिकार, दरभंगा कें देल गेल अछि। पॉक्सोक विशेष लोक अभियोजक विजय कुमार पराजित बतौलनि जे सदर थाना कांड संख्या 202/22 सं संबंधित जीआर केस संख्या 64/22 मे अदालत 21 अगस्त कें सुनवाइ पूरा कए आरोपी कें भारतीय दंड संहिताक धारा 376 एबी आ पॉक्सो एक्टक धारा 6 अंतर्गत दोषी करार देने छल। बुधदिन अदालत सजा पर अभियोजन आ बचाव पक्षक दलील सुनलक। एकर बाद अभिलेख पर उपलब्ध वैज्ञानिक साक्ष्यक गहन समीक्षा कएल गेल। साक्ष्य आ मामिलाक सभ पहलूक विचार करैत न्यायालय दोषी कें 20 वर्षक कठोर कारावास आ 50 हजार टका अर्थदंडक सजा सुनौलक। अदालतक एहि फैसला कें पीड़िता कें न्याय दिलेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। संगहि पीड़िताक पुनर्वास लेल प्रतिकर सहायता राशि उपलब्ध कराबयक आदेश सेहो देल गेल अछि।

97.380 लीटर शराबक संग पिता पुत्र गिरफ्तार

विद्यापतिनगर, समदिया

थाना क्षेत्रक रसूलपुर गाम मे पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर छापामारी कए 97.380 लीटर विदेशी शराब बरामद कएलक। पुलिस घटनास्थल सं तीन आरोपित कें गिरफ्तार कएलक। गिरफ्तार आरोपित सभ मे पिता आ हुनकर दू पुत्र शामिल छथि। सभ कें न्यायिक हिरासत मे पठा देल गेल अछि। बताओल गेल अछि जे गुप्त सूचनाक आधार पर एएसआइ संजय कुमार सिंहक नेतृत्व मे पुलिस टीम मंगलदिन रसूलपुर गाम स्थित आरोपितक घर पर छापामारी कएलक। घरक तलाशीक दौरान भारी मात्रा मे विदेशी शराब बरामद भेल। पुलिस तत्क्षण कारबाइ करैत घटनास्थल सं तीन आरोपित कें गिरफ्तार कए लेलक। गिरफ्तार आरोपितक पहचान रसूलपुर गाम निवासी स्व. भोला राय केर पुत्र संजय कुमार राय, संजय कुमार राय केर पुत्र संतोष कुमार आ राहुल कुमार रायक रूप मे भेल अछि। एहि संबंध मे विद्यापतिनगर थाना मे कांड संख्या 176/26 दर्ज कएल गेल अछि। मामिला मे बिहार मद्यनिषेध एवं उत्पाद अधिनियम, 2016 केर धारा 30(ए)क अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। थानाध्यक्ष सूरज कुमार कहलनि जे बरामद शराब कें जब्त कए लेल गेल अछि।

खरीफ फसल क्षति सं प्रभावित किसान कें भेटत आर्थिक संबल : राम कृपाल यादव

पात्र किसान 31 अक्टूबर धरि बिहार राज्य फसल सहायता योजनाक अंतर्गत करथि आवेदन

पटना, समदिया

सहकारिता मंत्री राम कृपाल यादव कहलनि जे किसानक हितक रक्षा आ हुनकर आर्थिक सुरक्षा राज्य सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता मे अछि। बिहार राज्य फसल सहायता योजना फसल क्षति भेलाक स्थिति मे किसान कें आर्थिक संबल देबाक महत्वपूर्ण पहल अछि। योजनाक प्रति किसान मे उत्साह देखल जा रहल अछि आ आब धरि करीब 73 हजार किसान आवेदन कए चुकल छथि। सहकारिता विभाग द्वारा खरीफ 2026 मौसिम लेल बिहार राज्य फसल सहायता योजनाक अंतर्गत ऑनलाइन आवेदन मंगाओल जा रहल अछि। पात्र किसान 31 अक्टूबर 2026 धरि निःशुल्क ऑनलाइन आवेदन कए सकैत छथि। मंत्री कहलनि जे फसल क्षतिक स्थिति मे किसान कें आर्थिक सहायता उपलब्ध करयबाक लेल ई योजना महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि। आब धरि करीब 73 हजार आवेदन प्राप्त होयब किसानक योजनाप्रति विश्वास कें दर्शबैत अछि। ओ पात्र किसान सभ सं आखरी तिथिक प्रतीक्षा नहि कए 31 अक्टूबर धरि आवेदन करबाक अपील कएलनि। खरीफ 2026 लेल योजनाक अंतर्गत पंचायत स्तर पर अगहनी धान आ भदई मकई तथा जिला स्तर पर सोयाबीन, मखाना, आलू, बैंगन, टमाटर आ गोभी कें अधिसूचित फसल मे शामिल कएल गेल अछि। संबंधित फसल आ जिलाक सूची विभागीय वेबसाइट पर उपलब्ध अछि। योजनाक अंतर्गत फसल उत्पादन मे 20 प्रतिशत धरि क्षति भेलापर 7,500 टका प्रति हेक्टेयर आ 20 प्रतिशत सं बेसी क्षति भेलापर 10 हजार टका प्रति हेक्टेयर सहायता देल जाएत। ई सहायता अधिकतम 2 हेक्टेयर धरि देय होयत। योजनाक लाभ रैयत, गैर-रैयत आ आंशिक रूप सं रैयत तथा गैर-रैयत किसान कें सेहो भेटत।

कृषि विभागक डीबीटी पोर्टल पर पंजीकृत किसान सीधे आवेदन कए सकैत छथि। आवेदनक समय फसल आ बुआईक रकबाक जानकारी देबाक होयत। सत्यापनक समय निर्धारित कागजात अपलोड करय पड़त। रैयत किसान लेल 31 मार्च 2025क बाद निर्गत अद्यतन भू-स्वामित्व प्रमाण-पत्र अथवा 31 मार्च 2026क बाद निर्गत राजस्व रसीद आ निर्धारित घोषणा-पत्र आवश्यक होयत। घोषणा-पत्र पर वार्ड सदस्य अथवा किसान सलाहकारक प्रति हस्ताक्षर जरूरी होयत।

केवाइसी एकेडमी आ माइ स्कूलक एक दिवसीय क्रिकेट टूर्नामेंट आयोजित

बेनीपट्टी। केवाइसी एकेडमी आ माइस्कूलक द्वारा बेनीपट्टीक श्री लीलाधर उच्च विद्यालयक मैदान मे एकदिवसीय क्रिकेट टूनार्मेंटक आयोजन कएल गेल। टूनार्मेंटक खास बात ई रहल जे केवाइसीक सदस्य सभ मे सं दू टीम गठित कएल गेल छल। अंपायर, स्कोरर आ कमेंटेटर सेहो संस्थाक सदस्ये छलाह। रोमांचक मोकाबला 16 ओवरक अमित-11 आ ईश्वर-11क बीच खेलल गेल। दुनू टीमक खेलाड़ी सभ शानदार खेलक प्रदर्शन कएलनि। अंत मे कांटाक टक्कर मे ईश्वर-11 शानदार जीत दर्ज करैत ट्रॉफी पर कब्जा जमा लेलक। विजेता आ उपविजेता टीमक खेलाड़ी सभ कें नगद पुरस्कार, मेडल आ टी-शर्ट दए कए सम्मानित कएल गेल। एहि अवसर पर अतिथिक रूप मे थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनुप कुमार आ एसआइ राजीव सिंह सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह। अतिथि आ केवाइसीक संयोजक पंकज झा तथा सामाजिक कार्यकर्ता लक्ष्मण पंडित अपन हाथ सं खेलाड़ी सभ कें सम्मानित कएलनि। संगहि हुनकर उज्ज्वल भविष्य आ नीक जीवनक कामना कएलनि। संस्थाक द्वारा आयोजित ई टूनार्मेंट अनुशासन, खेल भावना आ एकताक प्रतीक बनल। एहि आयोजन सं युवा खेलाड़ी सभ मे खेलक प्रति उत्साह बढ़बाक संग टीम भावना आ आपसी सहयोगक भावना सेहो मजबूत भेल।

छोट आ सीमांत किसान धरि आधुनिक कृषि यंत्र पहुंचेबाक सरकारक लक्ष्य : मंत्री

आधुनिक कृषि यंत्र पर भेटि रहल भारी अनुदान, 8 सितंबर सं आवेदन शुरू

- **कृषि यांत्रीकरण योजना अंतर्गत बिहार मे कृषि यंत्रीकरण कें भेटत बढ़ावा**
- **कस्टम हायरिंग सेंटर मे किराया पर भेटत आधुनिक कृषि यंत्र**

पटना, समदिया

बिहार मे कृषि यंत्रीकरण कें बढ़ावा देबाक लेल राज्य सरकार पैघ पहल केने अछि। कृषि विभाग द्वारा सब मिशन ऑन एग्रीकल्चरल मैकेनाइजेशन (2025-26) योजनाक अंतर्गत अनुदान पर कस्टम हायरिंग सेंटर, फार्म मशीनरी बैंक आ स्पेशल कस्टम हायरिंग सेंटरक स्थापना लेल 8 सितंबर सं ऑनलाइन आवेदन मंगाओल गेल अछि। योजनाक अंतर्गत जीविका समूह, ग्राम संगठन, क्लस्टर फेडरेशन सं जुड़ल फार्मर इंटरेस्ट ग्रुप, नाबार्ड अथवा राष्ट्रीयकृत बैंक सं जुड़ल किसान क्लब, फार्मर प्रोड्यूसर ऑर्गेनाइजेशन (एफपीओ), फार्मर प्रोड्यूसर कंपनी (एफपीसी), स्वयं सहायता समूह आ पैक्स आदि अनुदानक लाभ उठा सकैत अछि। इच्छुक आवेदक ऑनलाइन आवेदन कए सकैत छथि। लाभार्थीक चयन ऑनलाइन लॉटरी प्रणालीक माध्यम सं कएल जाएत, जकर वैधता 15 दिनक होयत। अनुदानक राशि डीबीटीक माध्यम सं सीधे लाभार्थीक खाता मे पठाओल जाएत।

कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा मंगलदिन कहलनि जे राज्य सरकार छोट आ सीमांत किसान धरि आधुनिक कृषि यंत्रक पहुंच सुनिश्चित करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। महंग कृषि यंत्र किनब प्रत्येक किसान लेल संभव नहि अछि। एहन स्थिति मे कस्टम हायरिंग सेंटरक माध्यम सं किसान अपन आवश्यकतानुसार किराया पर आधुनिक कृषि यंत्रक उपयोग कए सकताह। एहि सं खेतीक लागत घटत, समयक बचत होयत आ कृषि उत्पादकता संग किसानक आमदनी मे सेहो वृद्धि होयत। ओ कहलनि जे योजनाक अंतर्गत राज्य मे 267 कस्टम हायरिंग सेंटर स्थापित कएल जाएत। प्रत्येक केंद्रक परियोजना लागत 10 लाख टका धरि होयत, जाहि पर लागत केर 40 प्रतिशत अथवा अधिकतम 4 लाख टका धरि अनुदान देल जाएत। एकर अतिरिक्त 38 कृषि यंत्र बैंक स्थापित कएल जाएत। प्रत्येक बैंकक लागत 10 लाख टका धरि होयत आ पात्र समूह कें लागतक 80 प्रतिशत अथवा अधिकतम 8 लाख टका धरि अनुदान भेटत। कृषि मंत्री कहलनि जे फसल अवशेषक वैज्ञानिक प्रबंधन आ पर्यावरण संरक्षण कें बढ़ावा देबाक लेल 200 स्पेशल कस्टम हायरिंग सेंटर स्थापित कएल जाएत। प्रत्येक केंद्रक परियोजना लागत 20 लाख टका धरि होयत। एहि मे 55 हॉर्स पावर अथवा ताहि सं बेसी क्षमता बला ट्रैक्टर आ आवश्यक कृषि यंत्र पर 40 सं 80 प्रतिशत धरि, अधिकतम 12 लाख टका धरि अनुदानक प्रावधान अछि। ओ कहलनि जे कृषि मे आधुनिक ड्रोन तकनीकक विस्तार लेल 480 किसान ड्रोन कस्टम हायरिंग सेंटर सेहो स्थापित कएल जाएत। कृषि यंत्रीकरण योजनाक अंतर्गत 86 प्रकारक कृषि यंत्र पर व्यक्तिगत किसान कें 40 सं 80 प्रतिशत धरि अनुदान देल जाएत। मंत्री किसान सभ सं राज्य सरकारक कृषि यंत्रीकरण योजनाक बेसी सं बेसी लाभ उठेबाक आ आधुनिक कृषि तकनीक अपनाकए खेती कें बेसी लाभकारी बनेबाक अपील कएलनि। मंत्री स्पष्ट कहलनि जे योजनाक क्रियान्वयन मे कोनो तरहक अनियमितता बर्दाश्त नहि कएल जाएत। दोषी व्यक्ति सभक विरुद्ध कड़ी कारबाइ कएल जाएत।

दुधमुंहा बच्चा कें सीना सं सटौने जियो बैग पर राति गुजारैत रहल पिता

बाढ़िक बीच वायरल भेल तस्वीर, उठल राहति व्यवस्था पर सवाल

भागलपुर, प्रदीप विद्रोही

गंगाक रौद्र रूपक बीच इंसानी बेबसीक एकटा मार्मिक तस्वीर लोकसभक हृदय कें झकझोरि रहल अछि। बाढ़ि पीड़ित सभ लेल जिला प्रशासन द्वारा राहति आ बचावक विभिन्न व्यवस्था करबाक दावाक बीच वायरल भेल एहि तस्वीर मे बाढ़िक जमीनी हकीकत स्पष्ट रूप सं देखाइत अछि। जिला प्रशासनक अनुसार भागलपुर जिलाक करीब 13 अंचल, 82 पंचायत, 269 गाम, 93,693 परिवार आ तीन लाख 87 हजार लोक बाढ़ि सं प्रभावित छथि। प्रशासनक अनुसार प्रभावित लोकक संख्या प्रतिदिन बढ़ि रहल अछि। वायरल तस्वीर मे एकटा बाढ़ि पीड़ित पिता अपन दुधमुंहा बच्चा कें सीना सं सटौने घुप्प अन्हार मे जियो बैगक सहारापर राति गुजारैत देखाइत छथि। चारू कात पानि, माथ पर खुलल आकाश आ गोद मे मासूम बच्चाक सुरक्षा केर चिंता–ई दृश्य बाढ़िक बीच जीवनक संघर्ष आ बेबसीक मार्मिक कथा कहैत अछि। बताओल जाइत अछि जे ई तस्वीर भागलपुर जिलाक गंगा पार स्थित राघोपुर बांधक बाढ़ि-कटाव प्रभावित क्षेत्रक अछि। करीब एक पखवाड़ा सं गंगाक जलस्तर आ तेज धारक कारण सैकड़ो ग्रामीणक जनजीवन प्रभावित अछि। जतय पहिने घर मे चूल्हा जरैत छल, ओतय आब पानि भरल अछि। खेत-खलिहान जलमग्न अछि आ गामक गली-रास्ता सेहो डूबल अछि। तटबंध आ बांधक क्षतिग्रस्त होयबाक घटना सं संकट आओर बढ़ि रहल अछि।

घर-दुआर आ खेत-खलिहान छोड़ि कतेको परिवार ऊंच स्थान, तटबंध अथवा राहति शिविर मे शरण लेबाक लेल विवश छथि। सुरक्षित बिछाओनक अभाव मे जियो बैग पर अपन बच्चा कें सीना सं लगाकऽ सुतल पिता केर तस्वीर एहि संघर्षक प्रतीक बनि गेल अछि। पिता स्वयं कठिन परिस्थिति मे राति काटि सकैत छथि, मुदा बच्चा कें अपन सं अलग नहि करबाक भाव एहि तस्वीर कें आओर मार्मिक बना दैत अछि। बाढ़िक असर मात्र घर-दुआर धरि सीमित नहि अछि। खेत मे पानि भरल रहबाक कारण खेती प्रभावित भेल अछि आ काज-धंधा सेहो ठप पड़ल अछि। दिहाड़ी मजदूर आ गरीब परिवारक सामने भोजनक संकट गहराइत जा रहल अछि। घर मे राखल अनाज, चूल्हा आ रोजमर्राक सामान पानि मे डूबल अथवा नष्ट होयबाक स्थिति मे अछि। एहि कारण दू जूनक भोजन जुटेनाइ सेहो कतेको परिवार लेल चुनौती बनि गेल अछि।

लगातार बढ़ैत बाढ़ि ग्रामीण सभ कें अपन घर-दुआर सं दूर कए देने अछि। ककरो लेल नाव यातायातक साधन बनल अछि, तं ककरो लेल तटबंधे अस्थायी ठिकाना अछि। लोक अपन जरूरी सामान आ मवेशी कें बचयबाक लेल संघर्ष कए रहल छथि। जिला प्रशासन बाढ़ि पीड़ित सभ लेल राहति आ बचावक विभिन्न व्यवस्था करबाक बात कहि रहल अछि। मुदा वायरल भेल ई तस्वीर एकटा महत्वपूर्ण सवाल छोड़ि जाइत अछि–की प्रत्येक जरूरतमंद परिवार धरि राहति ठीक ओहि समय आ ओहि रूप मे पहुंचि रहल अछि, जखन ओकरा सभ सं बेसी आवश्यकता अछि?

नव राशन कार्ड बनेबाक वा यूनिट जोड़बाक लेल 6149 फॉर्म प्राप्त

बेनीपट्टी। प्रखंड कार्यालय स्थित मेघदूतम टीपीसी भवनक सभागार मे बुधदिन प्रखंड आपूर्ति पदाधिकारी रोहित रंजन झाक अध्यक्षता मे सभ जनवितरण विक्रेताक आवश्यक बैसार भेल। बैसार मे नव राशन कार्ड बनेबाक अथवा राशन कार्ड मे नाम जोड़बाक लेल प्राप्त आवेदनक केवाइसी कराबय सहित अन्य बिंदु पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। एमओ बतौलनि जे सरकारक दिस सं एक करोड़ नव राशन कार्ड बनेबाक अथवा नव यूनिट जोड़बाक घोषणा कएल गेल छल। एकर फलस्वरूप जून मास सं आवेदन प्राप्त करबाक प्रक्रिया शुरू कएल गेल। बेनीपट्टी प्रखंड कें 5417 नव राशन कार्ड बनेबाक अथवा नव यूनिट जोड़बाक लक्ष्य देल गेल छल। एहि लक्ष्यक विरुद्ध जीविका, विकास मित्र, जनवितरण विक्रेता सहित अन्य माध्यम सं 6149 फॉर्म प्राप्त भेल। प्राप्त सभ फॉर्म कें ऑनलाइन कएल जा चुकल अछि। आब सभ आवेदकक केवाइसी करायब अनिवार्य अछि। कुल प्राप्त आ ऑनलाइन कएल गेल फॉर्म मे सं एखन धरि 1250 आवेदकक केवाइसी भए चुकल अछि।

गृह विभाग प्रधान सचिव आ डीजीपी कएलनि संयुक्त समीक्षा

पटना, समदिया

बुधदिन गृह विभाग मे विभागक प्रधान सचिव पंकज कुमार आ पुलिस महानिदेशक, बिहार विनय कुमार द्वारा संयुक्त रूप सं पुलिस विभागक गृह विभाग स्तर पर लंबित मामिलाक समीक्षा कएल गेल।

बैठकक दौरान नव पदक सृजन, प्रोन्नति, साइबर थाना सभक सृजन, वाहनक खरीद, भूमि हस्तांतरण आ भूमि अधिग्रहण सहित अन्य महत्वपूर्ण मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक निर्णय लेल गेल। समीक्षाक क्रम मे प्रधान सचिव आ पुलिस महानिदेशक कहलनि जे लंबित मामिलाक निष्पादन मे तेजी अनबाक आ विभिन्न स्तर पर प्रभावी समन्वय सुनिश्चित करबाक लेल विभाग आ पुलिस मुख्यालय स्तर सं महीना मे एक बेर जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षकक संग बैसार आयोजित करब सुनिश्चित कएल जाए।

बैसार मे अपर पुलिस महानिदेशक (आधुनिकीकरण एवं एससीआरबी) अजिताभ कुमार, अपर पुलिस महानिदेशक (रेल) डॉ. कमल किशोर सिंह, अपर पुलिस महानिदेशक (यातायात एवं विशेष निगरानी इकाई) सुधांशु कुमार, अपर पुलिस महानिदेशक (तकनीकी सेवाएं एवं वितंतु) अमित लोढ़ा, अपर पुलिस महानिदेशक (एटीएस) अमृत राज, अपर पुलिस महानिदेशक (सिक्युरिटी) संजय सिंह, अपर पुलिस महानिदेशक (विधि-व्यवस्था एवं कमजोर वर्ग प्रभाग) के. सुहिता अनुपम, आइजी (मुख्यालय) मनोज कुमार, गृह विभागक विशेष सचिव अनिल कुमार चौधरी, अपर सचिव कुंदन कुमार, संयुक्त सचिव कमल नयन, संयुक्त सचिव अमलेंदु कुमार, विशेष कार्य पदाधिकारी आदित्य कुमार झा सहित गृह विभाग आ पुलिस मुख्यालयक अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

झंझारपुर फुलपरास अनुमंडलक अपराध समीक्षा बैसार संपन्न

अगस्त मे 170 सं बेसी गिरफ्तारी, लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादनक निर्देश

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी सुबोध कुमार सिन्हाक अध्यक्षता मे मंगलदिन हुनकर कार्यालय कक्ष मे झंझारपुर आ फुलपरास अनुमंडलक अपराध समीक्षा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे दुनू अनुमंडलक अंचल निरीक्षक सहित सभ 17 थानाक थानाध्यक्ष उपस्थित छलाह। बैसार मे अगस्त मासक पुलिसिंग, विधि-व्यवस्था आ अपराध नियंत्रणक बिंदुवार समीक्षा कएल गेल। एहिदौरान बताओल गेल जे पछिला एक मास मे दुनू अनुमंडलक विभिन्न थाना क्षेत्र सं 170 सं बेसी अपराधी आ फरार वारंटी कें गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेल अछि। एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा पुलिसक एहि उपलब्धिक सराहना करैत गिरफ्तारी अभियान कें आओर तेज करबाक निर्देश देलनि। हत्या, लूट आ डकैती जेकां गंभीर अपराधक समीक्षा करैत अपराधीसभक अविलंब गिरफ्तारी आ लूटल गेल सामानक शत- प्रतिशत बरामदगी सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। पेशेवर अपराधी सभ कें शीघ्र सजा दिअयबाक लेल स्पीडी ट्रायल चलयबाक दिशा मे आवश्यक कारबाइ करबाक कहल गेल। महिला आ बच्चा सं संबंधितअपराध, पॉक्सो अधिनियम तथा एससी/एसटी अत्याचार निवारण अधिनियमक अंतर्गत दर्ज मामिला सभ कें सर्वोच्च प्राथमिकता देबाक निर्देश देल गेल। वैज्ञानिक साक्ष्यक आधार पर समयबद्ध अनुसंधान पूरा कए न्यायालय मे समय पर आरोपपत्र दाखिल करबाक सख्त निर्देश देल गेल। सुप्रीम कोर्ट आ हाईकोर्ट मेलंबित मामिला, शपथ-पत्र तथा मानवाधिकार, महिला आ एससी/एसटी आयोग सं प्राप्त ज्ञापनक समय- सीमा मे निष्पादन करबाक कहल गेल। सहयोग पोर्टल पर लंबित शिकायतक थानावार समीक्षा करैतओकर शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देल गेल। सभ अनुसंधानकर्ता (आइओ) कें कार्यक्षमता बढ़ेबाक, समय प्रबंधन करबाक आ नव कानूनक अनुरूप त्रुटिहीन केस डायरी तैयार करबाकनिर्देश देल गेल। सभ थाना कें सीसीटीएनएस पर शत-प्रतिशत आंकड़ा अद्यतन रखबाक तथा ई-साक्ष्यएपक अनिवार्य उपयोग करबाक कहल गेल। एसडीपीओ कहलनि जे विधि-व्यवस्था सं खिलवाड़ करयवला अपराधी कें कोनो स्थिति मे बख्शल नहि जाएत। लापरवाही करयवला पुलिस पदाधिकारी पर सेहो सख्त कारबाइ होएत। थानाध्यक्ष सभ कें प्रतिदिन क्षेत्र भ्रमण कए आम लोक सं निरंतर संवाद बना रखबाक निर्देश देल गेल।

उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय अररिया संग्राम मे एनसीसीक शुरुआत

50 विद्यार्थीक भेल अंतिम रूप सं चयनित

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर प्रखंड अंतर्गत उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय अररिया संग्राम मे राष्ट्रीय कैडेटक (एनसीसी) क शुरुआत कएल गेल अछि। एनसीसी लेल जिला सं आएल चयनकर्तासभक देखरेख मे 50 विद्यार्थी आखरी रूप सं चयनित कएल गेलनि। झंझारपुर प्रखंड क्षेत्रक ई पहिल उत्क्रमित माध्यमिक विद्यालय बनल अछि, जतय एनसीसीक सुविधा आ प्रशिक्षण शुरू कएल जा रहल अछि। चयन प्रक्रियाक दौरान छात्र- छात्रासभक कठिन शारीरिक परीक्षा लेल गेल। अभ्यर्थीसभक शारीरिक दक्षता आ फिटनेसक गहन जांचक बाद योग्य विद्यार्थीसभक चयन कएल गेल। एहि अवसर पर विद्यालयक प्रधानाध्यापक डॉ. अमित कुमार पांडेय कहलनि जे एनसीसीक माध्यम सं बच्चा सभ मे नेतृत्व क्षमताक विकास होइत अछि। हुनका सभमे अनुशासनक संग देशप्रेमक भावना सेहो जागृत होइत अछि। ई प्रशिक्षण भविष्य मे विद्यार्थी सभ केंदेशहितक काज लेल पूर्ण रूप सं तत्पर बनेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। विद्यालय मे एनसीसीक शुरुआत होयबाक खबरि सं स्थानीय छात्र-छात्रा आ अभिभावक सभ मे उत्साह देखल जा रहल अछि। स्थानीय लोक सभ विद्यालय प्रबंधन, विशेष रूप सं प्रधानाध्यापक डॉ. अमित पांडेयक प्रयासक सराहना करैत आभार व्यक्त कएलनि। लोक सभ कहलनि जे हुनकर देखरेख मे विद्यालय निरंतर प्रगतिक दिस बढ़ि रहल अछि आ पूरा जिला मे अपन अलग पहचान बनाबय मे सफल भेल अछि।

मधुबनीक कला कें भेटल राष्ट्रीय मंच : भारत निर्वाचन आयोग 50 मधुबनी चित्रकला मंगौलक

स्थानीय कलाकार आ शिल्पकार सं चित्र प्राप्त करबाक प्राथमिकता

मधुबनी, समदिया

मिथिलाक समृद्ध कला आ सांस्कृतिक विरासत कें एक बेर फेर राष्ट्रीय स्तर पर पहचान आ सम्मान भेटबाक अवसर आएल अछि। भारत निर्वाचन आयोग द्वारा मधुबनी चित्रकला संस्थान, मधुबनी सं 50टा मधुबनी पेंटिंग उपलब्ध करयबाक अनुरोध कएल गेल अछि। भारत निर्वाचन आयोगक प्रोटोकॉल अधिकारी द्वारा पठाओल गेल पत्रक माध्यम सं आधिकारिक प्रयोजन लेल एहि चित्रसभक व्यवस्था करबाक अनुरोध कएल गेल अछि। आयोग द्वारा विशेष रूप सं एहन चित्रक चयन करबाक कहल गेल अछि, जाहि मे मधुबनीक पारंपरिक कला, संस्कृति आ समृद्ध विरासतक झलक स्पष्ट रूप सं देखाइत हो। आयोग चित्र प्राप्त करबाक लेल मधुबनी कलाक संवर्धन आ संरक्षण सं जुड़ल स्थानीय कलाकार आ शिल्पकार कें प्राथमिकता देबाक अनुरोध कएल अछि। एहि सं जिलाक कलाकारसभक सृजनात्मक प्रतिभा कें राष्ट्रीयमंच पर पहचान भेटत, संगहि स्थानीय कला आ कलाकार सभ कें प्रोत्साहन सेहो भेटत। प्रत्येक चित्रक संगओकर विषयवस्तु आ कलात्मक विशेषताक संक्षिप्त विवरण अंग्रेजी भाषा मे उपलब्ध करयबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि। चित्रसभक आपूर्ति निर्धारित प्रक्रिया अंतर्गत संबंधित बिल/इनवॉइसक संग कएल जाएत। मिथिलाक कला आब राष्ट्रीय पहचानक नव उड़ान भारत निर्वाचन आयोग द्वारा मधुबनीक पारंपरिक चित्रकलाक आधिकारिक प्रयोजन लेल चयन कएल जाएब मिथिलाक सदियो पुरान कला परंपराक प्रति सम्मानक प्रतीक अछि। ई पहल स्थानीय कलाकारसभक कलाक व्यापक पहचान दिअयबाक संगहि मधुबनी चित्रकलाक विशिष्ट सांस्कृतिक पहिचान कें देशभरि मे आओर सशक्त रूप सं स्थापित करबाक दिस महत्वपूर्ण कदम अछि।

लाइव टेलीकास्टक संग जिला मे शुरू भेल नवम पोषण मासक शुरुआत

आंगनबाड़ी, पंचायत आ प्रखंड स्तर पर आयोजित होयत कार्यक्रम

मधुबनी, समदिया

जिला मे नवम पोषण मास 2026क शुभारंभ बुधदिन उद्घाटन समारोहक लाइव टेलीकास्टक संग भेल। दिनक 11 बजे सं आयोजित एहि कार्यक्रमक सीधा प्रसारण जिला मुख्यालय सं लए कए प्रखंड, पंचायत आ आंगनबाड़ी केंद्र धरि कएल गेल। वाराणसी मे आयोजित पोषण मासक उद्घाटन समारोहक शुभारंभ भारत सरकारक महिला एवं बालविकास मंत्रालयक मंत्री अन्नपूर्णा देवी आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ द्वारा कएल गेल। एहि अवसर पर आयोजित कार्यक्रमक लाइव प्रसारण जिलाभरि मे देखल आ सुनल गेल। जिला मुख्यालय स्थित जिला एनआइसी मे लाइव टेलीकास्टक आयोजन कएल गेल, जाहि मे जिलाक सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह। ओतहि सभ प्रखंड मे प्रखंड आ पंचायत स्तरक संग आंगनबाड़ी केंद्र सभ पर सेहो कार्यक्रमक प्रसारण कएल गेल। उद्घाटन समारोहक संगहि एक मास धरि चलयवला पोषण मास 2026क विभिन्न गतिविधिक सेहो आगाज भेल। एहि दौरान आंगनबाड़ी, पंचायत, प्रखंड आ जिला स्तर पर विभिन्न कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि गतिविधिक माध्यम सं आम लोक कें पोषणक महत्वक प्रति जागरूक करबाक, स्वस्थ जीवनशैली अपनयबाक लेल प्रेरित करबाक आ पोषण संबंधी जागरूकता कें व्यापक स्तर पर बढ़ावा देबाक प्रयास कएल जाएत। एहि अवसर पर नगर आयुक्त उमेश कुमार भारती, सिविल सर्जन हरेंद्र कुमार, जिला आपूर्ति पदाधिकारी, वरीय उप समाहर्ता सह जिला सूचना एवं जनसंपर्क पदाधिकारी ज्योति रानी, जिला पंचायती राज पदाधिकारी राकेश कुमार, जिला कार्यक्रम पदाधिकारी, आइसीडीएस ललिता कुमारी, जिला समन्वयक मिशन पोषण 2.0 स्मित प्रतीक, जिला कृषि पदाधिकारी, जिला कार्यक्रम प्रबंधक, जिला स्वास्थ्य समिति, जिला कार्यक्रम प्रबंधक, जीविका सहित कतेको जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

एनएसएस स्वयंसेवक सभ आर. के. कॉलेज मे केलक वृक्षारोपण

डॉ. अनिल कुमार मंडल कहलनि जे वृक्षारोपणक संग गाछक संरक्षण सेहो हमर जिम्मेदारी

मधुबनी, समदिया

पर्यावरण संरक्षण आ हरित क्षेत्रक विस्तारक उद्देश्य सं आर. के. कॉलेज, मधुबनीक राष्ट्रीय सेवा योजना (एनएसएस) इकाइ सभ आ जिला गंगा समिति, नमामि गंगे, मधुबनीक संयुक्त तत्वावधान मे वन विभाग, मधुबनीक सहयोग सं वृक्षारोपण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रम मे महाविद्यालयक शिक्षक, वनविभागक पदाधिकारी, जिला गंगा समितिक प्रतिनिधि आ एनएसएस स्वयंसेवक सभ सक्रिय रूप सं भागलेलनि। कार्यक्रमक दौरान महाविद्यालय परिसर मे विभिन्न प्रजातिक पौध लगाओल गेल। एहि अवसर पर एनएसएस स्वयंसेवक सभ कें वृक्षक महत्व आ पर्यावरण संरक्षण मे ओकर भूमिकाक जानकारी देल गेल। संगहि लगाओल गेल पौधक नियमित देखभाल आ संरक्षण करबाक लेल सेहो स्वयंसेवक सभ कें प्रेरित कएल गेल। महाविद्यालयक प्रधानाचार्य डॉ. अनिल कुमार मंडल कहलनि जे पर्यावरण कें सुरक्षित रखबाक लेल वृक्षारोपण अत्यंत आवश्यक अछि। विद्यार्थी सभ मे प्रकृति आ पर्यावरणक प्रति जिम्मेदारीक भाव विकसित करब शिक्षाक महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। ओ एनएसएस स्वयंसेवक सभ सं पौधक संरक्षण कें अपन नियमित गतिविधिक हिस्सा बनेबाक आह्वान कएलनि। एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी इकाई-1 डॉ. अशोक रंजन कहलनि जे एनएसएस स्वयंसेवकसभक माध्यम सं सामाजिक आ पर्यावरणीय जागरूकता जन-जन धरि पहुंचाओल जा रहल अछि। वृक्षारोपण विद्यार्थी सभ कें प्रकृति सं जोड़बाक संग पर्यावरणक प्रति अपन दायित्व बुझबाक अवसर सेहो दैत अछि। वन विभागक रेंज ऑफिसरसंजय कुमार कहलनि जे बढ़ैत पर्यावरणीय असंतुलन कें कम करबाक लेल बेसी सं बेसी पौध लगेनाइ आ ओकर संरक्षण करनाइ जरूरी अछि। डीपीओ नमामि गंगे आनंद अंकित कहलनि जे नदी आ पर्यावरणक संरक्षण एक-दोसर सं जुड़ल अछि। हरित क्षेत्रक विस्तार जल संरक्षण आ पर्यावरणीय संतुलन लेल सेहोमहत्वपूर्ण अछि।कार्यक्रम मे एनएसएस कार्यक्रम पदाधिकारी इकाई-2 सुधांशु कुमार राय सहित अन्य पदाधिकारी आ स्वयंसेवक उपस्थित छलाह। कार्यक्रम कें सफल बनेबाक लेल आशीष आनंद, यश राज, नरेश कुमार चौधरी,प्रिया मिश्रा, खुशी मिश्रा, सुशांत शेखर, पीयूष कुमार, अपूर्व अनुपम, राहुल कुमार ठाकुर, सोनु, बसंत, राहुल सफी, प्रत्यूष, ऋषभ, अपूर्वा श्रेयश आदि स्वयंसेवक सभ महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि।

मध्य विद्यालय ईटहर मे चलाओल गेल डायरिया जागरूकता अभियान

» बच्चा सभ पेंटिंग आ स्लोगनक माध्यम सं देलनि स्वच्छताक संदेश

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक मध्य विद्यालय ईटहरक परिसर मे मुख्यमंत्री समग्र विद्यालय सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत डायरिया सं बचाव आ रोकथाम कें लए कए जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता विद्यालयक प्रधानाध्यापक नंदकिशोर झा कएलनि। एहि अवसर पर बच्चा सभ डायरिया विषय पर बनाओल चित्रकला, पेंटिंग, कार्टून आ आकर्षक स्लोगन प्रदर्शित कएलनि। छात्र-छात्रा सभ 'साफ पानि, सुरक्षित जीवन', 'हाथ धोअय, रोग भगाबय' आदि नाराक माध्यम सं लोक सभ कें स्वच्छता आ डायरिया सं बचावक लेल जागरूक कएलनि।विद्यालयक प्रधानाध्यापक नंदकिशोर झा कहलनि जे डायरिया आइयो बच्चा सभ मे होइत मृत्युकेरएकटा प्रमुख कारण अछि। ई जानलेवा आ तेजी सं फैलयवला संक्रामक बेमारी अछि। दूषित पानि पीब,बासी अथवा खुलल मे राखल भोजन करब, बाजारक सड़ल-गलल फल आ खाद्य पदार्थक सेवन तथा आसपासक गंदगी डायरियाक प्रमुख कारण अछि। ओ कहलनि जे डायरिया भेलापर घबरयबाक आवश्यकता नहि अछि। एहन स्थिति मे तुरंत ओआरएसक घोल देबाक संग जिंकक गोली देनाइ आ साफ-सुथरा खान- पान पर ध्यान देनाइ आवश्यक अछि। समय पर उपचार भेटला सं मरीजक जान बचाओल जा सकैत अछि। प्रधानाध्यापक बच्चा सभ सं अपील कएलनि जे ओ अपन घर-परिवार मे सेहो डायरिया सं बचावक ई संदेश पहुंचाबथि। सदिखन उबाललल अथवा फिल्टर कएल पानि पीब, भोजन करबाक पहिने साबुन सं हाथ धोब आ आसपास स्वच्छता बना रखब जरूरी अछि। कार्यक्रम मे शिक्षक सूधा कांत कुमार, मो. सलीम अंसारी सहित विद्यालयक सभ शिक्षक-शिक्षिका आ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह।

सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर मुख्यमंत्रीक प्रति जतौलनि आभार

ऐतिहासिक विद्यालय भवन कें संरक्षित स्मारक घोषित करबाक प्रक्रिया तेज

दरभंगा, समदिया

स्वतंत्रता संग्रामक इतिहास सं गहिर संबंध रखनिहार दरभंगा शहरक लालबाग स्थित राष्ट्रीय विद्यालय भवन कें संरक्षित स्मारकक रूप मे शामिल करबाक पहल तेज भए गेल अछि। पुरातत्व विभाग एहि संबंध मे आवश्यक औपचारिकता शीघ्र पूरा करबाक प्रक्रिया शुरू कए देने अछि। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डा. गोपाल जी ठाकुर एहि पहल लेल मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक प्रति आभार व्यक्त कएलनि। सांसद डा. ठाकुर कहलनि जे 1 अगस्त 1920 सं शुरू भेल असहयोग आंदोलनक समय लालबागक एहि राष्ट्रीय विद्यालयक स्थापना भेल छल। स्वतंत्रता आंदोलन सं जुड़ल एहि ऐतिहासिकविद्यालयक भवनक अपन महत्वपूर्ण ऐतिहासिक महत्ता अछि। बिहार सरकार द्वारा एहि भवन कें संरक्षित स्मारक घोषित करबाक लेल पुरातत्व विभागक सभ औपचारिकता शीघ्र पूरा करबाक निर्देश मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी देने छथि। मुख्यमंत्रीक निर्देश बाद पुरातत्व विभाग दरभंगा जिलाधिकारी कें एहि संबंध मे आवश्यक प्रक्रिया शीघ्र पूरा करबाक निर्देश देने अछि। डा. ठाकुर कहलनि जे ओ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं भेंट कए लालबागक राष्ट्रीय विद्यालय भवनक ऐतिहासिक महत्ताक जानकारी देने छलाह आ एकरा राज्य संरक्षित स्मारक घोषित करबाक आग्रह केने छलाह। एहि संबंध मे मुख्यमंत्री कें पत्र सेहो सौंपल गेल छल। ओहि पत्रक आलोक मे मुख्यमंत्री पुरातत्व विभाग कें आवश्यक कारबाइक निर्देश देने छलाह। आब पुरातत्व विभागक ज्ञापांक 528, दिनांक 7 सितंबरक माध्यम सं एहि संबंध मे निर्णय लेल गेल अछि। सांसद एकरा दरभंगा लेल ऐतिहासिक उपलब्धि बतौलनि। सांसद कहलनि जे पुरातत्व विभागक निदेशक द्वारा बिहार प्राचीन स्मारक आ पुरातत्व अवशेष तथा कलानिधि अधिनियम, 1976क प्रावधानक अंतर्गत लेल गेल एहि निर्णय सं लालबागक राष्ट्रीय विद्यालय भवन कें संरक्षित करबाक प्रक्रिया आगू बढ़त। ई पहल मात्र सरकारी औपचारिकता नहि, बल्कि असहयोग आंदोलन मे भाग लेनिहार स्वतंत्रतासेनानी सभक सम्मान सेहो अछि। डा. ठाकुर कहलनि जे लालबागक राष्ट्रीय विद्यालय भवनक संग-संग राजकिला, शहरक तीन ऐतिहासिक पोखरिक डेस्टिनेशन सेंटरक रूप मे चयन आ मिथिलाक प्राचीन पांडुलिपिक पुरातत्व विभाग द्वारा संरक्षण लेल सेहो ओ बिहार सरकार, पुरातत्व विभाग आ भारत सरकार कें पत्र लिखि पहल करबाक आग्रह केने छलाह। आब एहि सभ मुद्दा पर सकारात्मक परिणाम सामने आबि रहल अछि। सांसद कहलनि जे मिथिलाक सांस्कृतिक विरासत आ ऐतिहासिक धरोहर कें राष्ट्रीय स्तर पर स्थापित करबाक लेल ठोस पहल शुरू भए गेल अछि। दरभंगा सहित मिथिला क्षेत्रक सांस्कृतिक, धार्मिक आ ऐतिहासिक स्थल सभ कें एक-दोसर सं जोड़बाक लेल जानकी सर्किटक निर्माणक पहल सेहो शीघ्र शुरू करबाक दिशा मे काज भए रहल अछि।

साइबर जागरूकता संवाद कार्यक्रम मे ठगी सं बचबाक देल गेल जानकारी

मधुबनी, समदिया

वरीय पुलिस अधीक्षक, मधुबनीक निर्देशानुसार पुलिस उपाधीक्षक (साइबर)क नेतृत्व मे विवेकानंद विद्यापीठ, मधुबनी मे 'साइबर स्मार्ट, साइबर जागरूकता संवाद' कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान साइबर थाना पुलिसक पदाधिकारी आ कर्मी सभ विद्यालय मे उपस्थित छात्र-छात्रा आ अभिभावक सभ कें साइबर अपराधक विभिन्न प्रकार, ऑनलाइन ठगी सं बचबाक उपाय, साइबर सुरक्षाक तरीका आ संदिग्ध लिंक अथवा फोन कॉल सं सावधान रहबाक संबंध मे विस्तृत जानकारी देलनि। पुलिस पदाधिकारी सभ कहलनि जे साइबर अपराधक स्थिति मे घबरायब नहि चाही आ तत्काल उचित माध्यम सं शिकायत दर्ज करेनाइ आवश्यक अछि। छात्र-छात्रा आ अभिभावक सभ सं साइबर अपराध संबचबाक लेल सदिखन सतर्क आ जागरूक रहबाक अपील कएल गेल। कार्यक्रम मे साइबर ठगीक विभिन्नतरीका संबंध मे सेहो जानकारी देल गेल। पुलिसक अनुसार ठग सभ एपीके लिंक अथवा ऑनलाइन खरीदारीक नाम पर मोबाइल मे संदिग्ध एप डाउनलोड करबा कए ठगी करैत अछि। टीमव्यूअर, अल्ट्राव्यूअर आ एनीडेस्कक माध्यम सं मोबाइल, लैपटॉप अथवा कंप्यूटर पर दूर सं पहुंच बनाकऽ सेहो ठगी कएल जाइत अछि। पार्सल अथवा कूरियरक नाम पर, टेलीग्राम सं नौकरी अथवा 'वर्क फ्रॉम होम'क प्रलोभन दए, व्हाट्सऐप लिंक, आधार लिंक आ बैंक केवाइसीक नाम पर सेहो ठगीक घटना होइत अछि। वीडियो कॉल अथवा चैट, स्काइप वीडियो कॉल, एटीएमक सीवीवी नंबर साझा करबाक, जमीन सर्वेक नाम पर सेहो साइबर ठग लोकनि ठगी करैत अछि।एहि अतिरिक्त बिजली मीटर लगेनाइ, बिजली बिल जमा करेनाइ अथवा 125 यूनिट मुफ्त बिजलीक रिचार्जक नाम पर, कोटा कोचिंग सेंटर आदिक नाम पर सेहो ठग सभ लोक कें अपन जाल मे फंसाबैत अछि। पुलिस छात्र-छात्रा आ अभिभावक सभ सं अपील कएलनि जे कोनो अनजान लिंक पर क्लिक नहिकरथि, ओटीपी, एटीएम विवरण अथवा अन्य गोपनीय जानकारी अनजान व्यक्ति सं साझा नहि करथि।

शहर मे धड़ल्ले सं चलि रहल अवैध अल्ट्रासाउंड केंद्र, विभागीय जांच जरूरी

सहरसा, समदिया

डॉक्टरक योग्यता आ पंजीकरणक सेहो हो जांच

» सिविल सर्जन आ जिला प्रशासन सं सख्त जांचक मांग

शहर मे पैघ संख्या मे अल्ट्रासाउंड केंद्र संचालित भए रहल अछि, मुदा एहि केंद्रसभक नियमित निगरानी आ जांच कें लए कए सवाल उठि रहल अछि। शहरवासी सभक कहब अछि जे अल्ट्रासाउंड केंद्रक संचालन मे नियमक पालन सुनिश्चित करबाक लेल स्वास्थ्य विभाग आ जिला प्रशासन कें विशेष अभियान चलयबाक आवश्यकता अछि। शहर मे संचालित सभ अल्ट्रासाउंड केंद्रक पंजीकरणक संग-संग ओतय अल्ट्रासाउंड कएनिहार डॉक्टरक योग्यता आ प्रशिक्षणक सेहो जांच होयबाक चाही। नियमानुसार अल्ट्रासाउंड जांच ओही चिकित्सक कए सकैत छथि, जे पीसीपीएनडीटी अधिनियमक अंतर्गत निर्धारित योग्यता आ प्रशिक्षणक शर्त पूरा करैत होथि तथा संबंधित पंजीकृत केंद्र पर अधिकृत रूप सं कार्यरत होथि। मात्र एमबीबीएस डिग्री रहब अपने-आप मे अल्ट्रासाउंड करबाक पात्रता नहि मानल जाय। संबंधित चिकित्सकक विशेषज्ञता, निर्धारित प्रशिक्षण आ पीसीपीएनडीटी अधिनियमक अंतर्गत पात्रताक पुष्टि विभागीय अभिलेखक आधार पर करब आवश्यक अछि। एहि परिस्थिति मे शहरक सभ अल्ट्रासाउंड केंद्र पर जांच कएनिहार डॉक्टरक डिग्री, विशेषज्ञता, प्रशिक्षण प्रमाणपत्र, केंद्रक पंजीकरण, मशीनक विवरण आ आवश्यक अभिलेखक जांच कराओल जेबाक चाही। यदि कोनो केंद्र पर निर्धारित योग्यता अथवा आवश्यक पंजीकरणक बिना अल्ट्रासाउंड जांच कराओल जा रहल अछि तं संबंधित संचालकक विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ होयबाक चाही। विशेष रूप सं भ्रूणक लिंगक पहचान जकां प्रतिबंधित कार्य पर रोक लगाबय लेल पीसीपीएनडीटी अधिनियमक प्रावधानक सख्ती सं पालन जरूरी अछि। एहि लेल नियमित निरीक्षण आ प्रभावी निगरानी व्यवस्था सुनिश्चित करब आवश्यक अछि। शहरवासी सभ सिविल सर्जन आ जिला प्रशासन सं शहर मे संचालित सभ अल्ट्रासाउंड केंद्रक सघन निरीक्षण करबाक मांग केने छथि। लोकक कहब अछि जे जांचक क्रम मे अनियमितता भेटला पर संबंधित केंद्र संचालकक विरुद्ध तत्काल कानूनी कारबाइ कएल जाय। संगहि अल्ट्रासाउंड कएनिहार डॉक्टरक शैक्षणिक योग्यता, विशेषज्ञता आ प्रशिक्षणक पात्रताक सेहो विभागीय स्तर पर जांच सुनिश्चित करबाक मांग उठाओल गेल अछि।

तीन मास मे बनत वेंडिंग जोन, फुटकर विक्रेता सभ कें भेटत स्थायी ठेकान

» महापौर बैन प्रिया कहलनि जे वेंडिंग जोन बनला सं फुटकर विक्रेताक समस्या दूर होयत

सहरसा, समदिया

नगर निगम क्षेत्रक फुटकर विक्रेतासभक समस्या समाधान आ हुनका सभ कें व्यवस्थित ठाम उपलब्ध करयबाक लेल महापौर बैन प्रिया बुधदिन नगर निगम कार्यालय स्थित अपन कक्ष मे फुटकर विक्रेताक प्रतिनिधि सभ सं भेंट कएलनि। एहि दौरान प्रतिनिधि सभ महापौर कें अपन विभिन्न समस्या सं अवगत करौलनि। संगहि शहर मे वेंडिंग जोनक निर्माण कें लए कए विस्तार सं चर्चा भेल। महापौर बैन प्रिया कहलनि जे फुटकर विक्रेता सेहो शहरक अभिन्न अंग छथि आ हुनकर समस्याक समाधान करब नगर निगमक दायित्व अछि। ओ कहलनि जे 16 सितंबर 2023 कें आयोजित सामान्य बोर्डक बैसार मे शहरक विभिन्न स्थान पर वेंडिंग जोन बनयबाक प्रस्ताव पारित भेल छल, मुदा एखन धरि एहि दिशा मे काज शुरू नहि भए सकल अछि। महापौर नगर आयुक्त प्रभात झा आ संबंधित पदाधिकारी सभ कें वेंडिंग जोनक निर्माण शीघ्र शुरू करबाक लेल आवश्यक निर्देश देलनि। नगर आयुक्त वेंडिंग जोनक निर्माण लेल तीन मासक समय लेलनि। महापौर कहलनि जे नगर निगमक प्रयास अछि जे निर्धारित समय-सीमाक भीतर वेंडिंग जोनक निर्माण पूरा कए एकरा फुटकर विक्रेता सभ कें उपलब्ध करा देल जाय। वेंडिंग जोन बनला सं फुटकर विक्रेता सभ कें स्थायी आ व्यवस्थित ठाम भेटत। संगहि शहरक सड़क पर अव्यवस्थित ढंग सं होइत फुटकर बिक्री कें व्यवस्थित करबा मे मदद भेटत आ यातायात व्यवस्था सेहो सुचारु करबा मे सहायक होएत।

पिपराढ़ी पंचायत मे बाल श्रमक विरुद्ध व्यापक जागरूकता अभियान

सीतामढ़ी, समदिया

सीतामढ़ी जिलाक बाजपट्टी प्रखंडक अंतर्गत पिपराढ़ी पंचायत मे बाल श्रम उन्मूलन कें लए कए व्यापक जनजागरूकता अभियान चलाओल जा रहल अछि। श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, पंचायत स्तरीय बाल कल्याण आ संरक्षण समिति तथा अदिथी कवच परियोजनाक संयुक्त तत्वावधान मे चलि रहल एहि अभियानक उद्देश्य पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनायब अछि। श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी अभय पांडेयक नेतृत्व मे पिपराढ़ी पंचायत कें बाल श्रम मुक्त पंचायत बनाबय लेल चयन कएल गेल अछि। ग्राम पंचायत, स्थानीय जनप्रतिनिधि, विद्यालयक प्रधानाध्यापक आ शिक्षक, आंगनवाड़ी सेविका, स्थानीय नागरिक तथा अदिथी कवच परियोजनाक संयुक्त प्रयास सं पंचायत मे बाल श्रमक विरुद्ध प्रभावी वातावरण तैयार भेल अछि। अभियान कें सफल बनाबय मे मुखिया ललित कापरक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। प्रधानाध्यापक रणधीर कुमार झा, असलम अंसारी, पंकज कुमार, मीनाक्षी प्रिया, जितेंद्र कुमार सिंह, रामवती कुमारी आ सोनी कुमारीक संग अदिथी कवच परियोजनाक प्रखंड समन्वयक प्रशांत कुमार लगातार जनजागरूकता अभियान चला रहल छथि। अभियानक माध्यम सं लोक सभ कें बाल श्रमक दुष्परिणामक जानकारी देल जा रहल अछि आ बच्चा सभ कें शिक्षा सं जोड़बाक संग हुनकर अधिकार, सुरक्षा आ सम्मान सुनिश्चित करबाक लेल जागरूक कएल जा रहल अछि। पंचायत कें शीघ्र औपचारिक रूप सं बाल श्रम मुक्त घोषित कएल जाएत। अदिथी कवच परियोजनाक कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंह कहलनि, बाल श्रम मुक्त पंचायत मात्र एकटा घोषणा नहि, बल्कि प्रत्येक बच्चा कें शिक्षा, सुरक्षा आ सम्मानक संग बचपन देबाक सामूहिक संकल्प अछि। पिपराढ़ी पंचायत मे विभिन्न विभाग आ समुदायक सामूहिक प्रयास सं ई संकल्प आब साकार होइत देखाइत अछि।

11 आ 28 सं 30 सितंबरक तीन दिवसीय हड़ताल कें सफल बनेबाक अपील

दरभंगा, समदिया

बैंककर्मी सं हड़ताल कें सफल बनेबाक आह्वान

यूनाइटेड फोरम ऑफ बैंक यूनियन (यूएफबीयू)क दिस सं लंबित मांग सभ कें लए कए प्रस्तावित हड़तालक समर्थन मे मंगलदिन सभा आयोजित कएल गेल। यूएफबीयूक जिला संयोजक रमण कांत मिश्रक अध्यक्षता मे आयोजित सभा मे बैंककर्मीसब सरकार सं लंबित मांग सभ कें शीघ्र लागू करबाकमांग कएलनि। सभा मे वक्ता सभ कहलनि जे बैंककर्मी दीर्घ समय सं सप्ताह मे पांच दिन कार्यदिवसलागू करबाक मांग करैत आबि रहल छथि। सरकार बरख 2024 मे एहि मांग कें स्वीकार सेहो केने छल, मुदा आब धरि एकरा लागू करबा मे विलंब कएल जा रहल अछि। एहि सं बैंककर्मीसब मे असंतोष अछि। वक्ता सभ परफॉर्मेंस लिंक्ड इंसेंटिव (पीएलआई) कें लए कए सरकारक नीतिपर सेहो सवाल उठौलनि।हुनकर आरोप छल जे बैंक सभ मे अनावश्यक हस्तक्षेप कए कर्मचारीसभक बीच विभेद उत्पन्न करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। संगहि बरख 2024 मे भेल द्विपक्षीय समझौता अंतर्गत स्वीकार कएल गेल मांग सभ कें लागू करबाक मांग सेहो प्रमुखता सं उठाओल गेल। यूएफबीयूक वरिष्ठ नेता अजीत कुमार सिंह आ प्रदीप मिश्र आगामी 11 सितंबरक एकदिवसीय, 28, 29 आ 30 सितंबरक तीनदिवसीय तथा 26 अक्टूबर सं प्रस्तावित अनिश्चितकालीन हड़ताल कें शत-प्रतिशत सफल बनेबाक आह्वान कएलनि। ट्रेड यूनियन नेता फूल कुमार झा, सत्यप्रकाश चौधरी आ राजीव चौधरी सहित अन्य नेतासब आंदोलन कें पूर्ण समर्थन देबाक घोषणा कएलनि। सभा मे कुमार विष्णु, यशवंत कुमार, कैलाश कुमार, अमित कुमार, कुमारी कोमल, प्रशांत कुमार, नवीन भारती, अतनु सिन्हा, सुनील झा, सन्नू ठाकुर आ भूपेश कुमार सहित विभिन्न बैंकक कर्मचारी उपस्थित छलाह।

एनईपीक अनुरूप आचार्य पाठ्यक्रम तैयार करबाक त्रिदिवसीय कार्यशाला संपन्न

दरभंगा, समदिया

कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे राष्ट्रीय शिक्षा नीति (एनईपी) 2020 आ यूजीसीक करिकुलम एंड क्रेडिट फ्रेमवर्क फॉर पोस्ट ग्रेजुएट प्रोग्रामक अनुरूप आचार्य पाठ्यक्रम सभ कें व्यवस्थित करबाक लेल आयोजित त्रिदिवसीय कार्यशाला बुधदिन संपन्न भेल। कार्यशाला मे तैयार कएल गेल पाठ्यक्रम कें नामित विषय विशेषज्ञ एक सप्ताहक भीतर आखरी रूप दए अध्यक्ष, छात्र कल्याण कार्यालय मे प्रस्तुत करताह। समापन कार्यक्रमक अध्यक्षता करैत कुलपति प्रो. लक्ष्मी निवास पांडेय कहलनि जे राजभवन आ राज्य सरकार पाठ्यक्रम निर्माण लेल विश्वविद्यालय पर विश्वास केने अछि। विश्वविद्यालय पूर्व मे सेहो एहि विश्वास पर खरा उतरैत रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि बेर सेहो विषयक चयन मे छात्रहित कें सर्वोच्च प्राथमिकता देल जाएत। कुलपति सभ विषय विशेषज्ञ कें पाठ्यक्रम निर्माणक काज मे विशेष रूप सं सजग रहबाक सलाह देलनि। पीआरओ डॉ. निशिकांत कहलनि जे 7 सं 9 सितंबर धरि आयोजित कार्यशाला मे दू वर्षीय आचार्यक तृतीय आ चतुर्थ सेमेस्टर तथा एक वर्षीय आचार्यक प्रथम आ द्वितीय सेमेस्टरक पाठ्यक्रम तैयार कएल गेल। कार्यशाला मे वेद, व्याकरण, ज्योतिष, साहित्य, दर्शन आ धर्मशास्त्र विषयक विशेषज्ञ सभ भाग लेलनि। कार्यशालाक संयोजक अध्यक्ष छात्र कल्याण प्रो. पुरेंद्र वारिक तथा सह-संयोजक विशेष कार्य पदाधिकारी (शैक्षणिक) डॉ. रामसेवक झा छलाह। स्नातकोत्तर दर्शन विभागक डॉ. छबिलाल न्यौपाने तकनीकी सहयोग देलनि। मौका पर कुलसचिव डॉ. दिनेश झा, वित्त पदाधिकारी डॉ. पवन कुमार झा आ सहायक गोपाल उपाध्याय उपस्थित छलाह।

बाढ़ि सं ग्रामीणक बाट रुकल, नाहक इंतजार मे कटि रहल जिनगी

कुशेश्वरस्थान, समदिया

कोशी भूतही बलानक बढ़ैत पानि सं कतेको गाम प्रभावित

कोशी आ भूतही बलान नदीक बढ़ैत जलस्तर सं प्रखंडक निचला इलाका मे रहनिहार ग्रामीणक कठिनाइ बढ़ि गेल अछि। नदीक पानि गामक आसपास पसैर गेलाक बाद कतेको ग्रामीण बाट आ घाट पानि मे डूबि गेल अछि। एहि कारणे लोकक घर सं बाहर निकलनाइ सेहो कठिन भए गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक लोकक सोझां सुरक्षित आवागमनक समस्या सभ सं पैघ बनि गेल अछि। कोशी नदीक बढ़ैत पानि सं उजुआ सिमरटोका पंचायतक सिमरटोका, झाझा, कोदरा, गैजोरी आ बुढ़िया सुकरासी गाम प्रभावित अछि। तिलकेश्वर पंचायतक अरथुआ, गोलमा आ तिलकेश्वर तथा उसरी पंचायतक हरिनाही, कौनिया आ सगरदीना गाम मे सेहो पानि पसैर गेल अछि। सूघराईन पंचायतक भरैन गाम मे सेहो बाढ़िक पानि पहुंचला सं ग्रामीण परेशान छथि। भूतही बलानक बढ़ैत जलस्तर सं सूघराईन पंचायतक सभ गामक कठिनाइ बढ़ि गेल अछि। कतेको ग्रामीण बाट पर पानि चढ़ि गेलाक कारण लोक सभ कें पैदल अथवा दोसर साधन सं आवागमन करब कठिन भए रहल अछि। सभ सं गंभीर स्थिति सूघराईन गोंगा घाट तथा सूघराईन पुरबारी टोल मुसहरी/मलहर टोली घाटक बताओल जा रहल अछि। नव बाबू आ मंटून राय केर घरक आगू स्थित घाट पर सेहो पानिक दबाव बढ़ि गेल अछि। ग्रामीणक कहब अछि जे एहि बाट सभ सं आवागमन अत्यंत कठिन भए गेल अछि। बाढ़िक कारण सभ सं बेसी परेशानी बच्चा, महिला आ बुजुर्ग सभ कें उठाबय पड़ि रहल अछि। पानि मे डूबल बाटक कारण बच्चा सभ कें विद्यालय पठेनाइ कठिनभए गेल अछि। ओतहि बुजुर्ग आ बेमार लोक कें इलाज अथवा औषधि लेल बाहर लए जायब चुनौती बनि गेल अछि। गर्भवती महिला आ छोट बच्चा रहल परिवार सभ कें आपात स्थिति मे सुरक्षित स्थान धरि पहुंचाबय कें लए कए सेहो ग्रामीण चिंतित छथि। दैनिक मजदूरी कएनिहार लोकक परेशानी सेहो बढ़ि गेल अछि। बाट आ घाट बाधित भेलाक कारण कतेको लोक काज पर नहि जा पाबि रहल छथि। बाजार सं राशन, औषधि आ दोसर जरूरी सामान अनय मे सेहो अतिरिक्त परेशानी भए रहल अछि। ग्रामीणक कहब अछि जे पानि आरो बढ़ल तं कतेको गामक संपर्क पूर्ण रूप सं प्रभावित भए सकैत अछि। ग्रामीणक कहब अछि जे जाहि घाट पर पानि बेसी अछि, ओतय नियमित नावक आवश्यकता अछि। समय पर नाव उपलब्ध नहि भेलाक कारण जरूरी काज लेल सेहो लोक सभ कें जोखिम उठाकऽ पानि पार करय पड़ि रहल अछि। ग्रामीण प्रशासन सं प्रभावित घाट सभ पर पर्याप्त संख्या मे सरकारी नाव उपलब्ध करयबाक मांग केने छथि, जाहि सं आपात स्थिति मे लोक सभ कें परेशानी नहि हो। एहि बीच सीओ राकेश रौशन भारती कहलनि जे बाढ़ि प्रभावित गाम सभ मे फिलहाल 10टा नाव चलाओल जा रहल अछि। जतय सेहो नावक आवश्यकता होयत, ओतय नावक संचालन कराओल जाएत। प्रशासनक दिस सं बाढ़िक स्थितिक लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि। ग्रामीण प्रशासन सं मांग केने छथि जे प्रभावित गाम आ घाटसभक लगातार निरीक्षण कएल जाय तथा जलस्तर बढ़लाक स्थिति मे पहिने सं नाव, राहति सामग्री आ बचाव दलक व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाय। हुनकर कहब अछि जे बाढ़िक समय राहति तखने प्रभावी भए सकत, जखन जरूरतक समय लोक धरि पहुंचबाक आ हुनका सुरक्षित बाहर निकालबाक व्यवस्था पहिने सं तैयार रहत।

12 सितंबर धरि एकमुश्त निपटान योजनाक भेटत लाभ

पुरान ट्रैफिक चालान चुकता करबाक नीक अवसर, 50 प्रतिशत धरि भेटत छूट

सहरसा, समदिया

दू दिन मे 15 सं बेसी चालानक निपटारा सं 60 हजार सं बेसी राशि जमा

पुरान यातायात चालानक निपटारा लेल परिवहन विभाग द्वारा एकमुश्त यातायात चालान निपटान योजना, 2026क अंतर्गत विशेष पहल शुरू कएल गेल अछि। एहि योजनाक माध्यम सं वाहन मालिक आ चालक अपन पुरान लंबित चालानक निपटारा 50 प्रतिशत धरि कटौतीक बाद कए सकैत छथि। योजना 7 सितंबर सं शुरू भेल अछि आ 12 सितंबर धरि एकर लाभ लेल जा सकैत अछि। जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल कहलनि जे निर्धारित अवधिक भीतर वाहन मालिक आ चालक अपन लंबित यातायात चालानक राशि जमा कए योजनाक लाभ उठा सकैत छथि। ओ कहलनि जे योजना शुरू भेलाक दू दिनक भीतर 15 सं बेसी पुरान चालानक निपटारा कएल जा चुकल अछि। एहि सं विभाग कें 60 हजार सं बेसी रुपैयाक राशि प्राप्त भेल अछि। परिवहन विभाग कें आशा अछि जे एकमुश्त निपटान योजनाक लाभ उठाबय लेल बेसी सं बेसी वाहन मालिक आगू आओत आ अपन पुरान लंबित चालानक निपटारा करत। विभागक एहि पहल सं पुरान चालानक बोझ कम करबाक संग यातायात नियमक पालनलेल लोक सभ कें सेहो प्रोत्साहन भेटत। जिला परिवहन पदाधिकारी कहलनि जे यातायात नियमक उल्लंघन करबाक स्थिति मे मोटर वाहन अधिनियमक विभिन्न धाराक अंतर्गत वाहन चालक अथवा वाहन मालिकक विरुद्ध चालान काटल जाइत अछि। मुदा एकमुश्त यातायात चालान निपटान योजनाक अंतर्गतसभ प्रकारक चालान पर छूटक प्रावधान नहि अछि। किछु गंभीर प्रकृतिक यातायात उल्लंघन कें एहि योजनाक दायरा सं बाहर राखल गेल अछि। गंभीर उल्लंघन मे खतरनाक ढंग सं वाहन चलायब, शराब अथवा नशीला पदार्थक प्रभाव मे वाहन चलायब, वाहन चलबैत समय मोबाइल फोनक प्रयोग करब, गलत ढंग सं ओवरटेक करब, रेसिंग करब, बिना परमिट वाहन चलायब, ओवरलोडिंग तथा नाबालिग द्वारा वाहन चलयबाक मामिला शामिल अछि। एहि तरहक मामिला मे निर्धारित कानूनी कारबाइ जारी रहत। विभागक अनुसार सामान्य यातायात नियमक उल्लंघनक किछु मामिला मे 500 रुपैया धरि शमन राशि निर्धारित अछि। जखन कि गंभीर प्रकृतिक उल्लंघनक मामिला मे बेसी जुर्माना लगबाक संग कारावासक सेहो प्रावधान अछि। नाबालिग द्वारा वाहन चलयबाक मामिला मे अभिभावक अथवा वाहन मालिक पर कारबाइ कएल जा सकैत अछि। संगहि वाहनक पंजीकरण निलंबित करबाक प्रावधान सेहो अछि। परिवहनविभाग वाहन चालक सभ सं यातायात नियमक सख्ती सं पालन करबाक अपील केने अछि। विभाग कहलनि जे वाहन चालक निर्धारित गति सीमा, लेन अनुशासन आ अन्य यातायात नियमक पालन करथि। संगहि जाहि वाहन मालिक अथवा चालकक पुरान चालान लंबित अछि, ओ 12 सितंबर धरि एकमुश्त यातायात चालान निपटान योजनाक लाभ उठाकए अपन चालानक निपटारा करा सकैत छथि।

नवम राष्ट्रीय पोषण माहक भेल शुरुआत

बेनीपट्टी, समदिया

बुधदिन नवम राष्ट्रीय पोषण माहक शुभारंभ कएल गेल। एकर प्रसारण जिला मुख्यालय सं लए कए प्रखंड, पंचायत आ आंगनबाड़ी केंद्र धरि कएल गेल। वाराणसी मे आयोजित मुख्य कार्यक्रम मे केंद्रीय महिला एवं बाल विकास मंत्री अन्नपूर्णा देवी आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पोषण माहक उद्घाटन कएलनि। ओहि कार्यक्रमक प्रसारण बेनीपट्टी प्रखंड कार्यालय स्थित मेघदूतम टीपीसी भवनक सभागार मे सेहो कएल गेल। एहि अवसर पर बीडीओ महेश्वर पंडित, एमओ रोहित रंजन झा, जीविका बीपीएम प्रणवतोष मिश्र आ पीएचसीक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. पीएन झा सहित अन्य अधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह। कार्यक्रम मे पैघ संख्या मे जीविका दीदी आ आंगनबाड़ी सेविका सभ सेहो भाग लेलनि। एकरा संग एक मास धरि चलयबला पोषण माहक विभिन्न गतिविधिक सेहो शुरुआत भए गेल।आंगनबाड़ी, पंचायत आ प्रखंड स्तर पर अलग-अलग कार्यक्रम आयोजित कएल जाएत। एहि गतिविधिकमाध्यम सं आम लोक कें पोषणक महत्वक प्रति जागरूक करबाक, स्वस्थ जीवनशैली अपनाबय लेल प्रेरित करबाक आ पोषण संबंधी जागरूकता कें व्यापक स्तर धरि पहुंचाबयक प्रयास कएल जाएत। बताओल गेल जे नवम राष्ट्रीय पोषण माहक मुख्य उद्देश्य गर्भवती महिला, स्तनपान कराबयवाली माता, बच्चा आ किशोरीसभक पोषण, स्वास्थ्य आ देखभालक प्रति देशव्यापी जागरूकता बढ़ेनाय आ कुपोषण कें समाप्त करब अछि। बरख 2026 मे ई अभियान हमर आंगनबाड़ी, हमर जिम्मेदारी थीमक अंतर्गत चलाओल जा रहल अछि। एहि अंतर्गत आंगनबाड़ी केंद्र सभ कें पोषण आ प्रारंभिक शिक्षाक मजबूत केंद्रक रूप मे विकसित करबाक संग जन-सहभागिता बढ़ेबाक पर विशेष जोर देल जाएत।

365.79 लीटर विदेशी शराब आ 10 लीटर कोरेक्स संग दू तस्कर गिरफ्तार

सहरसा, समदिया

सदर थाना पुलिस अवैध शराब आ नशीला पदार्थक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत पैघ कारबाइ करैत 365.79 लीटर विदेशी शराब आ 10 लीटर प्रतिबंधित कोरेक्स सिरप बरामद कएलक अछि। पुलिस घटनास्थल सं दू कथित तस्कर कें गिरफ्तार करबाक संग पांचटा मोटरसाइकिल आ एकटा टेंपो सेहो जब्त कएलक अछि। पुलिसक अनुसार, पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देश पर जिला मे अवैध मादक पदार्थ, शराबक निर्माण, बिक्री, भंडारण आ परिवहनक विरुद्ध लगातार अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे 7 सितंबरक राति सदर थाना पुलिसक दल गश्ती आ छापेमारी करैत छल। तहिना पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे विद्यापति नगरक लग एकटा खंडहरनुमा मकान मे नशीला पदार्थक खरीद-बिक्री लेल किछु लोक एकत्रित भेल अछि। सूचनाक सत्यापनक बाद पुलिसक दल ओहि ठाम पहुंचल। पुलिसक गाड़ी देखिते ओतय उपस्थित किछु लोक मोटरसाइकिल आ टेंपो छोड़ि कए भागय लागल। सशस्त्र बलक सहयोग सं पुलिस दू गोटे कें पकड़ि लेलक। पूछताछक क्रम मे गिरफ्तार लोकक पहचान मधेपुरा जिलाक श्रीनगर थाना क्षेत्रक कुमारखंड निवासी राजीव रंजन आ सहरसा जिलाक सौरबाजार थाना क्षेत्रक मदुरा निवासी दीपक कुमारक रूप मे भेल। पुलिसक अनुसार, तलाशी लेलाक बाद वाहन सभ सं विदेशी शराब आ कोरेक्स सिरप बरामद कएल गेल।एहि मामिला मे सदर थाना कांड संख्या 1097/2026 दर्ज कएल गेल अछि। गिरफ्तार दुनू आरोपितक विरुद्ध अग्रेतर कानूनी कारबाइ कएल जा रहल अछि। पुलिसक कहब अछि जे जिला मे अवैध शराब आ नशीला पदार्थक निर्माण, बिक्री, भंडारण आ तस्करीक विरुद्ध अभियान आगू सेहो जारी रहत।

डीयू हॉस्टलक कमी सं बढ़ल पीजी माफियाक मनमानी

समृद्धि तिवारी

राजधानीक सत्य निकेतन मे रातिभर मलबा मे फंसल छात्र सभ कें निकालबाक आ तकर बाद प्रदर्शन मे सम्मिलित भेलाक पश्चात पसीना सं पूरा तर भिजल आ बिना सुतल 18 वर्षीय ऋषभ सौरवक मोन मे मात्र एकटा प्रश्न छल – जं एतय हम रहितहुं तं? कोलकाता सं रामलाल आनंद कॉलेज मे राजनीति विज्ञान पढ़बाक लेल दिल्ली अयला हुनका एखन मुश्किल सं दू मास भेल अछि। मुदा एतेक कम समय मे हुनका दिल्ली विश्वविद्यालयक छात्र क्षेत्र मे रहबाक वास्तविकताक सामना करय पड़ल। कॉलेजक छात्रावास मे स्थान नहि भेटलाक बाद ऋषभ कें पेइंग गेस्ट (पीजी) मे रहय पड़ल। ऋषभक चिंता दिल्ली विश्वविद्यालयक हजारो छात्रक साझा समस्या देखबैत अछि। देशक विभिन्न भाग सं उच्च शिक्षा लेल दिल्ली अबैत छात्र सभ कें परिसर मे छात्रावासक कमी रहबाक कारण छोट, महंग पीजी अथवा किरायाक फ्लैट मे रहय पड़ैत अछि, जतय सुरक्षाक आधारभूत सुविधा सभ सेहो उपलब्ध नहि रहैत अछि। रवि सत्य निकेतनक एकटा पीजी भवन ढहि पड़ल। एहि दुर्घटना मे सात लोकक मृत्यु भेल। घटनाक बाद एक बेर फेर डीयू सं जुड़ल छात्रावास आ निजी आवासक समस्या उजागर भेल। एहि घटना सं ई बात स्पष्ट भेल जे व्यावसायिक रूप धारण करैत जा रहल डीयू लगक आवासीय क्षेत्र मे छात्र पीजी मालिक, दलाल आ मकान मालिकक बीच फंसल छथि। सोम दुपहर धरि छात्रसभक आक्रोश सड़क पर देखल गेल। ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन, नेशनल स्टूडेंट्स यूनियन ऑफ इंडिया आ अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषदक छात्र संगठन सभ दक्षिण परिसर मे अलग-अलग प्रदर्शन केलनि। हुनकर मांग छल जे पीजी पर कठोर नियम लागू हो, सुरक्षाक जांच कराओल जाए आ मकान मालिकक कानूनी जवाबदेही निश्चित कएल जाए। ई प्रदर्शन सितंबर मे होमयबला दिल्ली विश्वविद्यालय छात्र संघ चुनाव सं किछु सप्ताह पूर्व भेल अछि। एहि कारण छात्रावासक प्रश्न छात्र संगठन सभक चुनावी घोषणापत्रक महत्वपूर्ण विषय बनि सकैत अछि। एनएसयूआइ केर संभावित डीयूएसयू उम्मीदवार दीपांशु शोकीन कहलनि जे ई समस्या बहुत वर्ष सं चलि रहल अछि। एहि विषय पर कतेको बेर चर्चा भेल आ आवाज उठाओल गेल, मुदा सत्य निकेतनक घटना सं ई प्रश्न फेर सामने आबि गेल अछि। दिल्ली विश्वविद्यालयक कुलपति योगेश सिंह सोमदिन एकटा बयान जारी कए सभ प्राचार्य कें एहि प्रकारक दुखद घटना फेर नहि हो, ताहि लेल आवश्यक डेग उठेबाक निर्देश देलनि। हुनका द्वारा निमार्णाधीन छात्रावास परियोजनाक काज सेहो शीघ्र पूरा करबाक बात कहल गेल, जाहि सं छात्र सभ कें शीघ्र आवासीय सुविधा भेटि सकय। जतय संभव हो, ओतय नव छात्रावास बनयबाक योजना तैयार करबाक निर्देश सेहो देल गेल। ऋषभ कहलनि जे दूर-दराजक स्थान सं अबैत छात्र प्रायः अनुशंसा आ परिचितक भरोसे रहैत छथि। हुनका कहल

गेल जे पीजी सस्ता विकल्प अछि। मुदा नीक कोठली ताकब कठिन रहल। कतेको दिनक प्रयासक बाद हुनका साझा कोठली मे एकटा बेड भेटल, जाहि लेल 16 हजार टाका देबय पड़ैत अछि। ओहि ठाम एकटा अपेक्षाकृत सस्ता कमरा 8 हजार टाका मे उपलब्ध छल। मुदा 16 हजार टाका देलाक बादो सुरक्षाक कोनो गारंटी नहि छल। हुनकर कहब छल जे भवन सभ एक-दोसरा सं सटल अछि। जगह अत्यंत कम अछि। जं एकटा भवन ढहि पड़त तं दोसर भवन सेहो प्रभावित भए सकैत अछि। अग्निसुरक्षाक उचित व्यवस्था नहि, आपातकालीन निकास नहि आ प्रत्येक तल पर अत्यधिक छात्र रहैत छथि। सत्य निकेतनक संकरा गली सभ चारि-पांच तल बला पीजी भवन सं भरल अछि। बहुत रास कोठली मे प्राकृतिक प्रकाश धरि ठीक सं नहि पहुंचैत अछि। कतेको गली एतेक संकुचित अछि जे अग्निशमन गाड़ी अथवा जेसीबीक पहुंचनाइ सेहो कठिन अछि। आपातकाल मे एंबुलेंस कें मुख्य सड़क पर रुकय पड़ैत अछि। छात्रसभक आरोप अछि जे दू लोक लेल बनल भवन पर अवैध रूप सं चारि-पांच तल जोड़ि देल गेल अछि। भवन सभ मे एकेटा निकास मार्ग अछि आ अग्निसुरक्षाक उपकरणक सेहो अभाव अछि।

डीयूक असल समस्या : विश्वविद्यालय मे छात्रावासक कमी छात्रसभक विकल्प कें बहुत सीमित कए देने अछि। रामजस आ हिंदू कॉलेज जेकां संस्थान मे छात्रावास बंद अछि अथवा पुनर्निर्माणक प्रक्रिया मे अछि। फलतः बहुत रास छात्र कें निजी आवासीय बाजारक शरण लेबय पड़ैत अछि। डीयू मे लगभग एक लाख छात्रक तुलना मे करीब 22-23टा छात्रावास अछि। सभ छात्र कें छात्रावास उपलब्ध करेनाइ संभव नहि अछि। कछु कॉलेज लग छात्रावास लेल जमीन अथवा पर्याप्त जगह तक नहि अछि। एचईएफए सं डीयूक विभिन्न परियोजनाक लेल करोड़ो रुपैयाक स्वीकृति भेटल अछि। मुदा छात्रावासक आवश्यकता आ निर्माणक गति बीचक अंतर एखनहुं बनल अछि। विश्वविद्यालय प्रशासन निमार्णाधीन छात्रावासक काज शीघ्र पूरा करबाक बात कहैत अछि। नॉर्थ कैंपसक कमला नगर, विजय नगर आ हडसन लेन सन क्षेत्र सेहो छात्र आवासक प्रमुख केंद्र बनि गेल अछि। मुदा एतय बिजलीक तार, खुलल कूड़ा, खराब जलनिकास आ पुरान भवनक समस्या आम अछि। बहुत रास आवासीय भवन कें पीजी मे बदलि देल गेल अछि। बिहारक औरंगाबाद सं अयल हिंदू कॉलेजक छात्र सुभाष आर्य कें सेहो छात्रावास नहि भेटल। हुनका विजय नगर मे पीजी लेबय पड़ल, जाहि लेल 12 हजार टाका खर्च होइत अछि। हुनकर कहब अछि जे कोठरी मे रौद नहि अबैत अछि, टाइल्स टूटल अछि आ भवनक स्थिति सेहो संतोषजनक नहि अछि। अभाविप केर संभावित डीयूएसयू उम्मीदवार ईशु मौर्यक अनुसार छात्रावासक सुविधा मात्र चुनावी मुद्दा नहि, बल्कि छात्रसभक निरंतर आवश्यकता अछि। हुनकर मांग अछि जे छात्र सभ कें सुरक्षित छात्रावास उपलब्ध कराओल जाए, किराया नियंत्रणक कानून लागू हो आ पीजीक नियमित सुरक्षा-जांच सुनिश्चित कएल जाए।

किराया नियंत्रण कानूनक मांग : कतेको छात्रक लेल निजी पीजी छोड़ि फ्लैट किराया पर लेब अपेक्षाकृत सस्ता विकल्प बुझाइत अछि। मुदा निजी फ्लैट मे सेहो कतेको समस्या अछि। रामजस कॉलेजक छात्र सचिन कांत झा बतबैत छथि जे कॉलेज लग किराया बेसी होइत अछि आ छात्र सभ कें दूरक पुरान आ खराब रखरखावबला मकान मे रहय पड़ैत अछि। दलाल सभक माध्यम सं कोठली तकबाक प्रक्रिया सेहो महग अछि। आधारभूत सुविधा, विशेष रूप सं चलैत स्नानघर अथवा शौचालयबला कोठली देखेबाक लेल सेहो भारी शुल्क देबय पड़ैत अछि। बरसातक समय मे कतेको फ्लैट मे नाला आ वर्षाक गंदा पानि प्रवेश कए जाइत अछि। छात्र सभ कं चूहा, सीवेज, जलजमाव आ अस्वच्छताक समस्या सं जूझय पड़ैत अछि। कतेको छात्र पतरका गद्दा फर्श पर बिछा कए सुतैत छथि। सवाल एखन सेहो ओतबे पैघ अछि – देशक विभिन्न भाग सं उच्च शिक्षा लेल दिल्ली अबैत छात्र सभ कें पढ़ाइक लेल सुरक्षित आ सम्मानजनक आवास आखिर कहिया भेटत? छात्रावासक कमी जं दूर नहि कएल गेल आ निजी पीजी पर प्रभावी निगरानी नहि भेल, तं छात्रसभक असुरक्षा आ आर्थिक बोझ दुनू बढ़ैत रहत।

एहि दुर्घटना मे सात लोकक मृत्यु भेल। घटनाक बाद एक बेर फेर डीयू सं जुड़ल छात्रावास आ निजी आवासक समस्या उजागर भेल। एहि घटना सं ई बात स्पष्ट भेल जे व्यावसायिक रूप धारण करैत जा रहल डीयू लगक आवासीय क्षेत्र मे छात्र पीजी मालिक, दलाल आ मकान मालिकक बीच फंसल छथि। सोम दुपहर धरि छात्रसभक आक्रोश सड़क पर देखल गेल। ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन, नेशनल स्टूडेंट्स यूनियन ऑफ इंडिया आ अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषदक छात्र संगठन सभ दक्षिण परिसर मे अलग-अलग प्रदर्शन केलनि। हुनकर मांग छल जे पीजी पर कठोर नियम लागू हो, सुरक्षाक जांच कराओल जाए आ मकान मालिकक कानूनी जवाबदेही निश्चित कएल जाए। ई प्रदर्शन सितंबर मे होमयबला दिल्ली विश्वविद्यालय छात्र संघ चुनाव सं किछु सप्ताह पूर्व भेल अछि। एहि कारण छात्रावासक प्रश्न छात्र संगठन सभक चुनावी घोषणापत्रक महत्वपूर्ण विषय बनि सकैत अछि। एनएसयूआइ केर संभावित डीयूएसयू उम्मीदवार दीपांशु शोकीन कहलनि जे ई समस्या बहुत वर्ष सं चलि रहल अछि। एहि विषय पर कतेको बेर चर्चा भेल आ आवाज उठाओल गेल, मुदा सत्य निकेतनक घटना सं ई प्रश्न फेर सामने आबि गेल अछि। दिल्ली विश्वविद्यालयक कुलपति योगेश सिंह सोमदिन एकटा बयान जारी कए सभ प्राचार्य कें एहि प्रकारक दुखद घटना फेर नहि हो, ताहि लेल आवश्यक डेग उठेबाक निर्देश देलनि। हुनका द्वारा निमार्णाधीन छात्रावास परियोजनाक काज सेहो शीघ्र पूरा करबाक बात कहल गेल, जाहि सं छात्र सभ कें शीघ्र आवासीय सुविधा भेटि सकय। जतय संभव हो, ओतय नव छात्रावास बनयबाक योजना तैयार करबाक निर्देश सेहो देल गेल।

ब्रिक्स शिखर सम्मेलन : सवाल वैश्विक आर्थिक नेतृत्वक

किशन सनमुखदास भावनानी

12-13 सितंबर 2026 कें भारतक मेजबानी मे होमय जा रहल ब्रिक्स शिखर सम्मेलन ग्लोबल साउथक शक्ति प्रदर्शनक एकटा ऐतिहासिक अवसर बनि रहल अछि। प्रश्न ई अछि जे एहि सम्मेलन सं वैश्विक अर्थव्यवस्थाक नव दिशा तय होयत आ 21म सदीक आर्थिक नेतृत्व कोन शक्ति अथवा कोन प्रकारक व्यवस्था करत? वैश्विक आर्थिक आ कूटनीतिक व्यवस्था एहन मोड़पर ठाढ़ अछि, जतय शक्तिक अर्थ मात्र सैन्य क्षमता अथवा जीडीपी नहि रहि गेल अछि। पूंजी, तकनीक, ऊर्जा, डिजिटल आधारभूत संरचना, विदेशी मुद्रा, आपूर्ति शृंखला, बाजार आ वैश्विक संस्थासभपर प्रभाव - ई सभ मिलि कए आब कोनो देशक वास्तविक शक्ति निर्धारित करैत अछि। एहि बदलैत वैश्विक समीकरणक बीच भारत 12-13 सितंबर कें नयी दिल्लीक भारत मंडप मे 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक मेजबानी करय जा रहल अछि।

2026 मे ब्रिक्सक स्थापनाक 20 वर्ष पूरा भए रहल अछि आ भारत चारिम बेर एकर अध्यक्षता कए रहल अछि। भारतीय अध्यक्षताक मुख्य विषय अछि - लचीलापन, नवाचार, सहयोग आ स्थायित्व लेल निर्माण। एकर केंद्र मे ग्लोबल साउथ अर्थात विकासशील देशसभक प्राथमिकता कें वैश्विक मंचपर बेसी प्रभावशाली ढंग सं प्रस्तुत करब आ सहयोग कें व्यवहारिक परिणाम मे बदलब अछि। वर्षभरि मे भारतक 25 सं बेसी शहर मे 350 सं बेसी बैठक आ उच्चस्तरीय संवाद आयोजित भए चुकल अछि। एहि कारण 12-13 सितंबरक शिखर सम्मेलन वर्षभरि चलल व्यापक कूटनीतिक प्रयासक निर्णायक राजनीतिक मंच बनय जा रहल अछि। सबसं पैघ प्रश्न स्वाभाविक रूप सं जी-7 बनाम

ब्रिक्सक अछि। जी-7 विकसित औद्योगिक लोकतंत्रसभक शक्तिशाली समूह अछि, जकर वैश्विक वित्त, उच्च तकनीक आ संस्थागत प्रभावपर मजबूत पकड़ अछि। दोसर दिस, ब्रिक्सक विस्तार एकरा मात्र किछु उभरैत अर्थव्यवस्थाक समूह नहि रहने देने अछि। तें प्रश्न ई नहि जे जी-7 जीतत अथवा ब्रिक्स। वास्तविक प्रश्न ई अछि जे वैश्विक आर्थिक नियम, व्यापारिक नेटवर्क, तकनीकी मानक आ विकासक प्राथमिकतापर बेसी प्रभाव कोन समूह अथवा व्यवस्था जमा पाओत।

ब्रिक्सक पैघ शक्ति ओकर ग्लोबल साउथक स्वरूप अछि। भारत लगातार कहैत रहल अछि जे विकासशील देशसभक आवाज वैश्विक शासन संस्था सभ मे हुनकर वास्तविक आर्थिक आ जनसंख्यात्मक शक्तिक अनुरूप सुनाइ पड़बाक चाही। भारतीय अध्यक्षता मे आर्थिक सहयोगक संग तकनीक, डिजिटल सार्वजनिक आधारभूत संरचना, नवाचार, स्टार्टअप, साइबर सुरक्षा आ सतत विकासपर विशेष जोर देल गेल अछि। अगस्त मे भेल ब्रिक्स संचार मंत्री सभक बैठक मे कृत्रिम बुद्धिमत्ता, भविष्यक नेटवर्क तकनीक, डिजिटल कौशल, स्टार्टअप आ नवाचार कें सहयोगक प्रमुख क्षेत्र मानल गेल। भारत ब्रिक्स कें पश्चिम-विरोधी सैन्य अथवा राजनीतिक गठबंधनक रूप मे प्रस्तुत करबाक बदला एकटा बहुध्रुवीय आ बेसी प्रतिनिधित्वपूर्ण वैश्विक व्यवस्थाक मंच बनाबय चाहैत अछि। ई भारतक रणनीतिक स्वायत्तता सं सेहो जुड़ल अछि। रूसक संग ऊर्जा आ रणनीतिक संबंध, चीनक संग प्रतिस्पर्धा आ सहयोग, पश्चिमी देशसभक संग व्यापार आ तकनीकी साझेदारी तथा ग्लोबल साउथक संग विकासात्मक जुड़ाव - ई सभ कें एक संग संतुलित राखनाइ भारत लेल चुनौती सेहो अछि आ अवसर सेहो। सम्मेलन मे चीनक राष्ट्रपति शी जिनपिंगक संभावित उपस्थिति विशेष महत्व राखैत अछि। उपलब्ध जानकारीक अनुसार हुनकर संभावित यात्राक लेल सुरक्षा आ प्रोटोकॉल सं जुड़ल तैयारी आरंभ भए गेल छल, मुदा 8 सितंबर धरि हुनकर यात्राक अंतिम कार्यक्रम सार्वजनिक रूप सं स्पष्ट नहि छल। जं शी जिनपिंग नयी दिल्ली अबैत छथि तं 2019क बाद हुनकर ई पहिल भारत यात्रा होयत आ ब्रिक्सक मंचपर भारत-चीन संबंध कें नव दिशा देबाक अवसर सेहो बनि सकैत अछि।

हिमालयक विकासक अंधदौड़ : बांध, सड़क आ सुरंगक बीच बढ़ैत आपदाक खतरा

मुरली मनोहर मिश्र

नेपालक हालक विनाशकारी घटना हो अथवा केदारनाथ आ धरालीक त्रासदी– हिमालयी क्षेत्र मे घटैत एहन घटना कें मात्र प्राकृतिक आपदा मानि कए आगू बढ़ि जेनाइ पर्याप्त नहि अछि। बाढ़ि, भूस्खलन, हिमताल विस्फोट आ बादल फटनाइ प्रकृतिक प्रक्रिया होइत अछि, मुदा जखन एहि संवेदनशील क्षेत्र मे सड़क, बांध, सुरंग, जलविद्युत परियोजना आ अनियोजित निर्माणक दबाव बढ़ैत अछि, तखन प्राकृतिक खतरा मानवीय त्रासदीक रूप लए सकैत अछि। सवाल ई अछि जे विकासक दौड़ मे की हम हिमालयक वहन-क्षमता आ ओकर प्राकृतिक सीमाक सम्मान कए रहल छी? अथवा सुविधा आ आर्थिक उपलब्धिक लेल प्रकृति संग एहन छेड़छाड़ कए रहल छी, जे भविष्य मे भारी कीमत चुकाबय पड़ि सकैत अछि?

प्रकृति सं संघर्ष नहि, सह-अस्तित्व आवश्यक : नदीक सहज प्रवाह रोकब, बाढ़ि क्षेत्र मे निर्माण करब, पहाड़क पेट चीरि अंधाधुंध सड़क आ सुरंग बनायब, जंगल काटब आ जलवायु परिवर्तनक कारण बढ़ैत तापमान - ई सभ मिलि कए हिमालयक प्राकृतिक संतुलन पर गंभीर दबाव बना रहल अछि। हिमालय कोनो स्थिर भूभाग नहि अछि। ई निरंतर भूगर्भीय गतिविधि, भूस्खलन, हिमनदीक परिवर्तन आ नदीक कटावक प्रक्रिया सं गुजरैत रहल अछि। हिमनदी पिघलब, हिमतालक आकार बदलनाइ, पहाड़क ढलान कमजोर भेनाइ आ नदीक मार्ग मे परिवर्तन प्राकृतिक प्रक्रिया अछि। मुदा जखन एहि प्राकृतिक प्रक्रियाक संग मानवीय हस्तक्षेप जुड़ि

जाइत अछि, तखन एकटा सामान्य प्राकृतिक घटना सेहो व्यापक मानवीय त्रासदी मे बदलि सकैत अछि। तें आवश्यकता प्रकृति कें जीतबाक नहि, बल्कि प्रकृति कें बुझबाक अछि।

केदारनाथ सं धराली धरि : चेतावनी कें बुझनाइ जरूरी : केदारनाथक त्रासदी हो अथवा धरालीक आपदा, प्रत्येक घटना एकटा प्रश्न छोड़ि जाइत अछि - हम पहाड़क वहन-क्षमता कें वास्तव मे कतेक बुझलहुं? हिमालयक भौगोलिक संरचना अत्यंत संवेदनशील अछि। नदीक तट पर अतिक्रमण, जलधाराक प्राकृतिक मार्ग मे निर्माण, अत्यधिक पर्यटन दबाव, पहाड़ काटि सड़क निर्माण आ कमजोर ढलान पर भारी संरचना खतरा बढ़ा सकैत अछि। आपदा कें पूर्णतः रोकब सदैव संभव नहि होइत अछि, मुदा ओकरा मानवीय त्रासदी मे बदलनाइ बहुत हद धरि रोकल जा सकैत अछि।

टिहरी बांध : विकास कि खतराक स्मरण? : टिहरी बांध जलविद्युत, सिंचाइ आ जल प्रबंधनक दृष्टिएं महत्वपूर्ण परियोजना अछि। मुदा हिमालयक संवेदनशील भू-गर्भीय क्षेत्र मे स्थित एहन विशाल संरचनाक सुरक्षा कें मात्र इंजीनियरिंगक प्रश्न मानि देब पर्याप्त नहि अछि। बांधक दीर्घकालीन सुरक्षा, जलाशयक दबाव, ढलानक स्थिरता, भू-स्खलन, गादक जमाव आ शक्तिशाली भूकंपक संभावना पर निरंतर वैज्ञानिक निगरानी आवश्यक अछि। जलाशयक पानि आ भूकंपीय गतिविधिक संबंध पर वैज्ञानिक अध्ययन जरूरी अछि, मुदा प्रत्येक भूकंप कें मात्र बांधक कारण मानब वैज्ञानिक दृष्टिएं उचित नहि होयत।

सवालक जवाब दए एहि पीढ़ीक पीड़ा दूर करी

विश्वनाथ

लगभग तेरह साल पहिलुक बात अछि। तखन नरेंद्र मोदी देशक प्रधानमंत्री नहि छलाह, प्रधानमंत्री पदक उम्मीदवार छलाह। अपन योग्यता आ क्षमता देखेबाक लेल हुनका लग गुजरातक मुख्यमंत्रीक रूप मे कयल गेल काज छल। ओहि समय राजधानी दिल्लीक एकटा कॉलेज मे ओ भाषण देने छलाह। भाषण मे ओ सभ बात छल, जे कोनो उम्मीदवार मतदाता कें आकृष्ट करबाक लेल कहि सकैत अछि। ओहि भाषणक एकटा बात खूब चर्चित भेल छल – आधा भरल आ आधा खाली गिलासक मुहावरा। आशावाद आ निराशावादक अंतर बुझबाक लेल ई उदाहरण प्रायः देल जाइत अछि। कहल जाइत अछि जे गिलास कें आधा भरल देखनिहार आशावादी होइत अछि आ आधा खाली देखनिहार निराशावादी। मुदा तखन नरेंद्र मोदी एहि पुरान मुहावरा मे एकटा नव बात जोड़ि देलनि, जाहि सं घिसल-पिटल बात मे सेहो टटकापन आबि गेल। ओ कहलनि, हमरा गिलास पूरा भरल देखाइत अछि-आधा पानि सं आ आधा हवा सं। तेरह साल बाद नरेंद्र मोदी देशक प्रधानमंत्रीक रूप मे दिल्लीक ओहि श्रीराम कॉलेज ऑफ कॉमर्स मे विद्यार्थी सभ कें आ हुनका बहन्ने देश कें संबोधित करबाक लेल पहुंचलाह। अवसर छल कॉलेजक शताब्दी समारोहक।

जिला मे मत्स्य पालन कें बढ़ावा देबाक लेल मत्स्य विभागक दिस सं प्रशिक्षित मत्स्य बीज उत्पादक लोक कें लगातार संसाधन उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। वित्तीय वर्ष 2026-27 मे पोखरि आ जलाशय मत्स्य विकास तथा जीर्णोद्धार योजनाक अंतर्गत विभाग 210 प्रशिक्षित मत्स्य बीज उत्पादक कें कुल 4,600 लाख स्पॉन उपलब्ध करबाक लक्ष्य निर्धारित केने अछि। एकर तुलना मे एखन धरि 197 लाभुकक बीच 3,596 लाख स्पॉन वितरण कएल जा चुकल अछि। शेष 13 लाभुक कें सेहो लक्ष्यक अनुरूप स्पॉन उपलब्ध करेबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। योजनाक अंतर्गत मत्स्य बीज उत्पादक कें बीज उत्पादन लेल आवश्यक सामग्री सेहो उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। एहि मे मत्स्य स्पॉनक अतिरिक्त मैश फीड आ जाल शामिल अछि। एकरा संगहि मोबाइल रिचार्ज लेल 500 रुपैयाक राशि ब्लॉकचेन तकनीककमाध्यम सं उपलब्ध करेबाक प्रावधान अछि।जिला मत्स्य पदाधिकारी रितु रंजन कहलनि जे प्रशिक्षित मत्स्य बीज उत्पादक लोक कें विभागक दिस सं मत्स्य स्पॉन उपलब्ध कराओल जा चुकल अछि। मंगलदिन कुंडहित प्रखंडक कुंडहित, नामुमानधरा, महेशपुर, बागाशोला, बरमसिया, सिकंदरपुर आ पाटजोड़ गांवक 33 मत्स्य बीज उत्पादकक बीच मैश फीड आ जालक वितरण कएल गेल। विभागक उद्देश्य जिला मे स्थानीय स्तर पर मत्स्य बीज उत्पादन कें बढ़ावा देब अछि, जाहि सं माछ पालक कें गुणवत्तापूर्ण बीज आसानी सं उपलब्ध भए सकय। एहि सं माछ पालनक लागत घटेबाक संगहि मत्स्य बीज उत्पादक आ माछ पालकक आमदनी बढ़ेबा मे सेहो मदति भेटत। विभाग विभिन्न योजनाक माध्यम सं लोक कें प्रशिक्षण, बीज आ अन्य आवश्यक संसाधनउपलब्ध करा रहल अछि।जिला मे मत्स्य पालनक प्रमुख केंद्र अजय आ बराकर नदी क्षेत्र, मैथन डैमक तटीय इलाका तथा सरकारी आ निजी पोखरि अछि। जिला मे 1000 सं बेसी पोखरि मे माछ पालन कएल जा रहलअछि। एहि सं पैघ संख्या मे स्थानीय लोक कें रोजगार आ आमदनीक अवसर भेटि रहल अछि। मत्स्य विभागक प्रयास उपलब्ध जल संसाधनक नीक उपयोग कए जिला मे मत्स्य उत्पादन कें आओर बढ़ावा देब अछि।

अनाथ बच्चाक सर्वेक्षण कें लए आंगनबाड़ी सेविकाक प्रशिक्षण आयोजित

गुमला, समदिया

भरनो प्रखंड कार्यालय सभागार मे मंगलदिन अनाथ बच्चाक सर्वेक्षण कें लए आंगनबाड़ी सेविका लेल एकदिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। प्रशिक्षणक आयोजन सावित्री बाई फुले राष्ट्रीय महिला एवं बाल विकास संस्थान, रांची दिस सं कएल गेल। प्रशिक्षणक उद्देश्य प्रखंड क्षेत्र मे अनाथ बच्चाक पहचान करब, हुनका संबंधी आवश्यक जानकारीजुटाएब आ हुनका सरकारी योजना एवं आवश्यक संरक्षण सं जोड़ब छल। एहि लेल पायलट सर्वेक्षण कार्य कें व्यवस्थित तरहे संचालित करबाक जानकारी देल गेल। प्रशिक्षणक दौरान संस्थाक क्षेत्रीय निदेशक संघमित्रा बारीक आ सहायक निदेशक विनोद कुमार उपस्थित आंगनबाड़ी सेविका कें नाथ बच्चाक पायलट सर्वेक्षणक प्रक्रिया, उद्देश्य आ सर्वेक्षणक दौरान जुटाओल जाय बला आवश्यक जानकारीक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। हुनका सेविका सभ सं अपन-अपन क्षेत्र मे घर-घर जा कए एहन बच्चाक पहचान करय पर विशेष जोर देलनि। सर्वेक्षणक दौरान प्राप्त जानकारी कें सही आ तथ्यात्मक रूप सं दर्ज करबाक बात पर सेहो जोर देल गेल।प्रशिक्षक सभ बतौलनि जे आंगनबाड़ी सेविका ग्रामीण क्षेत्र मे बच्चा आ परिवारक बीच सीधा संपर्क मे रहैत छथि। एहन स्थिति मे अनाथ आ जरूरतमंद बच्चाक पहचान मे हुनकर भूमिकामहत्वपूर्ण अछि।सर्वेक्षणक माध्यम सं एहन बच्चाक वास्तविक स्थितिक पता लगाओल जा सकत। हुनकर संरक्षण, शिक्षा, स्वास्थ्य आ अन्य आवश्यक सहायता उपलब्ध करयक दिशा मे आगूक कारबाइकएल जा सकत। प्रशिक्षणक दौरान सेविका सभ सर्वेक्षण सं संबंधित विभिन्न बिंदुपर सवाल सेहो पुछलनि। प्रशिक्षक सभ आवश्यक जानकारी दए हुनकर समाधान कएलनि। संगहि सर्वेक्षण कार्य कें गंभीरता आ संवेदनशीलताक संग पूरा करबाक निर्देश देल गेल। कार्यक्रमक दौरान अनाथ बच्चा धरि सरकारी सहायता आ संरक्षण योजनाक लाभ पहुंचयबाकलेल सर्वेक्षण कार्य कें सफल बनयबाक पर जोर देल गेल। एहि अवसर पर सीडीपीओ नीलम केरकेट्टा, उर्मिला जायसवाल, सुमन देवी सहित सभ महिला पर्यवेक्षिका आ आंगनबाड़ी सेविका उपस्थित छलीह।

राजगीर नेचर सफारी मे 22 करोड़ सं बनत डायनासोर पार्क

दिसंबर धरि पर्यटक लेल खुजत, जीवंत होयत डायनासोरक दुनिया

राजगीर, समदिया

अंतरराष्ट्रीय पर्यटन स्थल राजगीरक मनोरम वादियों मे स्थित नेचर सफारी मे आब प्रागैतिहासिक कालक रोमांचक दुनिया जीवंत होयत। ग्लास ब्रिजक अपार लोकप्रियताक बाद पर्यटक कें नव अनुभव देबाक लेल करीब 22 करोड़ रुपैयाक लागत सं भव्य डायनासोर पार्क विकसित कएल जा रहल अछि।

परियोजनाक लेल टेंडर प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद कार्यादेश जारी कए देल गेल अछि। करीब 4.5 हेक्टेयर अर्थात लगभग 11 एकड़ क्षेत्र मे पसरल एहि पार्कक निर्माण कार्य तेजी सं चलि रहल अछि आ डायनासोरक सभ मॉडल तैयार कए लेल गेल अछि। वन विभाग दिसंबर 2026 धरि एहि महत्वाकांक्षी परियोजना कें पूरा कए पर्यटक लेल समर्पित करबाक लक्ष्य निर्धारित केने अछि।

सेंसर तकनीक पर आधारित 29 लाइफ-साइज विशाल डायनासोर मॉडल होयत

पार्कक सब सं पैघ आकर्षण आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस आ अत्याधुनिक सेंसर तकनीक पर आधारित 29 लाइफ-साइज विशाल डायनासोर मॉडल होयत। ई मॉडल वास्तविक जीव जकां आंखि झपकायत आ गर्दन घुमायत। पर्यटकक नजदीक पहुंचिते ई दहाड़ि कए प्रागैतिहासिक कालक सजीव अनुभूति कराओत। डायनासोर पार्क कें नेचर सफारीक अंतर्गत नेचर कैंप बला क्षेत्र मे स्थापित कएल जा रहल अछि। बरखाक मौसिम समाप्त भेलाक बाद तैयार मॉडल सभ कें धरातल पर स्थापित करबाक आ लैंडस्केपिंगक कार्य मे तेजी अनल जायत।

'डिनो थीम टॉय ट्रेन' चलयबाक प्रस्ताव

ई पार्क मात्र मॉडल सभक संग्रह नहि, बल्कि एकटा संपूर्ण थीम पार्कक रूप मे विकसित होयत। एतय थीमैटिक लैंडस्केपिंगक अतिरिक्त आधुनिक इंटरप्रिटेशन सेंटर आ उच्चस्तरीय पर्यटक सुविधा विकसित कएल जायत। एतय आगंतुक कें मनोरंजनक संग-संग पर्यावरण शिक्षा आ विलुप्त जीव-जगतक इतिहासक प्रामाणिक जानकारी सेहो भेटत।

पर्यटकक सुविधा लेल ग्लास ब्रिज सं डायनासोर पार्क धरि विशेष 'डिनो थीम टॉय ट्रेन' चलयबाक प्रस्ताव अछि। एहि ट्रेन सं बच्चा आ परिवार प्राकृतिक नजाराक आनंद लैत पार्क धरि पहुंचि सकत।

पर्यटकक संख्या बढ़त

डायनासोर पार्क शुरू भेला सं राजगीर नेचर सफारीक क्षमता सेहो दोगुना होयत। वर्तमान मे प्रतिदिन करीब एक हजार सैलानी एतय पहुंचैत छथि। एकरा बढ़ा कए प्रतिदिन दू हजार पर्यटक करबाक योजना अछि।

ग्लास ब्रिज, नेचर सफारी, टॉय ट्रेन आ डायनासोर पार्कक आपस मे जुड़ला सं राजगीर मे प्रकृति, रोमांच आ विज्ञान आधारित पर्यटनक नव सर्किट विकसित होयत। एहि सं पर्यटकक ठहरबाक समय बढ़बाक संग-संग जिलाक राजस्व मे सेहो वृद्धि होयबाक संभावना अछि।

टाल क्षेत्र मे खेत मे भरल गंगाक पानि

200 बीघा मे लागल धानक फसिल 5 फीट पानि मे डूबल

नालंदा, समदिया

नालंदाक लोकाइन आ पंचाने नदी मे गंगाक पानि पहुंचि गेल अछि। सरमेरा प्रखंडक टाल इलाका मे गंगाक बैकवाटर तेजी सं पसरि रहल अछि, जाहि सं बाढ़ि जेकां स्थिति बनि गेल अछि। चेरो पंचायतक पेंदी गांव सं पूर्वी टाल क्षेत्रक खेत धरि करीब 5 फीट तक पानि भरि गेल अछि।

जलस्तर मे अनचोक वृद्धि भेला सं पेंदी आ पुरानी इसुआ गांवक किसानक 200 बीघा सं बेसी क्षेत्र मे लागल धानक फसल पूरा तरहे जलमग्न भए गेल अछि। पेंदी गांवक मुहाना पर बसल कतेको घर चारू दिस सं पानि सं घेराए गेल अछि।

पानिक फैलाव आब पुरानी इसुआ गांव दिस सेहो तेजी सं बढ़ि रहल अछि। स्थिति कें देखैत प्रखंड 20 सूत्री क्रियान्वयन समितिक अध्यक्ष विजय प्रसाद जिलाधिकारी सं प्रभावित क्षेत्र मे फसल क्षतिक शीघ्र सर्वेक्षण करा कए किसान कें उचित मुआवजा देबाक मांग केने छथि।

एक दिस गंगाक पानि सरमेरा मे दहशत पैदा कए रहल अछि, तं दोसर दिस जिलाक अन्य नदी सभ लोक कें पैघ राहति देलक अछि। पश्चिमी क्षेत्रक लोकाइन, भूतही, कड़ुआ आ पूर्वी क्षेत्रक जिरायन, गोइठवा आ सकरी नदीक जलस्तर बहुत नीचां चलि गेल अछि। मध्य हिस्सा सं बहय वाली पंचाने नदी सेहो शांत अछि।

जहानाबाद मे फल्गुक जलस्तर घटलाक बाद उदेरा स्थान बराजक सभ गेट बंद कए देल गेल अछि, जाहि सं लोकाइन मे अतिरिक्त पानिक बहाव रुकि गेल अछि। एहि सं हिलसा, एकंगरसराय आ करायपरसुराय पर मंडरा रहल खतरा टलि गेल अछि। ओतहि, ओंदा गांवक नजदीक टूटल तटबंधक मरम्मति भेला सं दर्जन भरि गांवक ग्रामीण सभ राहतिक सांस लेने छथि।

एहि बीच नूरसराय प्रखंडक नदिऔना पंचायत स्थित सरगांव मे सासी नदी पर बनल छिलका अनचोके टूटि गेल, जाहि सं धानक लेल जरूरी पानि नदी मे व्यर्थ बहि रहल अछि। सिंचाइ ठप भेला सं करीब पांच मौजाक किसानक चिंता बढ़ि गेल अछि।

ग्रामीणक सूचना पर बीडीओ डॉ. जियाउल हक आ सीओ दीपक कुमार घटनास्थलक जायजा लेलनि। सीओ कहलनि जे सिंचाइ आ बाढ़ि नियंत्रण विभागक समन्वय सं युद्धस्तर पर मरम्मति कार्य शुरू करा देल गेल अछि, जाहि सं किसान कें समय पर पटवनक पानि भेटि सकय।

शेखपुरा मे 12 सितंबर कें लागत राष्ट्रीय लोक अदालत

वादक निपटारा लेल 7 पीठक गठन

शेखपुरा, समदिया

शेखपुरा मे 12 सितंबर कें राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कएल जायत। ई लोक अदालत जिला विधिक सेवा प्राधिकरणक दिस सं स्थानीय सिविल कोर्ट परिसर मे लगत। एकरा लेल शेखपुरा जिला विधिक सेवा प्राधिकरणक अध्यक्ष सह प्रधान जिला जज संतोष कुमार तिवारी न्यायिक अधिकारीक अगुआई मे 7 पीठ अर्थात बेंचक गठन केने छथि। मामिलाक निपटारा लेल गठित एहि पीठ सभ मे अधिवक्ता कें सेहो शामिल कएल गेल अछि। जिला न्यायालयक सभ तृतीय आ चतुर्थ श्रेणीक कर्मचारी कें लोक अदालतक दिन भोरे 9:30 बजे पहुंचि कए काज शुरू करबाक आदेश देल गेल अछि। मुदा प्रधान जिला जज संतोष कुमार तिवारी, अनुसूचित जाति-जनजाति उत्पीड़न निवारण अधिनियमक विशेष न्यायाधीश नीरज किशोर आ पॉक्सोक विशेष न्यायाधीश रवींद्र कुमार एहि लोक अदालत मे उपस्थित नहि रहताह। पटना उच्च न्यायालय न्यायिक अधिकारी लेल पटना मे एकटा राज्यस्तरीय कार्यक्रम तय केने अछि। किशोर न्याय सं जुड़ल एहि कार्यक्रम मे शामिल होयबाक कारण ई अधिकारी अनुपस्थित रहताह।

बक्सर मे गंगाक जलस्तर घटय लागल, चेतावनी स्तर सं ऊपर पानि, 25 गामक 9,989 लोक प्रभावित

बक्सर, समदिया

बक्सर जिला मे गंगा नदीक जलस्तर आब लगातार घटि रहल अछि। बुधदिन, 9 सितंबर कें भोरे 10 बजे गंगाक जलस्तर 59.87 मीटर दर्ज कएल गेल। पछिला एक घंटा सं नदीक पानि करीब एक सेंटीमीटर प्रति घंटाक रफ्तार सं घटि रहल अछि। एहि सं बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक लोक कें राहतिक उम्मीद बढ़ल अछि। मुदा जलस्तर एखनहु चेतावनी स्तर सं ऊपर अछि। गंगाक चेतावनी स्तर 59.32 मीटर अछि, जखनकि खतराक निशान 60.32 मीटर अछि। वर्तमान जलस्तर चेतावनी स्तर सं 55 सेंटीमीटर ऊपर आ खतराक निशान सं 45 सेंटीमीटर नीचां अछि। मंगलदिन गंगाक जलस्तर 60.02 मीटर दर्ज कएल गेल छल। तकर बाद सं नदीक जलस्तर लगातार नीचां जा रहल अछि। जिला मे बाढ़िक स्थिति कें देखैत प्रशासन प्रभावित क्षेत्र मे राहति आ बचाव कार्य जारी रखने अछि। बक्सर, चौसा, ब्रह्मपुर, चक्की आ सिमरी अंचलक 12 पंचायतक 25 गांव बाढ़ि सं प्रभावित अछि। एहि क्षेत्र मे करीब 9,989 लोक प्रभावित भेल छथि।

प्रभावित क्षेत्र मे लोकक सुरक्षित आबि-जाइ लेल बुधदिन कुल 27 नाव चलाओल जा रहल अछि। एखन धरि कुल 36 नाव चलाओल जा चुकल अछि। जलस्तर मे कमी भेलाक बावजूद प्रशासन नावक संचालन आ निगरानी मे कोनो ढिलाइ नहि कए रहल अछि।

बाढ़ि प्रभावित परिवार कें बरखा आ पानि सं बचाव लेल पॉलीथीन शीट बांटल जा रहल अछि। एखन धरि कुल 4,980 पॉलीथीन शीट बांटल जा चुकल अछि। ओतहि, मवेशी लेल एखन धरि 65.75 क्विंटल पशुचारा बांटल गेल अछि।

सिमरी अंचल सभ सं बेसी प्रभावित अछि। एतय करीब 5,700 लोकक आबादी प्रभावित भेल अछि आ 12 नाव चलाओल जा रहल अछि। एतय एखन धरि 2,832 पॉलीथीन शीट आ 31.55 क्विंटल पशुचारा बांटल गेल अछि। ओतहि ब्रह्मपुर मे 2,889 लोक प्रभावित भेल छथि। एतय सात नाव चलाओल जा रहल अछि। एकर संग 1,100 पॉलीथीन शीट आ 34.20 क्विंटल पशुचारा बांटल गेल अछि। बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे लोक आ पशुक स्वास्थ्य कें लए प्रशासन संबंधित अधिकारी कें सेहो निर्देश देने अछि। प्रभावित इलाका मे चिकित्सा शिविर आ पशु चिकित्सा शिविर लगयबाक व्यवस्था कएल जा रहल अछि, जाहि सं लोक कें तत्काल स्वास्थ्य सुविधा भेटि सकय आ मवेशीक इलाज आ देखभाल सेहो होय। जलस्तर घटला सं फिलहाल राहतिक संकेत जरूर भेटल अछि, मुदा गंगा एखनहु खतराक निशानक बहुत नजदीक अछि। एहन स्थिति मे प्रशासन प्रभावित गांव मे लगातार निगरानी रखने अछि। अधिकारीक कहब अछि जे जलस्तर मे होमय बला बदलावक अनुसार राहति आ बचाव कार्य आगू सेहो जारी राखल जायत।

अररिया सदर अस्पताल मे सर्जरीक सुविधा बढ़ल, रेफरल घटला सं रोगीक खर्च बचल

अररिया, समदिया

अररिया सदर अस्पताल मे इलाज आ सर्जरीक सुविधा बढ़लाक असर आब देखाइ पड़ि रहल अछि। पछिला तीन मास मे ऑपरेशनक संख्या लगातार बढ़ल अछि। जून मे 263 ऑपरेशन भेल छल, जखनकि अगस्त मे ई संख्या बढ़ि कए 528 धरि पहुंचि गेल। एकर अर्थ अछि जे रोगी कें जिला मुख्यालय मे बेसी इलाजक सुविधा भेटि रहल अछि।

अस्पताल प्रशासनक अनुसार, सरकारक नीति जिला स्तर पर रोगी कें बेसी सं बेसी इलाजक सुविधा देबाक अछि। एहि लेल डॉक्टरक संख्या बढ़ाओल गेल अछि आ विशेषज्ञ सेवाक विस्तार कएल गेल अछि। अररिया सदर अस्पताल मे ईएनटी आ ऑथोपेडिक जेकां सेवा मजबूत भेल अछि। एहि सं एहन रोगी कें सेहो एतहि इलाज भेटि रहल अछि, जिनका पहिने दोसर शहर रेफर करय पड़ैत छल। सदर अस्पतालक प्रभारी उपाधीक्षक डॉ. राजेंद्र प्रसाद कहलनि जे गंभीर रोगी कें पहिने अस्पताल मे स्थिर कएल जा रहल अछि। जरूरत भेलापर मात्र हुनका रेफर कएल जाइत अछि। अस्पताल मे ऑपरेशन थिएटर आ जरूरी संसाधन कें नीक बनयबाक सेहो प्रयास कएल गेल अछि।

विविध

मैग्नीशियमक कमी कें हलुक लेनाइ पड़ि सकैत अछि भारी, बुझू किएक जरूरी अछि ई पोषक तत्व

भारतीय लोक मे विटामिन आ मिनरल्सक कमी एकटा सामान्य समस्या बनि गेल अछि। अधिकांश लोक विटामिन डी आ बी12क कमी पूरा करबाक पर ध्यान दैत छथि। मुदा शरीर लेल जरूरी मैग्नीशियम पर सेहो ध्यान देनाइ आवश्यक अछि। ऋचा शर्मा, कंसल्टेंट डायटेटिक्स, कैलाश दीपक हॉस्पिटल, कहैत छथि जे शरीर मे मैग्नीशियमक कमी भेला सं मांसपेशी मे ऐंठन, टांग मे खिंचाव, दर्द, मरोड़, थकान आ कमजोरी रहय लगैत अछि।

मैग्नीशियमक कमी सं की कैंसरक डर रहैत अछि? एहि संबंध मे लोकक बीच एहि तरहेक प्रश्न सेहो उठैत अछि। एहि लेख मे विशेषज्ञक माध्यम सं एकरा सं जुड़ल किछु महत्वपूर्ण बात बुझू।

मैग्नीशियमक कमी पर शरीर दैत अछि संकेत

विशेषज्ञ कहैत छथि जे जखन शरीर मे मैग्नीशियमक कमी होइत अछि, तखन शरीर किछु संकेत देबय लगैत अछि। हालांकि शुरूआत मे एहि संकेत कें बुझनाइ सदिखन आसान नहि होइत अछि। जरूरत सं बेसी थकान वा कमजोरी महसूस भए सकैत अछि, भूख कम लागि सकैत अछि, मतली भए सकैत अछि अथवा मांसपेशी मे ऐंठन आ खिंचाव महसूस भए सकैत अछि।

किछु लोक कें हाथ-पैर मे झनझनाहट वा सुन्नपन सेहो महसूस भए सकैत अछि। मुदा जं कमी बहुत बढ़ि जाए, तं एकर असर नस, मांसपेशी आ हृदयक काज करबाक तरीका पर सेहो पड़ि सकैत अछि।

किछु गंभीर मामिला मे दौरा पड़ि सकैत अछि अथवा हृदयक धड़कन अनियमित भए सकैत अछि। मैग्नीशियम शरीर मे कैल्शियम आ पोटैशियम जेकां मिनरल्सक संतुलन बना रखबा मे सेहो मदति करैत अछि। तें जं ई लक्षण लगातार बनल रहय, तं एकरा नजरअंदाज करबाक बदला जांच करब जरूरी अछि।

की मैग्नीशियमक कमी सं कैंसरक खतरा बढ़ैत अछि?

एकरा सावधानी सं बुझनाइ जरूरी अछि। एखन धरि ई नहि कहल जा सकैत अछि जे मैग्नीशियमक कमी सीधा तौर पर कैंसरक कारण बनैत अछि। हालांकि, किछु शोध मे मैग्नीशियमक कम स्तर आ किछु प्रकारक कैंसरक खतरा बीच संभावित संबंधक चर्चा कएल गेल अछि। मैग्नीशियम शरीर मे सूजन कें नियंत्रित करब, ऑक्सीडेटिव स्ट्रेस कें नियंत्रित रखब आ डीएनएक मरम्मति जेकां प्रक्रिया मे भूमिका निभबैत अछि। जखन एहि प्रक्रिया मे गड़बड़ी होइत अछि, तं ई ओहि स्थिति सं जुड़ि सकैत अछि, जाहि सभक संबंध कैंसरक विकास सं देखल गेल अछि।

मुदा एहि विषय पर शोध एखन पूरा तरहे स्पष्ट नहि अछि आ कतेको प्रश्नक उत्तर भेटब एखन बाकी अछि। तें सीधा संबंध साबित करबाक लेल आरो शोधक आवश्यकता अछि। फिलहाल शरीर मे मैग्नीशियमक सही स्तर बना रखनाइ समग्र स्वास्थ्य लेल जरूरी अछि।

कोन-कोन खाद्य पदार्थ सं भेटि सकैत अछि मैग्नीशियम?

नीक बात ई अछि जे मैग्नीशियम रोजमर्राक कतेको खाद्य पदार्थ सं भेटि सकैत अछि। बादाम आ काजू जेकां नट्स खा सकैत छी। कद्दूक बीज आ तिल जेकां बीज सेहो नीक विकल्प अछि। हरियर पत्तेदार तरकारी, खास कए पालक, मैग्नीशियमक नीक स्रोत अछि। एकर अतिरिक्त बीन्स, चना, दालि आ साबुत अनाज सेहो शरीरक मैग्नीशियमक जरूरत पूरा करबा मे मदति कए सकैत अछि।

बेर-बेर दर्दक गोली खाइत छी? किडनी कें भए सकैत अछि नोकसान, नेफ्रोलॉजिस्ट बतौलनि कारण

सिरदर्द हो, कमर मे दर्द अथवा घुटना आ जोड़ मे परेशानी, कतेको लोक तुरंत राहति पाबय लेल पेन किलर खा लैत छथि। समस्या तखन शुरू होइत अछि, जखन दर्दक ई गोली जरूरत सं बेसी आ बेर-बेर लेल जाए लगैत अछि। दर्द किछु समय लेल कम भले भए जाए, मुदा पेन किलरक लगातार उपयोग किडनी पर असर कए सकैत अछि। खास बात ई अछि जे किडनी कें होमय बला शुरूआती नोकसान कतेको बेर कोनो लक्षणक बिना बढ़ैत रहैत अछि।

डॉ. एल. के. झा, प्रिंसिपल डायरेक्टर, नेफ्रोलॉजी एंड रेनल ट्रांसप्लांट, यशोदा मेडिसिटी, कहलनि जे लंबे समय धरि अथवा जरूरत सं बेसी पेन किलर खेनाइक कारण किडनी प्रभावित होमय बला रोगी क्लिनिकल प्रैक्टिस मे सामने अबैत छथि।

कतेको लोक एक बेर कोनो दर्द लेल दवाइ लेनाइ शुरू करैत छथि आ बाद मे ओहि तरहेक दर्द भेलापर डॉक्टरक सलाहक बिना ओही दवाइ कें फेर खाइत रहैत छथि। डॉ. झा बतौलनि जे किछु दर्दक दवाइ किडनी मे होमय बला रक्त प्रवाह कें प्रभावित कए सकैत अछि। जं एकर लंबे समय धरि अथवा गलत तरीका सं उपयोग कएल जाए तं किडनीक कार्यक्षमता पर असर पड़ि सकैत अछि। खतरा सभ व्यक्ति मे एक समान नहि होइत अछि, मुदा किछु लोक कें विशेष सावधानी बरतबाक जरूरत अछि।

डायबिटीज आ हाई ब्लड प्रेशरक रोगी मे पहिनहि सं किडनी पर दबाव पड़बाक आशंका रहैत अछि। एहि स्थिति मे बिना सलाह पेन किलर खेनाइ खतरा बढ़ा सकैत अछि। बुजुर्ग आ पहिने सं किडनीक बेमारी सं जूझि रहल लोक कें सेहो दवाइ लेबाक समय विशेष सावधानीक जरूरत होइत अछि। डॉ. प्रजीत मजुमदार, सीनियर कंसल्टेंट, नेफ्रोलॉजी एंड रेनल ट्रांसप्लांट, यशोदा मेडिसिटी, कहलनि जे जं शरीर मे पानिक कमी अछि, तखन सेहो किछु पेन किलर किडनी लेल परेशानी पैदा कए सकैत अछि। उल्टी-दस्त, तेज बोखार अथवा पर्याप्त पानि नहि पिबयक स्थिति मे डॉक्टरक सलाहक बिना दर्दक दवाइ खेनाइ उचित नहि मानल जाइत अछि। किडनी कें नोकसान पहुंचबाक शुरूआत मे अक्सर कोनो स्पष्ट लक्षण नहि होइत अछि। कतेको लोक कें एकर जानकारी तखन होइत अछि, जखन दोसर कोनो बेमारीक जांचक दौरान क्रिएटिनिन बढ़ल भेटैत अछि अथवा किडनीक कार्यक्षमता कम पाओल जाइत अछि।

तें मात्र एहि आधार पर निश्चित नहि होमय चाही जे कोनो परेशानी महसूस नहि भए रहल अछि, तं दवाइ सुरक्षित अछि। जं दर्द बेर-बेर भए रहल अछि तं ओकर कारण जाननाइ जरूरी अछि।

होर्मुज मे अमेरिका–ईरान फेर आमने–सामने, सऊदी पर हूतीक हमला, भारतक बढ़ि सकैत अछि परेशानी

नई दिल्ली, एजेंसी

मध्य-पूर्व मे जारी संघर्षक बीच अमेरिका आ ईरान फेर आमने-सामने आबि गेल अछि। अमेरिकाक सेना मंगलदिन ईरानक कच्चा तेल लए जा रहल टैंकर पर हमला कएलक, जखन कि हूती विद्रोही सऊदी अरबक ऊर्जा ढांचाक ठिकाना सभ कें निशाना बनौलनि। एहि घटनाक बाद अंतरराष्ट्रीय बाजार मे क्रूड ऑयलक दाम मे तेज वृद्धि देखल गेल अछि। ब्रेंट क्रूड ऑयलक दाम करीब 100 डॉलर प्रति बैरल धरि पहुंचि गेल अछि। मध्य-पूर्वक संघर्ष मे ई एकटा नव आ गंभीर टकराव मानल जा रहल अछि। तेलक दाम बढ़बाक प्रमुख कारण मे फारसक खाड़ी मे अमेरिका-ईरानक तनाव आ यमन मे सऊदी अरब आ हूती विद्रोहीक बीच चलि रहल संघर्ष प्रमुख अछि। एहि बीच रूस-यूक्रेन युद्ध सेहो जारी अछि। अमेरिकाक सेंटकॉमक अनुसार, अमेरिकी सेनाक कारबाइ मे ईरानक पांचटा कच्चा तेलक टैंकर नष्ट कएल गेल। ई कारबाइ इस्लामिक रिवॉल्यूशनरी गार्ड कोर द्वारा पछिला दू दिन मे दू बेर बैलिस्टिक मिसाइल सं अमेरिकी युद्धपोत पर हमला करबाक जवाब मे कएल गेल। अमेरिकाक हमलाक बाद कच्चा तेलक दाम मे तेज उछाल आयल। अंतरराष्ट्रीय मानक ब्रेंटक दाम सोमदिनक बंद भाव सं 2.4 प्रतिशत बढ़ि कए 99.34 डॉलर प्रति बैरल भए गेल। मंगलदिन भोरक कारोबार मे दाम मे 1.5 प्रतिशतक आरो वृद्धि भेल आ ई 99.44 डॉलर प्रति बैरल धरि पहुंचि गेल। अमेरिका आ ईरानक बीच बढ़ैत तनावक कारण अगस्तक अंत सं तेलक दाम लगातार चढ़ि रहल अछि। जूनक मध्य मे दुनू देशक बीच समझौता भेलाक बाद किछु समय लेल तनाव कम भेल छल, मुदा आब फेर स्थिति गंभीर भए गेल अछि। एहि सं पहिने अप्रैलक अंत मे ब्रेंटक दाम 126 डॉलर प्रति बैरल धरि पहुंचि गेल छल। जुलाई मे ई घटि कए करीब 70 डॉलर प्रति बैरल भए गेल छल।

भारतक बढ़त परेशानी : क्रूड ऑयलक दाम मे लगातार वृद्धि भारतक अर्थव्यवस्था पर सीधा असरि दए सकैत अछि। भारत अपन आवश्यकताक करीब 90 प्रतिशत तेल आयात करैत अछि। एहन स्थिति मे क्रूड ऑयल महग भेलाक अर्थ अछि जे समान मात्रा मे तेल किनबाक लेल भारत कें पहिने सं बेसी डॉलर खर्च करय पड़त। दुनियांक तेसर सभ सं पैघ तेल आयातक देश भारत अंतरराष्ट्रीय बाजार मे कच्चा तेलक दाम मे होइत उतार-चढ़ाव सं सीधा प्रभावित होइत अछि। विश्लेषक सभक अनुसार तेलक दाम लगातार बढ़ला सं भारतक डॉलर मे होइत आयात खर्च बढ़त। एकर असरि व्यापार संतुलन पर पड़ि सकैत अछि आ भारतीय रुपैया पर सेहो दबाव बढ़ि सकैत अछि। महग क्रूड ऑयलक असरि पेट्रोल-डीजल, परिवहन आ ऊर्जा सं जुड़ल अन्य खर्च पर पड़बाक संग घरेलू महंगाई सेहो बढ़ि सकैत अछि। अखन देश मे पेट्रोल आ डीजलक खुदरा दाम मे तीन मास सं बेसी समय सं कोनो परिवर्तन नहि भेल अछि। पछिला बेर 25 मई मे दाम मे संशोधन कएल गेल छल। तखन पेट्रोल 2.61 रुपैया प्रति लीटर आ डीजल 2.71 रुपैया प्रति लीटर महंग भेल छल। क्रूड ऑयलक बढ़ैत दामक असरि इंडियन ऑयल कॉरपोरेशन, भारत पेट्रोलियम कॉरपोरेशन लिमिटेड आ हिंदुस्तान पेट्रोलियम कॉरपोरेशन लिमिटेड जेहन ईंधन कंपनिक लाभांश पर सेहो पड़त। समाचार एजेंसी पीटीआइक अनुसार, पश्चिम एशिया मे संकट बढ़लाक बाद तेलक दाम बढ़लाक पूरा बोझ ग्राहक पर नहि दए सकबाक कारण ई कंपनी पहिनहि सं संचित घाटाक सामना कए रहल अछि।

क्रूड ऑयलक दाम करीब 100 डॉलर प्रति बैरल धरि पहुंचल

एक-दोसर पर हमला जारी : ईरान समर्थित हूती विद्रोही मध्य-पूर्व मे ऊर्जा ढांचाक विभिन्न ठिकाना सभ कें निशाना बना रहल अछि। एकर कारण तेल आपूर्तिक संकट आरो गहींर होयबाक आशंका अछि। एहि परिस्थितिक असरि वैश्विक अर्थव्यवस्था पर पड़ि रहल अछि। महगाई बढ़बाक संग बांड बाजार मे बिकवाली सेहो तेज भेल अछि। सेंटकॉमक अनुसार, जाहि टैंकर सभ पर हमला कएल गेल, ओ सभ ईरानक ओहि गुप्त तंत्रक हिस्सा छल जे आइआरजीसी आ ओकर क्षेत्रीय सहयोगी सभ कें आर्थिक सहायता उपलब्ध करबैत अछि। अमेरिकी सेनाक अनुसार हमला करबाक पहिने टैंकरक चालक दल कें जहाज छोड़बाक लेल कहल गेल छल। ई टैंकर ईरानक प्रमुख तेल निर्यात केंद्र खार्ग द्वीपक लग मे निशाना बनाओल गेल। सेंटकॉमक अनुसार ईरान द्वारा बैलिस्टिक मिसाइल सं निशाना बनाओल गेल अमेरिकी युद्धपोत सुरक्षित रहल आ कोनो अमेरिकी सैनिक घायल नहि भेल।

अमेरिका पछिला चारि दिन मे आठटा ईरानी तेल टैंकर पर हमला कएलक अछि। शनिदिन अमेरिका कहने छल जे तेहरान द्वारा दूटा अमेरिकी युद्धपोत पर मिसाइल दागलाक बाद तीनटा ईरानी कच्चा तेलक टैंकर कें निशाना बनाओल गेल। सेंटकॉमक अनुसार एकटा पोत आ गाइडेड-मिसाइल डेस्ट्रॉयर ईरानक हमला सं बचि गेल। ईरानी रिवॉल्यूशनरी कोर कहलक अछि जे ईरानी तेल टैंकर पर अमेरिकाक टटका हमलाक जवाब मे दूटा अमेरिकी जहाज आ आठटा तेल टैंकर कें निशाना बनाओल गेल आ ओकरा सभ कें भारी क्षति पहुंचाओल गेल। संगठन इहो कहलक अछि जे होर्मुज जलडमरूमध्यक प्रतिबंधित आ असुरक्षित क्षेत्र पार करबाक प्रयास कएनिहार दसटा जहाज कें सेहो निशाना बनाओल गेल। बुधदिन भोर मे ईरानी पक्ष दावा कएलक जे जॉर्डन स्थित अमेरिकी अल-अजराक हवाई अड्डा पर बैलिस्टिक मिसाइल सं हमला कएल गेल। ओकर अनुसार, हमला मे रखरखाव आ मरम्मत करबाक हैंगर, तैयारी संबंधी सुविधा आ लड़ाकू विमानक आश्रयस्थल सभ कें निशाना बनाओल गेल।

100 डॉलर पार करबाक आशंका : विश्लेषक सभ आब एहि वर्षक शेष अवधि आ 2027 लेल कच्चा तेलक दामक अनुमान बढ़ाबय लागल छथि। एकर मुख्य कारण ई आशंका अछि जे मध्य-पूर्व मे तेल आ गैसक आपूर्ति मे आयल बाधा दीर्घकाल धरि बनल रहि सकैत अछि। यूरेशिया ग्रुप चेतावनी देने अछि जे चीन मे तेलक मांग मे सुधार आ मध्य-पूर्वक जारी गतिरोधक कारण निकट भविष्य मे क्रूड ऑयलक दाम 100 डॉलर प्रति बैरल सं ऊपर जा सकैत अछि। हूती द्वारा सऊदी अरब पर हमला एहन समय मे बढ़ाओल गेल अछि, जखन होर्मुज जलडमरूमध्य मे जहाजक आवाजाही पर खतरा बनल अछि। एकर असरि सऊदी अरबक पूर्वी तट पर स्थित तेल टर्मिनल सभ सं तेल बाहर पठेबा पर पड़ि रहल अछि। एहि पूरा परिस्थितिक बीच भारत लेल सभ सं पैघ चिंता क्रूड ऑयलक बढ़ैत दाम अछि। जं तेलक दाम दीर्घकाल धरि बेसी रहल, तं आयात खर्च बढ़बाक संग महंगाई, रुपैया आ व्यापार घाटा पर सेहो दबाव बढ़ि सकैत अछि।

वादा सं मुकरलाह सीएम थलपति विजय?

चेन्नई, एजेंसी

तमिलनाडुक मुख्यमंत्री सी. जोसेफ विजय अपन पहिल वादा सं पाछां हटैत देखाइ पड़ि रहल छथि। यद्यपि ओ एहि योजना कें पूरा करबाक सं इनकार नहि कएलनि अछि, मुदा जाहि समय सं योजनाक शुरूआत करबाक घोषणा कएल गेल छल, आब ओ समय पर ई योजना शुरू नहि भए सकत। तमिलनाडु मे सरकार बनेलाक बाद विजय एकटा नव योजनाक घोषणा कएलनि छल। थाइमामन थंगा मोथिरम थिट्टम अर्थात मामाक दिस सं सोनाक औंठी योजना अंतर्गत नवजात बच्चा सभ कें सोनाक औंठी देबाक प्रावधान अछि। एहि योजनाक शुरूआत 15 सितंबर सं होयबाक छल, मुदा मुख्यमंत्री विजयक व्यस्त कार्यक्रमक कारण एकर शुरूआत आब टलि गेल अछि। तमिलनाडु सरकारक दिस सं योजना देर सं शुरू करबाक कारण सेहो स्पष्ट कएल गेल अछि। मुख्यमंत्री विजयक भरोसाक पात्र आ राज्यक स्वास्थ्य मंत्री के. जी. अरुणराज कहलनि जे मुख्यमंत्री विदेश यात्रापर जा रहल छथि। निवेश आकर्षित करबाक लेल ई यात्रा आवश्यक अछि। एहि कारण 15 सितंबर कें मुख्यमंत्री देश मे उपस्थित नहि रहताह। एही कारण योजनाक शुरूआत मे किछु विलंब भेल अछि। मुदा आब ई योजना कोन तिथि सं शुरू होयत, एहि संबंध मे सरकारक दिस सं कोनो आधिकारिक जानकारी नहि देल गेल अछि।

15 सितंबर कें नवजात कें नहि देताह सोनाक औंठी

योजनाक शर्त मे सेहो बदलाव? : 15 सितंबर सं शुरू होमयबला योजना टललाक बाद लोकक मन मे ई प्रश्न उठि रहल अछि जे की योजनाक नियम मे सेहो कोनो परिवर्तन कएल गेल अछि। सरकार तारीखक अतिरिक्त अन्य कोनो बदलाव सं इनकार कएलक अछि। एकर अर्थ अछि जे 22 जून 2026, अर्थात मुख्यमंत्री विजयक जन्मदिन सं राज्यक सरकारी अस्पताल मे जन्म लेल सभ नवजात बच्चा कें सोनाक औंठी देल जायत। प्रत्येक बच्चा कें एक ग्राम वजनक हॉलमार्क औंठी देबाक प्रावधान अछि। सरकारक उद्देश्य लोक कें सहायता देब आ सरकारी अस्पतालक सुविधा बढ़ा कए लोक कें ओतहि प्रसव करबाय लेल प्रोत्साहित करब अछि। एकरा अतिरिक्त सोनाक औंठी देला सं मुख्यमंत्री विजयक मामाक छवि मजबूत करबाक प्रयास सेहो मानल जा रहल अछि।

विपक्षी दलक निशाना पर थलपति विजय : अभिनेता सं नेता आ फेर मुख्यमंत्री बनल थलपति विजय लगातार विपक्षी दल सभक निशाना पर छथि। ओ डीएमकेक विरुद्ध मोर्चा खोलने छथि आ डीएमकेक शीर्ष नेतृत्व पर भ्रष्टाचार मे संलिप्तताक आरोप सेहो लगा चुकल छथि। दोसर दिस, हुनकर पार्टी हुनका लगातार प्रधानमंत्री पदक चेहरा रूप मे प्रस्तुत करबाक प्रयास करैत अछि। एहि कारण कांग्रेसक संग सेहो राजनीतिक समीकरण मे असहजता देखबाक लेल भेटि रहल अछि।

ट्रंप आ पुतिनक बीच एक घंटा धरि फोन पर भेल बात

वाशिंगटन, एजेंसी। रूसी राष्ट्रपति व्लादिमीर पुतिन आ अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक बीच मंगलदिन करीब एक घंटा धरि दूरभाष पर वार्ता भेल। ई बात एहन समय मे भेल अछि, जखन अमेरिका रूस-यूक्रेन युद्ध समाप्त करय लेल अपन कूटनीतिक प्रयास तेज कए रहल अछि। दुनू नेता बीच यूक्रेन युद्ध आ हालहि मे अमेरिकी अधिकारी सभक मॉस्को आ कीव यात्राक मुद्दा पर प्रमुख रूप सं चर्चा भेल। अमेरिकी राष्ट्रपतिक विशेष दूत स्टीव विटकॉफ आ जेरेड कुशनर हालहि मे मॉस्को आ कीवक यात्रा केने छलाह। एहि यात्रा कें ट्रंप प्रशासन द्वारा रूस आ यूक्रेनक

बीच शांति समझौता कराबय दिस एकटा नव पहलक रूप मे देखल जा रहल अछि। क्रेमलिनक विदेश मामिलाक सलाहकार यूरी उशाकोव कहलनि जे दुनू नेता बीच स्पष्ट आ खुलल बातचीत भेल। हुनकर अनुसार, पुतिन आ ट्रंप अमेरिकी दूत सभक यात्रा सं निकलल परिणाम पर अपन-अपन विचार साझा कएलनि। पुतिन ट्रंप कें यूक्रेनक मोर्चा पर वर्तमान स्थिति सं अवगत करौलनि। ओ ईहो बतौलनि जे युद्ध कें शीघ्र समाप्त कराबय मे अमेरिका वास्तव मे कोन कदम उठा सकैत अछि। रूस लगातार युद्धक मैदान मे अपन स्थिति मजबूत रहबाक दावा करैत रहल अछि। मॉस्कोक कहब अछि जे ओकर सेना विभिन्न मोर्चा पर आगू बढ़ि रहल अछि आ युद्धक सैन्य लक्ष्य पहिने जकां कायम अछि। वार्ताक क्रम मे पुतिन यूरोपक संबंध मे रूसक स्थिति सेहो स्पष्ट कएलनि।

'ई केहन दादागिरी अछि?'... भाषणक बीच चीन थमौलक पर्ची

नई दिल्ली, एजेंसी

फिलिपींसक रक्षा मंत्री मंच सं पढ़ि चीन कें केलनि बेनकाब

दक्षिण कोरिया मे आयोजित एकटा अंतरराष्ट्रीय रक्षा शिखर सम्मेलनक दौरान तखन नाटकीय स्थिति उत्पन्न भए गेल, जखन फिलिपींसक रक्षा मंत्री गिलबर्टो सी. तेओदोरो कें भाषण देबाक समय अनचोके चीन दिस सं एकटा पर्ची थमा देल गेल। एहि पर्ची मे दक्षिण चीन सागर कें लए कए बीजिंगक रुख आ दावाक विवरण देल छल। मंचे पर चीनी दूतावासक अधिकारी सभक एहि व्यवहार सं रक्षा मंत्री तेओदोरो आक्रोशित भए गेलाह। ओ खुलल मंच सं चीनक इच्छा पर प्रश्न उठौलनि आ ओकरा पर धौंस जमाबय, दादागिरी करय आ आक्रामकता देखेबाक आरोप लगौलनि।

की अछि पूरा मामिला? : अंतरराष्ट्रीय रक्षा मंच पर तेओदोरो क्षेत्रीय सुरक्षा आ संप्रभुताक विषय पर अपन विचार राखि रहल छलाह। तखने चीनक प्रतिनिधिमंडल दिस सं हुनका लग एकटा पर्ची पठाओल गेल। एहि मे दक्षिण चीन सागर पर चीनक रुखक उल्लेख छल। तेओदोरो सभक सामने पर्चीक चर्चा करैत कहलनि जे खुलल आ लोकतांत्रिक मंच पर एहि तरहें दबाव बनेबाक प्रयास चीनक अनुचित व्यवहार कें दर्शाबैत अछि। फिलिपींसक रक्षा मंत्रीक आरोप छल जे चीन पूरा दक्षिण चीन सागर पर अपन एकतरफा आ अवैध अधिकार जताबय चाहैत अछि। हुनकर अनुसार, चीनक ई दावा अंतरराष्ट्रीय कानून आ संयुक्त राष्ट्र समुद्री कानून, अर्थात यूएनसीएलओएसक प्रावधानक उल्लंघन अछि।

दक्षिण चीन सागर मे किएक बढ़ल तनाव? : पछिला किछु मास मे दक्षिण चीन सागरक विवादित सेकंड थॉमस शोल आ स्कारबोरो शोल लग फिलिपींस आ चीनक तटरक्षक जहाज सभक बीच कतेको बेर तनावपूर्ण टकराव भेल अछि। फिलिपींसक अनुसार, चीनी जहाज सभ ओकरा सभक पुन:आपूर्ति कएनिहार नाव पर पानीक बौछार करबाक, लेजर प्रकाश सं चालक दल कें परेशान करबाक आ टक्कर मारबाक प्रयास कए चुकल अछि। फिलिपींस चीनक एहि कारबाइक विरोध करैत रहल अछि। ओकरा अमेरिका, जापान, ऑस्ट्रेलिया आ दक्षिण कोरिया जेहन देश सभक रणनीतिक समर्थन सेहो प्राप्त अछि।

अफगान छात्र पर पाकिस्तानक कारबाइ 20 सं बेसी मेडिकल छात्र हिरासत मे

लाहौर, एजेंसी

पाकिस्तानक पंजाब प्रांत मे अफगान मेडिकल छात्र सभक विरुद्ध पुलिसक कारबाइ तेज भए गेल अछि। बहावलपुर स्थित कायद-ए-आजम मेडिकल कॉलेज सं 20 सं बेसी अफगान मेडिकल छात्र कें पुलिस हिरासत मे लेने अछि। पुलिसक आरोप अछि जे ई छात्र पाकिस्तान विरोधी प्रचार मे संलग्न छलाह। एहि संग किछु छात्र पर वीजा नियमक उल्लंघनक आरोप सेहो लगाओल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, छात्र सभ कें कॉलेज परिसर सं हिरासत मे लेल गेल। अधिकारीक कहब अछि जे ई कारबाइ पाकिस्तान विरोधी मानल गेल गतिविधिक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक हिस्सा अछि। पुलिसक दावा अछि जे किछु अफगान छात्र पाकिस्तान विरोधी विचार कें बढ़ावा दए रहल छलाह।

पुलिसक आरोप, ई छात्र सब पाक विरोधी गतिविधि मे शामिल छल

वीजा उल्लंघनक आरोप : पुलिस अधिकारी सभक अनुसार, हिरासत मे लेल गेल किछु छात्र समाप्त भए चुकल वीजा पर पाकिस्तान मे रहि रहल छलाह। प्रचार गतिविधि आ आव्रजन नियमक उल्लंघनक आरोप मे छात्र सभक विरुद्ध कानूनी कारबाइक आदेश देल गेल अछि। पुलिसक कहब अछि जे छात्र सभ कें मात्र हुनकर राष्ट्रीयताक कारण निशाना नहि बनाओल गेल, बल्कि कारबाइ पाकिस्तानी कानूनक कथित उल्लंघन आ देश विरोधी मानल गेल गतिविधि मे संलिप्तताक आधार पर कएल गेल अछि।

अफगान छात्र पर बढ़ल निगरानी : पाकिस्तान मे अफगान नागरिक, विशेष कए मेडिकल छात्र सभ पर निगरानी पहिने सं बेसी कड़ा भेल अछि। सरकार वैध दस्तावेज वा समाप्त वीजा पर रहनिहार अफगान नागरिकक विरुद्ध पहिने सेहो कारबाइ आ निष्कासन अभियान चला चुकल अछि। किछु दिन पहिने पाकिस्तान मेडिकल एंड डेंटल काउंसिल मेडिकल आ डेंटल संस्थान सभ कें निर्देश देने छल जे वर्तमान सत्र मे अफगान नागरिक कें नव प्रवेश, स्थानांतरण वा अन्य सुविधा नहि देल जाए आ पहिने सं नामांकित छात्र सभक वापसी सुनिश्चित कएल जाए। बहावलपुरक टटका कारबाइ कें अफगान मेडिकल छात्र पर बढ़ैत दबावक हिस्सा मानल जा रहल अछि। हालांकि, पुलिस द्वारा लगाओल गेल प्रचार आ वीजा उल्लंघनक आरोपक स्वतंत्र रूप सं पुष्टि एखन धरि नहि भेल अछि।

यूएस ओपन: बेन शेल्टन कएलनि पैघ उलटफेर क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे अल्काराज कें हरौलनि

बेन शेल्टन बुध कें यूएस ओपन 2026 मे पैघ उलटफेर कएलनि। रोमांच सं भरल क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे शेल्टन मौजूदा चैंपियन कार्लोस अल्काराज कें 6-7(5), 6-1, 6-3, 1-6, 7-6(10/7) सं हराकए टूनार्मेंट सं बाहर कए देलनि। शेल्टन चारि घंटा 28 मिनट धरि चलल एहि मोकाबला मे अपन करियरक सभ सं पैघ जीत दर्ज करबाक संगहि मेजर टूनार्मेंट मे स्पेनिश खेलाड़ी अल्काराजक लगातार 18 जीतक सिलसिला सेहो तोड़ि देलनि। ई मैच यूएस ओपनक इतिहास मे सभ सं बेसी देर धरि चलय बला मोकाबला रहल। मैचक अंत मे बेन शेल्टन 146 मील प्रति घंटाक रफ्तार सं ऐस सर्विस कए अपन जीत पक्का कएलनि। एहि सं पहिने सभ सं देर सं समाप्त होय बला मैचक रिकॉर्ड कार्लोस अल्काराजक नाम छल। दू वर्ष पहिने ओ क्वार्टर फाइनल मे यानिक सिनर कें पांच सेट धरि चलल रोमांचक मोकाबला मे हरौलनि।

मॉन्ट्रियल मे अपन दोसर एटीपी मास्टर्स 1000 खिताब जीतनिहार बेन शेल्टन अल्काराज कें हराकए पहिल बेर हार्ड कोर्ट मेजर टूनार्मेंटक सेमीफाइनल मे जगह बनौलनि। कार्लोस अल्काराज चोटिक कारण करीब चारि मास बाद कोनो पैघ टूनार्मेंट मे खेलि रहल छलाह। एहि बावजूद ओ शानदार प्रदर्शन कएलनि आ क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचबाक क्रम मे मात्र एक सेट हारल छलाह। मुदा बेन शेल्टन हुनकर खिताब बचेबाक अभियान पर रोक लगा देलनि। अल्काराज एहि बेर अपन आठम ग्रैंड स्लैम खिताब जीतबाक आ यूएस ओपनक खिताब लगातार दोसर बेर जीतबाक प्रयास मे छलाह। जं ओ एहन करय मे सफल होइताह, तं रोजर फेडररक बाद यूएस ओपन ट्रॉफी सफलतापूर्वक बचेनिहार पहिल पुरुष खेलाड़ी बनि जाइताह। स्पेनक ई खेलाड़ी अपन आठम मेजर खिताब जीतबाक आ रोजर फेडररक बाद यूएस ओपनक खिताब बचेनिहार पहिल पुरुष खेलाड़ी बनेबाक प्रयास मे छलाह। अल्काराज मेजर टूनार्मेंट मे लगातार 18 जीतक सिलसिला लए क्वार्टर फाइनल मोकाबला मे उतरल छलाह। ई हुनकर एखन धरि सभ सं नीक प्रदर्शन रहल, जाहि मे 2025 यूएस ओपनक जीत आ एहि वर्ष ऑस्ट्रेलियन ओपनक खिताब सेहो शामिल अछि। ऑस्ट्रेलियन ओपन जीतिकए ओ करियर ग्रैंड स्लैम पूरा कएनिहार सभ सं कम उम्रक पुरुष खेलाड़ी बनल छलाह। शेल्टन आब सेमीफाइनल मे 11म वरीयता प्राप्त फ्रांसिस टियाफो सं मोकाबला करताह। दूनू खेलाड़ी अपन पहिल मेजर फाइनल मे पहुंचबाक प्रयास करताह।

विमेंस एशिया कप : यूएई कें 34 रन सं हराकय बांग्लादेश सेमीफाइनल मे बनौलनि स्थान

बांग्लादेश विमेंस एशिया कप 2026क 12म मोकाबला मे यूएई कें 34 रन सं हराकए सेमीफाइनल मे पहुंचबाक आखरी टिकट अपना नाम कए लेलनि। ई टीम 10 सितंबर कें सेमीफाइनल-1 मे भारतक सामना करत, जखनकि 11 सितंबर कें सेमीफाइनल-2 मे पाकिस्तानक सामना श्रीलंकाक टीम सं होयत।

मंगलदिन दुबई इंटरनेशनल स्टेडियम मे टॉस हारिकए पहिने बल्लेबाजी करबाक लेल उतरल बांग्लादेशी टीम 7 विकेटक नोकसान पर 103 रन बनौलनि। टीम कें मुकाबलक तेसर गेंद पर दिलारा अख्तर (0)क रूप मे शुरूआती झटका लागल। ओहि समय धरि टीमक खाता नहि खुलल छल। एकर बाद 8 रनक स्कोर पर शोभना मोस्तरी (3) सेहो पवेलियन लौटि गेली।

एहि ठाम सं कप्तान निगार सुल्ताना जुवैरिया फिरदौसक संग तेसर विकेट लेल 37 गेंद मे 29 रनक साझेदारी कए टीम कें 37 रनक स्कोर धरि पहुंचौलनि। फिरदौस 20 गेंद मे 2 चौकाक मदति सं 16 रन बना आउट भेली।

एकर बाद कप्तान निगार सुल्ताना शर्मिन अख्तरक संग चारिम विकेट लेल 15 रनक साझेदारी कए टीम कें अर्धशतकक पार पहुंचा देलनि। सुल्ताना 28 गेंद मे 3 चौकाक संग 23 रन बना आउट भेली।

टीम 52 रनक स्कोर धरि 4 विकेट गमा चुकल छल। एकर बाद 55 रन धरि पहुंचैत-पहुंचैत छठम विकेट सेहो खसल। एतय सं नाहिदा अख्तर शर्मिन अख्तरक संग 43 गेंद मे 42 रनक साझेदारी कए टीम कें कोनो तरहें शतकक नजदीक पहुंचौलनि।

शर्मिन अख्तर 31 गेंद मे 38 रन बना आउट भेली। हुनकर पारी मे 3 चौका शामिल छल। नाहिदा 26 गेंद मे 1 चौकाक संग 16 रन बना नाबाद रहली। विपक्षी टीमक दिस सं सुरक्षा कोट्टे 4 ओवर मे 11 रन दए 3 विकेट लेलनि, जखनकि इंदुजा नंदकुमार 2 विकेट लेलनि। अर्चरा सुप्रिया आ जननी तिरुक्कुमारन कें 1-1 विकेट भेटल।

एकर जवाब मे यूएई निर्धारित 20 ओवर मे 9 विकेट गमा मात्र 69 रन बना सकल। टीम लेल तीर्था सतीश 11 रन आ हीना होटचंदानी 18 रनक पारी खेललली। एहि दूनू छोड़ि कोनो दोसर बल्लेबाज दहाइक आंकड़ा धरि नहि पहुंचि सकली।

बांग्लादेशक दिस सं राबिया खान सभ सं बेसी 3 विकेट लेलनि, जखनकि मारुफा अख्तर आ नाहिदा अख्तर कें 2-2 विकेट भेटल। एकर अतिरिक्त सुल्ताना खातून आ फहिमा खातून 1-1 सफलता हासिल कएलनि।

यूएस ओपन : जेसिका पेगुला सेमीफाइनल मे पहुंचली, एरिना सबालेंका सं होयत मोकाबला

जेसिका पेगुला यूएस ओपन 2026क महिला एकल सेमीफाइनल मे जगह बना लेलनि। आर्थर ऐश स्टेडियम मे खेलल गेल मोकाबला मे पेगुला एमा नवारो कें 2 घंटा 21 मिनट धरि चलल मैच मे 3-6, 6-4, 6-3 सं हरौलनि। जेसिका लगातार तेसर बेर सेमीफाइनल मे पहुंचली अछि।

मुकाबलक शुरूआत मे पेगुला किछु असहज देखाइत छलथि। एमा नवारो हुनका बहुत मुश्किल समय दियौलनि, मुदा पेगुला शानदार वापसी करैत मैच अपन नाम कए लेलनि। जीतक बाद पेगुलाक व्यवहार मे राहति स्पष्ट देखाइत छल। ओ कोर्ट पर मुश्किल परिस्थिति सं लड़बाक बात स्वीकार कएलनि।

पेगुला जीतक बाद कहलनि, "ई वास्तव मे बहुत मुश्किल छल। एतय उमस छल। हम अपन सर्वश्रेष्ठ सर्व नहि कए पा रहल छलहुं। आइ हम बहुत रास मुश्किल परिस्थिति सं लड़ि रहल छलहुं। जेसिका मैच देखबाक लेल पहुंचल प्रशंसक सभक धन्यवाद कएलनि। ओ कहलनि, एतय अएबाक लेल अहां सभ कें बहुत-बहुत धन्यवाद। अहां सभक सामने खेलब सम्मानक बात अछि। एकरा सं बढ़ि कए किछु नहि अछि। अमेरिकी खेलाड़ी जेसिका पेगुलाक करियर मे ई कुल चारिम ग्रैंड स्लैम सेमीफाइनल अछि। ओ एहि वर्षक शुरूआत मे ऑस्ट्रेलियन ओपन मे सेहो आखरी चारि मे पहुंचल छलथि। अपन पहिल ग्रैंड स्लैम खिताबक तलाश मे जुटल पेगुला कें सेमीफाइनल मे कठिन प्रतिद्वंद्वी भेटल अछि। सेमीफाइनल मे हुनकर मोकाबला पिछला दू बेरक चैंपियन एरिना सबालेंका सं होयत। सबालेंका लिंडा नोस्कोवा कें हराकए सेमीफाइनल मे जगह बनौलनि। ओ लगातार तेसर बेर खिताब जीत सं आब दू जीत दूर छथि। सबालेंका आ पेगुलाक बीच ई रोमांचक मोकाबला 2024क फाइनल जकां होयत, जाहि मे सबालेंका जीतल छलथि। पेगुलाक विरुद्ध सबालेंकाक रिकॉर्ड 9-4क अछि। जं पेगुला यूएस ओपन जीतैत छथि आ एलेना रयबाकिना अपन सेमीफाइनल हारि जाइत छथि, तं पेगुला डब्ल्यूटीएक नंबर 1 रैंकिंग हासिल कए सकैत छथि।

25 वर्षीय अमेरिकी एमा नवारोक पास 2024क बाद एक बेर फेर सेमीफाइनल मे पहुंचबाक मौका छल, मुदा हुनकर हमवतन पेगुला हुनकर रास्ता रोकि देलनि।

पाकिस्तानक बल्लेबाज गुल फिरोजा पर आईसीसीक कारबाइ, मैच फीसक 10 प्रतिशत जुर्माना

महिला एशिया कप 2026 मे पाकिस्तान क्रिकेट टीमक प्रदर्शन निराशाजनक रहल अछि। एहि बीच पाकिस्तानक शीर्ष क्रमक बल्लेबाज गुल फिरोजा पर अनुशासन तोड़बाक लेल मैच फीसक 10 प्रतिशत जुमार्ना लगाओल गेल अछि। एकर संगहि हुनकर रिकॉर्ड मे एक डिमेरिट अंक सेहो जोड़ल गेल अछि। दरअसल, गुल फिरोजा सोमदिन दुबई मे हांगकांगक विरुद्ध मैचक दौरान ऑन-फील्ड अंपायर द्वारा एलबीडब्ल्यू आउट देल गेल निर्णय पर अपन असहमति जतौलनि। मामिला पाकिस्तानक पारीक पांचम ओवरक छल। फिरोजा बाम हाथक कलाई स्पिनर कैरी चैनक टॉस-अप डिलीवरी कें स्वीप करबाक लेल नीचां गेली। एना बुझायल जे ओ गेंद सं चूक गेली आ गेंद स्टंपक सामने हुनकर पैड मे लागल। ऑन-फील्ड निर्णय आउट छल। टूनार्मेंट मे डीआरएसक उपयोग नहि होयबाक कारण फिरोजा कें पवेलियन लौटय पड़ल। पवेलियन जाइत समय फिरोजा अंपायरक निर्णय पर अपन असहमति जतौलनि आ एहि कारण आईसीसी हुनका विरुद्ध अनुशासनात्मक कारबाइ कएलक। आईसीसीक अनुसार, फिरोजा ऑन-फील्ड अंपायरक निर्णय पर अपन असहमति जतबैत अपन बल्ला दिस इशारा कए कहलनि जे एज लागल अछि। हुनकर व्यवहार आईसीसी प्लेयर्स लेल कोड ऑफ कंडक्टक अनुच्छेद 2.8क उल्लंघन छल। 24 मासक अवधि मे ई फिरोजाक दोसर गलती छल। एहि कारण हुनकर कुल डिमेरिट अंकक संख्या दू भए गेल। फिरोजा एशिया कपक दौरान कोड ऑफ कंडक्ट तोड़बाक लेल दोषी ठहराओल जाएबाली पाकिस्तानक दोसर खेलाड़ी बनि गेली। एहि सं पहिने हुनकर कप्तान फातिमा सना पर सेहो मैच फीसक 10 प्रतिशत जुमार्ना लगाओल गेल छल।

जूनियर एशिया कप हॉकी : अनमोल एक्काक छह गोलक मदति सं भारतीय पुरुष टीम सेमीफाइनल मे पहुंचल

डिफेंडिंग चैंपियन भारत बुध कें एतय अपन आखरी पूल-ए मोकाबला मे चीनी ताइपे कें 15-0 सं आसानी सं हराकए एएचएफ जूनियर एशिया कप 2026क सेमीफाइनल मे जगह बना लेलनि। भारतक दिस सं कप्तान अनमोल एक्का छह गोल कएलनि। एक्का अपन सभ गोल पेनल्टी कॉर्नर सं कएलनि। हुनकर गोलक बदौलत भारत बिना गोल बला शुरूआती क्वार्टर कें एकतरफा मोकाबला मे बदलि देलक। एहि जीतक संग भारत तीन जीत आ एक ड्रॉ सं 10 अंक लए पूल-ए मे शीर्ष स्थान पर पहुंचि गेल। मोकाबला मे भारत गेंद पर अपन दबदबा बनौने रहल आ शुरूआती 15 मिनट मे कतेको मौका बनौलनि, मुदा चीनी ताइपेक मजबूत डिफेंस कें भेदि नहि सकल।

आखिर 17म मिनट मे भारत कें सफलता भेटल, जखन आर्यन जेस पहिल गोल कएलनि। एक मिनट बाद प्रभदीप सिंह बढ़त कें दोगुना कए देलनि। 22म मिनट मे गुरसेवक सिंह स्कोर 3-0 कए देलनि। एकरा तीन मिनट बाद एक्का अपन पहिल पेनल्टी कॉर्नर कें गोल मे बदललनि। अर्जुन संतोष हरगुडे 28म मिनट मे एक आओर गोल कएलनि आ किछुए देर बाद एक्का फेर गोल कए देलनि। एहि तरह भारत हाफ टाइम धरि 6-0क बढ़त बना लेलनि। तेसर क्वार्टर पूरा तरहे भारतक नाम रहल। एक्का लगातार दू शुरूआती पेनल्टी कॉर्नर कें गोल मे बदलि अपन हैट्रिक पूरा कएलनि आ तकर बाद एक आओर गोल कए अपन गोलक संख्या चारि कए देलनि। अजीत यादव सेहो 35म मिनट मे गोल कएलनि। एकर बाद एक्का 45म मिनट मे फेर गोल कए अपन स्कोर पांच कए देलनि आ भारत कें डबल फिगर मे पहुंचा देलनि। आखरी क्वार्टर मे हरपाल 48म मिनट मे गोल कएलनि। तीन मिनट बाद एक्का एक आओर सफल पेनल्टी कॉर्नरक माध्यम सं गोल कए अपन शानदार छह गोलक आंकड़ा पूरा कएलनि। हरपाल एकर तुरंते बाद अपन दोसर गोल कएलनि, जखनकि आर्यन जेस मैच मे अपन दोसर गोल कए भारत कें 15-0 सं शानदार जीत दिला देलनि। भारतीय टीम ग्रुप स्टेज मे अपराजित रहैत सेमीफाइनल मे जगह बना लेलनि। दक्षिण कोरिया जापान कें 3-2 सं हराकए नौ अंकक संग ग्रुप सं दोसर सेमीफाइनल स्थान हासिल कएलक। जापान, इंडोनेशिया आ चीनी ताइपे खिताबक दौड़ सं बाहर भए गेल आ आब क्लासिफिकेशन मोकाबला मे खेलत।

वर्ष 17, अंक 03 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेड:** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053